# МАХ ДУГ




Аланыстоны саргъуыды

9
2022





# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

**Редакция**
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Редактор отдела прозы – Борис ГУСАЛОВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

**Редакционный совет**
Гастан АГНАЕВ, Руслан БЗАРОВ,
Зелим ВАТАЕВ, Клавдия ДЖУСОЕВА,
Станислав КАДЗАЕВ, Анатолий КУСРАЕВ,
Анжела КУДЗОЕВА

Владикавказ,
2022

# МАХ ДУГ

**9**
2022

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Прозæйы хайады редактор – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

**Редакцион совет**
АГЪНАТЫ Гæстæн, БЗАРТЫ Руслан,
УАТАТЫ Зелим, ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪАДЗАТЫ Станислав, КЪУСРАТЫ Анатоли,
КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ

Дзæуджыхъæу,
2022

# НОМЫРЫ ИС:


**ТЕТЦОЙТИ ТАЙМУРАЗ: 100 АЗЫ**

ТЕТЦОЙТИ Таймураз. Хуæнхаг цæвгæ дунгау мæ зæрдæ. *Æмдзæвгитæ* ... 6

**ЧЕРЧЕСТЫ ХЪАСБОЛАТ: 75 АЗЫ**

ЧЕРЧЕСТЫ Хъасболат. *Радзырдтæ* .................................................. 13

Æмдугоны хъуыдытæ… ........................................................................ 32

**ПОЭЗИ ÆМÆ ПРОЗÆ**

КЪАДЗАТЫ СТАНИСЛАВ. Уæлхурæй дæлхурмæ. *Æмдзæвгæтæ* ....... 39

ЦОМАРТАТЫ Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ. *Роман. 3-аг чиныг* ........... 48

АЛАНТЫ Рæстдзинæ. Хуыцауы комытæф. *Æмдзæвгæтæ* ...................... 89

ЦГЪОЙТЫ Хазби. Рагбонты фыстæджытæ. *Новеллæ* ....................... 97

**АЛАНЫСТОНЫЛ САРГЪУЫДЫ 1100 АЗЫ БОНМÆ**

Борис СИНАНОВ. «Аргъуанты революци» æмæ нырыккон дуг. *Уац* ..... 110

**КРИТИКÆ ÆМÆ ПУБЛИЦИСТИКÆ**

БЕЗАТЫ Фаризæ. Лæгау лæгтæ. *Уац* ................................................. 116

**НÆ РАЗАГЪДЫ ЛÆГТÆ**

ТЪЕХТЫ Тамерлан. Уды хъарм. *Уац* .................................................. 120

**АИВАД, КУЛЬТУРÆ**

Аланты удварны хæзнатæ ...................................................................... 128

**«МАХ ДУГ»-ы РАВДЫСТ**

**БАКÆСÆМ НÆ ХУРТЫ ХУРТÆН**

Еленæ МИХАЛЕНКО. *Радзырдтæ сывæллæттæн* ......................... 129

**ХЪÆЛДЗÆГ ХАБÆРТТÆ**

ХЪАУЫРАТЫ Дауыр. Буска æмæ иннæтæ. *Радзырдтæ* .................. 137

**МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ** .................................................... 143

# ТЕТЦОЙТИ ТАЙМУРАЗ: 100 АЗЫ



**(1922 – 2010 )**

*Хуарз, æма æй мæ зæрдæ амад*
*уарзт æма стур фæразондзийнадæй,*
*уомæн дæн тухгиндæрбæл нимад*
*æнæуод дор æма æфсæйнагæй.*

# ХУÆНХАГ ЦÆВГÆ ДУНГАУ МÆ ЗÆРДÆ

* * *

Бæлццон силгоймагау бæласæ лæууй
Фæснад гæни хуми кæронмæ.
Бæрзонд нартихуармæ цибæлæй кæсуй,
Æ сæр ку бателуй бæлццонмæ.

Æ фарсмæ – цъæх хумтæ, æ сæрмæ – цъæх арв
Низзарун æрвонг æй лæфийнæй.
Зиннуй æ сифтæрти æзмæлди æ йарф
Нимæхсгæ æрхун, æ ниццийнæ.

Тæвди æ ауони æрбадуй бæлццон,
Слæууй æвеппайди къæвдай дæр.
Сæттуй нин нæ уæгæ, дæттуй нин æнцон,
Фал ами кæцæй фæззиндтайдæ?

Кæд кизгæ, сæ хумтæй сæхемæ цæугæй,
Бæлццон лæгти къуарбæл фембалдæй
Æма син над ратгæй, гъе уоци лæугæй,
Цъæх бæрзæ бæласæ фестадæй.

* * *

*Васойæн*

Мæ гъудитæ ‘ма мæ фæндтæ
кæд бавдесдзæнæн, мæ хор,
цума мæнæ хонхи цæндтæй
ист дзæнгъатæ ‘ма æддор.

Æз сæ ‘взарун тæлфгæ одæй,
æхсирау сæ фæлсодзун:
сæ рæсугъд унбæл н‘ ауодун, –
се ‘цæгдæр унбæл содзун.

Мæ гъудибæл æнæ дауæй,
куд хъæмай финдзбæл, куд уа,
гъавгæ-гъавгæй, къох æрдауæн,
зæрди ‘й куд хæссæн, куд дуа.

Æцæг цард си куд æмбоха
æд бауарзт æма гъуддаг,
гъæлæсидзаг ниббогъ-богъау,
гъæлæсидзаг ниххудтау.

* * *

Уауу, куд баргъæвстæй мæ зæрдæ
уазал уодти фудгъизтæй,
соцъа уодти фудæфхуæрдæй,
хахур уодти æлгъистæй!

Ку мæ ‘ртавуй еске цитæ
цæстингас æма цъухæй,
уæд мæ зæрди хæкъурццитæ
ниууорамун ма тухæй.

Фал мин еске ку райдайуй
æцæг лæги ‘гъдау дæттун,
уæд мæ зæрди салд ратайуй,
‘ма фурцийнæй искæун.

Кæмæн нæбал ес дзилагæ,
æ фиддæлти коймæ дæр
ка никкæнуй æрдеуагæ,
никкæун уоййау æз дæр.

* * *

Нæдæр лимæн, нæдæр уарзон,
нæдæр хæстæг, нæдæр бæлццон –
мæнмæ маке цæуæд абони.
Еске уинун мæ нæ фæндуй,
маст мæ гъе уотæ æнсæндуй, –
мæ рист маке гъæуæд абони.

Æз уæхе къохæй дæн нигæд,
æма уæбæл мæ дуар – æхгæд.
Мæ ном маке сзæгъæд абони.
Нур мæн фæндæуй еунæг ун
‘ма мæхе хæццæ еу лæг ун, –
мæнмæ маке здæхæд абони.

Мæ рист мæ зæрди æвгæнон.
Мæ маст мæхеми æхгæнон –
мæ рист маке гъæуæд абони.
Æз мæхе хæццæ дзордзæнæн.
Мæхе мæхемæ сордзæнæн.
Мæнмæ маке ‘рцæуæд абони.

* * *

Нур мæнбæл фæхходæнтæ лæгдæртæ:
æз кудтæн, цæстисугтæ калдтон, –
хуæздæрбæл ку нимадтай æндæрти,
мæн ку ‘нгъалдтай зæнхæмæ калд дон.

Ку нæ кастæ мæ гъæрмæ фæстæмæ, –
дæ фæсте æнгъæлдзауæй цудтæн, –
уæд лигъдтæн гъæурæбуни фæзтæмæ,
хæкъурццæй, æстур гъигæй кудтæн.

Мæ кæун ба адтæй уотæ сосæг, –
фæнди богъ-богъ, фæнди хæкъурццæй, —

некæддæр мæ фæцæй еу игъосæг.
Уинæг дæр мæ, æдта, нæ фæцæй.

Еци ставд, еци гъар цæстисугтæ
зинаргъдæр сугъзæрийнæй мæнæн.
Ка мин загъта æнæ дузæрдугæй
нæййес, дан, æцæг лæгæн кæуæн?

* * *

Ци кæнон ма, куд цæрон ма?
Уод къарцау иссæй унгæг.
Мæйи скастæй мæн æрбонмæ
нæбал ахæссуй хуссæг.

Цидæр рæсугъд, цидæр изæд,
цидæр лæфинхуз базуг
алли сæумæ, алли изæр
мæ цæститæбæл гъазуй.

Ци зæрдесгæ ‘й, ци, æ тавгæ
зæрдæ змæлди уæнгæ раст,
зæрдæлвасгæ ‘ма æ гъавгæ
сау цæстити æрбакаст.

Нæ фæсмæрун, нæ уинун æй,
Уомæн неци лæдæрун.
Фал цума мæн æ цæрунæй
æрмæст йе кæнуй цæрун.

* * *

Ӕдта ци рохс æма ци бæлдæ! –
Дæу фæууинун мæ куд фæндуй!
Хуæнхаг цæвгæ дунгау мæ зæрдæ
Йе фурæзнæтæй æзмæнтуй.

Метин уазали сабуйради
цæун гъунгти дæу агор,
цума рæстзæрдæ æстуйради
æма адзали къæбæргор.

Кæнун æфсæрми мæ цибæлæй, –
цума ме 'гадæмæ цæун,
бæллун де 'мбæлдмæ фудæнгъæлæй
ма, сувæллонау, искæун.

Фал цæбæл геун æцæгæй дæр,
кæд еске рази æппундæр
дæумæ не 'ндеун сосæгæй дæр
еу ести сдзорун, – кæсун дæр!

## НЕКУМÆ КÆНУН ХÆЛÆФ

Æз кумæ тундзон, мæгур,
кумæ уайон фæдесонæй?
Æзинæй фуддæр – мæ нур,
мæ нурæй фуддæр ме 'сон æй.

Æз кумæ тундзон, мæгур,
кумæ уайон фæдесонæй? –
Æнæуод кæд æй мæ нур,
æнæуоддæр кæд ме 'сон æй.

Уарзт кæми нæййес, уордæмæ
нæ фæндæуй мæн цæун,
уомæ гæсгæ зæруæрдæмæ
размæ цæугæй, искæун.

Исревæд æнцæ хизинтæ,
нæбал ес ми нифси цъиртт.
Мæ фæсте – æрмæст мæ зинтæ,
разæй ба – æрмæст мæ цирт.

# ЧЕРЧЕСТЫ ХЪАСБОЛАТ: 75 АЗЫ



**(1947 )**

*Азтæ... Азтæ... Уыдонмæ дзæгъæл хатыртæ нæй. Гъе, æрмæст сæм хъулон митæ дæр ис. Иутæн цæргæ-цæрæнбонты уæззау уаргъ фæхæссын кæнынц, иннæтæн та сæ къух уазал доны атулын дæр нæ бауадзынц...*

# ÆМГАРЫ РИС

Ныр дыккаг бон иу очерк ныффыссынил архайын, хæсты чи хæцыд, ахæм лæгыл, фæлæ мын раст цыма хинтæ счындæуыди, уыйау ын нæ хæст кæнын йæ райдайæныл. Æрбадын стъолы уæлхъус. Гъа, ныр райдайон фыссын, зæгъгæ, афтæ та ме уæнгты цавæрдæр пъæззы ныббады, фыссæнсис дæр хуырым галау йæ фындз ныццæхгæрмæ кæны æмæ нал – размæ, нал – фæстæмæ.

Нæ та рæстмæ кæны абон дæр мæ хъуыддаг. Мæнæ сфæлдыстадон уæлтæмæн, зæгъгæ, кæй хонынц, уый мæм æмгæрон нæ цæуы. «Гъемæ, уæдæ, нæй æмæ нæй!» – рамæсты дæн мæхимæ æмæ мæ фыр катайæ уынгмæ рахызтæн.

Цæуын сабыр къæхдзæфтæй. Хæхты ‘рдыгæй хатгай рауылæн кæны уазал дымгæ. Йæхи мæстыйæ ахафы, фæззыгон бæлæстыл ма цы иугай сыфтæртæ аззад, уыдоныл. Сисы сæ йæ уæлныхты æмæ сæ мæстæймарæгау куы иуырдæм, куы иннæрдæм аскъæфы. Бæлæсты къалиутæй йын фæхицæн кæнын цы сыфтæртæ нæ бакомынц, уыдонмæ та цыма афтæ ныртхъирæн кæны: «Цы... Цы ма ныхъхъæддых кодтат сымах та уæхи? Ныр... ныртæккæ уын æз фенын кæндзынæн!.. Рæстæджы ныхмæ æрлæууын Нарты гуыппырсартæн куынæ бантыст, уæд ма сымах та?!.»

Æваст мын мæ хъуыдыты хал фескъуыдтой музыкæйы зæрдæриссæн, æнтъыснæг зæлтæ. Мæнæ Плиты Иссæйы уынджы æнкъардæй æрцæуынц мæрддзыгой адæм. Кæстæртæ хæссынц зианы чырын. Музыкæйы зæрдæуынгæггæнæг зæлтæм æмæ сылгоймæгты хъарæгмæ ме уæнгтæ барызтысты.

Чырыны разæй хастой марды къам. Базыдтон æй. Хæрз æрæджы дæр ма нæм нæ газеты редакцийы уазæгуаты уыд. Бæрзонд, хæрзконд ирон зæронд лæг. Фæлæуу-ма, кæд уыдис? Æртæ боны размæ. О, о, æртæ боны размæ. Уый, æфсæрмыгæнгæ, байгом кодта мæ кусæн уаты дуар. Йæ цæсгом – цикъæйау фæлурс. Кодта тыхулæфт. Куыддæр ныфсæрмытæ. Ризгæ къухтæй systа йæ бухархуд. Зæрдиагæй цыдæр зæгъынмæ хъавыд, фæлæ йæ бон нæ уыд. Йæ цæстæнгасыл зынд, цыдæр æвирхъау бæллæх ыл кæй æрцыд, уый.

«Æвæццæгæн дзы кæстæртæй исты мæт бацыд», – ахъуыды кодтон мæхинымæр æмæ йæ къæлæтджын бандоныл æрбадын кодтон.

– Буз... Бузныг, мæ хур, – арф ныуулæфгæйæ мын раарфæ кодта. – Æз Гæгæрцаты Ахмæт дæн. Пенсиисæг. Дæ хорзæхæй, бахатыр мын кæн. Мæ зæрдæйы ахæм стыр мæт бацыд, æмæ диссаг. Дæс æмæ мыл æртиссæдз азæй фылдæр цæуы, æмæ зындзинæдтæ, мæстытæ дæр куыннæ федтаин. Гъе фæлæ абоны хуызæн мæстджын никуыма сдæн. Æмæ кæмæ? Мæ хуыздæр хæлармæ. Раст дын куы зæгъон, уæд æй хи æфсымæрæй фылдæр уарзтон. Иумæ схъомыл стæм. Мæнæ куыд фæзæгъынц, иу хæдон дæр нын уæрæх уыд, афтæ хæлар æмæ æнгомæй фæцардыстæм. Иу зул, иу схуыст ныхас не 'хсæн никуы æрцыдис. Фæлæ мын уый абон цы бакуыста, уый æгæр диссаг у... Мæ фыны дæр мæ никуы бауырныдтаид, Амырхан йæ сæрмæ ахæм æгады хабар æрхæсдзæн, уый.

«Цымæ йын уагæры цавæр фыдбылыз сарæзтаид, Амырхан, зæгъгæ, кæмæй зæгъы, уый», – хъуыдыты ацыдтæн мæхимидæг.

– Нæ зонын, нæ зонын, куыд дын æй зæгъон? – арф ныуулæфгæйæ та загъта зæронд лæг. – Цæй, хабар дын сæрæй радзурон. Иу ныхасæй, мæ хуыздæр хæлар, йæ мыггаг дын нæ зæгъын, Амырхан æмæ æз иумæ кусæм æхсæвгæстæй. Дыууæйæ дæр пенсийы стæм, уæдæ мах хуызæн дыууæ къодах лæгæн хуыздæр куыст чи дæтты. Иу бон уый фæкусы, иннæ бон та – æз. Хъомыл дæр иу хъæуы, иу сыхбæсты кодтам. Уæдæ скъолайы дæр суанг цыппæрæмтæм иумæ цыдыстæм. Ацы фыдгулы хæст куы райдыдта, уæд нæ тохы фæндæгтæ дæр иу уыдысты. Хæсты хъæбатыр лæгтæ куыннæ федтон, фæлæ дын æргом куы зæгъон, уæд дзы Амырханы хуызæн æхсарджын хæстонтыл арæх нæ сæмбæлдтæн. Дыууæйæ дæр сгарджытæ уыдыстæм. Нæ командир-иу Амырханы æппæтæй тæссагдæр рæттæм æрвыста. Уымæн æмæ зыдта, уый хуызæн иннæ хæстонтæй бардзырд кæй ничи сæххæст кæндзæн.

Æз дзы кæддæриддæр мæ сæр бæрзæндты хастон. Хæст куы фæцис, уæд мæнæн мæ риуыл уыд æрмæстдæр иунæг хæрзиуæг – Намысы æртыккаг къæпхæны орден. Уымæн та æрмæст ордентæ саккаг кодтой фондз, майдантæ та – авд æви асты бæрц. Хæсты фæстæ нæ хъæуы уынгты куы æрцæйцыдыстæм, уæд æз хуымæтæджы хъал уыдтæн Амырханæй. Йе 'ртиваг, тæмæнтæкалæг цырыхъхъыты хъыррыст ма абон дæр мæ хъусты зæлы. Уыцы хæрзконд, аив, фæтæнуæхск сержант æгас хъæуы фидауц уыдис.

Уæдæй нырмæ бирæ азтæ рацыд. Абоны онг ыл никуы фæхудт

мæ зæрдæ. Фæлæ мын ныр цы стыр зын скодта, ахæм нырма ничи. Фæлтау мын хъама мæ зæрдæйы куы ныссагътаид, уæд мын бирæ æнцондæр уыдаид.

Уыцы ныхæстæ ахæм уынгæг хъæлæсæй загъта, æмæ йæхæдæг дæр йæхи нал баурæдта. Йæ цæстытæ доны разылдта æмæ та мæ хатыртæ курыныл схæцыдис.

– Дæ хорзæхæй, бахатыр кæн, фæлæ дын уæддæр уагæры цавæр маст бауагъта дæ рагон æрдхорд дæ зæрдæйы? – бафарстон зæронд лæджы.

– Уый æнхъæл ын никуы уыдтæн. Амырхан æртæ боны куыстмæ нæ рацыд. Кæд, зæгъын, мыййаг, рынчын фæцис, зæгъгæ, абон сфæнд кодтон йæ бабæрæг кæнын. Æмæ цæй рынчын æмæ цæй цыдæр! Фæл... Фæлтау мæ дыууæ цæсты куы рахаудаиккой, æмæ йæ æз уыцы уавæры куынæ федтаин! Цы æгаддзинад æрхаста йæ сæрмæ, уый дæр дын зæгъон. Фæцæуын. Уалæ горæты сæрмæ цы стыр галуантæ (дачæтæ) аразынц æхцаджын адæймæгтæ, ууылты, æмæ дын иу æртæуæладзы-гон агъуысты цур куы фенин ахæм ныв: ресторан «Физонæггæнæн»-ы хицау Æстъолты Цæрай йæ бинонтимæ йæ зæрдæйы дзæбæхæн уым физонджытæ куы кæнид. Йæ ус æви йын чи уыдис, Хуыцау йæ зонæг, иу цалдæр æрыгон сылгоймагимæ магнитофон баифтыгъутой æмæ, уымæ хъусгæйæ, цавæрдæр æнахъинон кафт кодтой. Цæрай дæр сæм иуварсæй мидбылхудгæ каст æмæ-иу, музыкæйы зæлтæм хъусгæйæ, сабыр хъæлæсæй базарыд.

Æз дардæй дæр базыдтон Цæрайы. Ме 'нæзонгæ, мыййаг, куынæ уыд. Лæгæвзарæн тохмæ нæ цæуын куы хъуыд, уæд фæсчъылдымы йæхицæн хъарм бынат бацагуырдта. Немыцæн сусæгæй æххуысгæнæгæй ныллæууыд. Куыд дзурынц, афтæмæй бирæ сыгъдæгзæрдæ адæймæг-ты фехстой знæгтæ Ирыстоны зæххыл ацы цъаммар калмы æвзаджы ардыдæй. Хæст куы фæцис, уæд та йæхи хæсты ветеран рахуыдта. Фæстаг азты та йæ цæсгом ноджы тынгдæр суагъта. Йе 'лгъаг митæ йын чи зыдта, уыдонæй бирæтæ æгас нал сты, æмæ ныр йæ риуыл ордентæ, майдантæ æрсадзы, афтæмæй горæты уынгты сæрыстырæй æрцæйцæуы. Йæ гæнæнтæ æмæ авналæнтæ та ноджы фæуæрæхдæр сты мæнæ æргом ныхас æмæ демократийы рæстæг. Скодта стыр ресторан «Физонæггæнæн» æмæ стигъы адæмы.

О, уый цыфæнды дæр кæнæд, фæлæ мæн æппæтæй тынгдæр уыцы æвирхъау ныв амардта: кæд æмæ Цæрайы цæхæрадон белæй къахта Амырхан!

Мæнæн, мæстæй хæлгæйæ, иу сныхас кæнын дæр мæ бон нал ссис, афтæмæй Амырханы къухтæй бел ратыдтон æмæ йæ иуварс фехстон.

– Уый... Уый цы ми кæныс, Амырхан?! – мæ тых-мæ бонæй йыл ныхъхъæр кодтон. – Æз дæ кæддæриддæр мæ сæр бæрзæндты куы хастон, уæд ды ахæм æгады ми цæмæн кæныс? Цæмæн худинаг кæныс хæстон лæджы сыгъдæг цæсгом? Æви дæ сæрызонд фæцыдис? Æз та афтæ æнхъæлдтон, æмæ рынчын дæ... Ай та уæртæ æххуырсты кæмæдæр куы бацыдис... Уымæ – кæмæ? Худинаг, худинаг, Амырхан!..

Амырхан иу хъыпп-сыпп не скодта. Йæ къæхтæ бадзой-дзой кодтой. Æрбадт хуымгæрон, арф ныуулæфыд, æнкъард цæстытæй мæм æрбакаст æмæ афтæ:

– Мæ хъалæй нæ къахын кæйдæр цæхæрадон, ме ‘рдхорд. Дæ фарн бирæ, фæлæ мæ нæ дыууæ лæппуйы баййардтой, исты хуызы, дам нын хорз куыст ссар, æмæ... Дæхæдæг нæ зоныс, цавæр рæстæг цæрæм, уый? Гъемæ мын мæнæ Цæрай зæрдæ бавæрдта, уымæн нæ горæты хицауад иууылдæр йæ зонгæтæ сты, æмæ, дам дын æз феххуыс кæндзынæн. Уымæ гæсгæ йын æз дæр...

Дарддæр йæ бон сдзурын ницыуал ссис Амырханæн. Йæ цæстытæ доны разылдта, афтæмæй ныдждджих зæхмæ.

– Абонæй фæстæмæ мæнæн æрдхорд, æмгар нал ис! – фæхъæр ыл кодтон мæ тых-мæ бонæй æмæ уыциу цыдæй ардæм рацыдтæн. Гъе ‘рмæст цæмæн, уымæн мæхæдæг дæр ницы зонын. Иу хатт ма мын бахатыр кæн, дæ хорзæхæй. Зæххыл уымæй зындæр ницы ис, æмæ адæймаг куы фæхицæн вæййы йæ хорз æмгарæй. Уæлдайдæр та мæ карæны.

Уазæг сыстад. Йæ уымæл цæстытæ къухмæрзæнæй асæрфта. Иу хатт ма мæ хатыр ракуырдта æмæ уынгмæ ахызт. Мæ хъустыл ма ауадысты, цæугæ-цæуын ризгæ хъæлæсæй цы ныхæстæ загъта, уыдон: «Ехх, Амырхан, цы мын бакуыстай, цы...»

Ногæй та райхъуыст музыкæйы æнкъард цагъд. Мæ хъуыдыты хал та æрдæгыл фескъуыд. Иу хатт ма фæкомкоммæ дæн, æртæ боны размæ мæ кусæн уаты цы бæрзонд, хæрзконд зæронд лæг бадт, уый къаммæ æмæ та хъуыдыты ацыдтæн.

Мæсты кодтон мæхимæ, цæуылнæ йын истæмæй феххуыс кодтон, зæгъгæ, фæлæ йын цы мæ бон уыдис. Хъуыдытæ... Хъуыдытæ... Æвæдза, диссаг у цард: æмгары зæрдæ кæй фæриссын кодта ацы

лæг, уыцы рис нып йæхимæ райста æмæ æнафоны ахицæн йæ рухс дунейæ. Рухсаг у.

Цæуын мæрддзыгой адæмы фæстæ æз дæр æнкъардæй. Нал æмæ нал æнцайы фæззыгон дымгæ дæр. Йæ удæй бацыд æмæ нал ауæрды, бæлæсты къалиутыл ма цы иугай сыфтæртæ аззад, уыдоны тагъддæр къабузтæй ратонынил. Ныффуттытæ кæны, ныууигъы, ныттилы æнæбон къалиуты æмæ, уæлахиз йæ къухы куы бафты, уæд та уыцы хъалхуызæй ногæй атындзы, иннæ бæлæстыл ма цы сыфтæртæ аззад, уыдонæй дæр йæ маст райсынмæ...

## ДЗИБЫЛ ÆМÆ ГИБЫЛ

Гъе ме 'рдхорды гæбаз Дзибыл, фæстагдæр хатт ма дæ дзыхмæ нозт кæд схастай, уый хъуыды кæныс? – фæрсы йæ Гибыл.

– Тæккæ дысон.

– Æмæ ныр дæ сæр нæ риссы?

– Бæргæ риссы, фæлæ мæ дзыппы иу сау суари дæр нæй, – æнкъардæй загъта Дзибыл.

– Абон та цы бон у? – фæрсы йæ Гибыл.

– Фыццæгæм апрель.

– Куыд?.. фыцц... Фыццæгæм апрель?

– О, фыццæгæм апрель...

– Гъе уæдæ дæ хъуыддаг раст – дæ хъул сах абадт!

– Уæд цæмæй? – фæрсæгау æм бакаст Дзибыл.

– Тæккæ абон æз æмæ ды минасы фынгыл баддзыстæм.

– Нæ дæ 'мбарын... Куыд, кæм? – йæ цыбæл былтæ æвзаджы кæрæттæй асдæрдта Дзибыл.

– Куыд кæм? Уæлæ нæ сæрмæ цыппæрæм уæладзыджы чи цæры, уыдонмæ, Аслæмырзæйы фæрныг хæдзары...

– Дæхи æрræвдз кæн, зымæгон мит кæмæй нæ рантысдзæн, уыцы Аслæмырзæ дын стыр фынгтæ куыннæ æрцараздзæн?!

– Уæдæ ма-иу кæс!

– Хынджылæг мæ кæныс æви?

– Уанцон хынджылæг нæу...

– Уæдæ?

– Уæдæ-уæрæйдæ. Хъусгæ кæн.

– Хъусын.

– Аслæмырзæйы, кæй зæгъын æй хъæуы, хорз зоныс?

– Æгæр дæр ма: чъынды, фыдзæрдæ...

– Йæ бар – йæхи, фæлæ, йæ бакомкоммæ чи цæры, уый дæр, кæй зæгъын æй хъæуы, зоныс?

– Бечмырзæйы? Уый та – уымæй фыддæр... Къæбæр раттыны бæсты йын йæ цæст акъах...

– Уымæн дæр йæ бар – йæхи... Махæн та абон, фыццæгæм апрелы, Аслæмырзæйы къухæй фæйнæ æнæ бануазгæ нæй.

– Бæргæ хорз уаид, фæлæ куыдæй? – йæ комыдæттæ уадысты Дзибылæн.

– Тынг æнцонæй... Ды хорз зоныс, Аслæмырзæйæн Бечмырзæйæ знагдæр кæй нæй, уый... Æмæ абон, фыццæгæм апрелы, сайæн бон, Аслæмырзæмæ хæрзæггурæггаг фæуыдзыстæм, цыма дысон Бечмырзæ дзидзайы комбинатæй æнæхъæн стуры æмбис йæ гаражмæ æрбампъыхта æмæ йын йæ фæд милицæйы кусджытæ базыдтой. Барæй йын зæгъдзыстæм, ацы хабар сыхæгтæ хъус-хъусы кæй дзурынц, уый дæр.

Уайтагъд дыууæ нозтуарзаг хæлары цыппæрæм уæладзыджы балæууыдысты. Рагацау куыд бауынаффæ кодтой, афтæ Аслæмырзæйæн радзырдтой Бечмырзæйы хабар. Аслæмырзæйыл цыма къæвдайы фæстæ хур скаст, уыйау йæ цæстытæ цины æрттывд фæкодтой æмæ уазджыты уайтагъд цæлгæнæны фæмидæг кодта. Фынгыл цæсты фæныкъуылдмæ фæзындысты къуыдырфых дзидза æмæ коньячы авг.

Уазджытæн æмæ фысымæн бацайдагъ зæрдиаг ныхас. Аслæмырзæ иу-дыууæ куы анызта, уæд йæ зæрдæ фæфæлмæн æмæ уазалгæнæнæй райста дыккаг авг дæр.

Басырх сты сæ рустæ Дзибыл æмæ Гибылæн. Хатгай-иу кæрæдзимæ аивæй сæ цæстытæ æрныкъуылдтой æмæ адджынæн хордтой къуыдырфых дзидза коньячы фæстæ.

Йе ‘взаджы нуæрттæ бынтон суæгъд сты Аслæмырзæйæн. Иузаман сыстад æмæ уазджытæн лæгæй-лæгмæ радта йæ нуазæнтæ. Уыдон ын арфæ кæнынмæ хъавыдысты, фæлæ сæ Аслæмырзæ ныхæсты бын фæкодта. Цыма йын Дзибыл æмæ Гибыл йæ риссаг сынкъ ныллæмæрстой, уыйау сæ стыр бузныг уыд.

– Лæг хъуамæ кæддæриддæр лæг уа, мæнæ мæн хуызæн, –

æппæлынтыл схæцыд йæхицæй Аслæмырзæ. – Æз уæртæ мæ сыхаг Бечмырзæйы хуызæн зыдгæнаг нæ дæн. Æз дæр давын. Фæлæ уый хуызæн нæ. Ныр, ахæстоны куы абада, уæд æй бамбардзæн. Алæ-ма, æз æм хæрзæггурæггаг фæуон.

– Алло! Бечмырзæ дæ? – телефоны хæтæлæй йæ сыхагмæ дзуры Аслæмырзæ.

– Уый дæн, цæмæн дæ бахъуыдтæн? – дзуапп ын радта мæсты хъæлæсæй Бечмырзæ...

– Зы... Зын мын у дæ хабар, кæд кæрæдзимæ нæ цæуæм, уæддæр!

– Цавæр хабар?

– Мæнæ дæ дысон дзидзайы комбинатæй стуры раст æмбис дæ гаражмæ ласгæ кæй федтой, уый!

– Чи?.. Чи?.. Цытæ дзурыс? Дæ зонд фæцыдис?..

– Æз ницы дзурын, фæлæ дын æй милицæйы кусджытæ зæгъдзысты... Мæнæ нæ сыхы æндæр кой куы нал ис...

Аслæмырзæ ма Бечмырзæмæ цыдæртæ бæргæ дзырдта, фæлæ бæрæг уыд, Бечмырзæйы къухæй телефоны хæтæл кæй æрхауд, уый.

...Равдæлон æртыккаг авг дæр. Къæсæры тыххæй ма лæугæйæ сæ нуазæнтæ бануæзтой Дзибыл æмæ Гибыл. Буц æмæ разыйæ рацыдысты сæ фысымæй.

Дыккаг бон Дзибыл æмæ Гибылы сæ сæрты рыст ногæй амбæлын кодта.

– Ехх, ныр фæйнæ сæдæйы... – арф ныуулæфгæйæ, сдзырдта Дзибыл.

– Ууыл ма æппындæр ма тыхс, – ныфсытæ йын авæрдта Гибыл.

– Цы та ‘рхъуыды кодтай?

– Цы куы зæгъай, ме ‘рдхорды гæбаз, уæд лæг амалæн у. Абон та Бечмырзæйы хардзæй кæндзыстæм минас.

– Нæ хъазыс?

– Нæ дæ уырны?

– Ницы хуызы...

– Хъус, уæдæ. Ныртæккæ Бечмырзæ уыдзæн тынг тарст, мах ын йæ зæрдæ фæфæлмæн кæндзыстæм. Зæгъдзыстæм, фыццæгæм апрель сайæн бон кæй у, уымæ гæсгæ иучысыл ахъазыдыстæм, æмæ – хатыр. Уый дæр йе ‘муд æрцæудзæн æмæ нын «еблагъуæ мидæмæ» æнæ зæгъгæ нæ фæуыдзæн.

– Уæллæй, лæг дæ æмæ дæхæдæг! – фыр цинæй скафыд Дзибыл,

æмæ дыууæ æрдхорды схызтысты цыппæрæм уæладзыгмæ. Дуары дзæнгæрæгмæ сæм ракаст Бечмырзæйы ус.

– Бечмырзæ хæдзары ис? – афарста йæ Гибыл.

– Бечмырзæ нын, мæ хур, уæртæ нæ фарсмæ цы маргджын калм цæры, уый – Аслæмырзæйы – фæндиаг фæцис, – хъæрæй æмæ мæстджынæй сдзырдта ус. – Уæвгæ йæхи аххос дæр уыд. Нæ мæм хъуыста. Йе ‘мбæлттимæ æндæрæхсæв куыстæй дзидза раластой, æмæ сæ фендæуыд. Йæ цæфыл ма нæ лæг знон милицæмæ бæргæ фæцыд, мæхæдæг мæ рæдыдыл куы басæттон, уæд мæм кæд хуыздæр цæстæй ракæсиккой, зæгъгæ, фæлæ сыл æрхæцыдысты...

Дзибыл æмæ Гибылæн, усы ныхæстæм хъусгæйæ, сæ сæрты рыст æрбайсæфт. Уайтагъд уынджы балæууыдысты.

– Уый дæм диссаг нæ кæсы, мах сайæн боны хъазгæ кодтам, хабæрттæ та æцæг рауадысты, – дзырдта, лæфлæфгæнгæ, Дзибыл Гибылæн.

Фæлæ йын йе ‘рдхорд цы дзуапп радтаид, уый нæ зыдта.

## МАДЫ ЗÆРДÆ

Райсомæй мын чидæр уыцы уæздан хост æрбакодта мæ кусæн уаты дуар. Мидæмæ йын загътон. Æрбахызт, йæ бакастмæ гæсгæ иу-дæс æмæ æртиссæдз азы кæуыл цыдаид, ахæм сылгоймаг. Бацамыдта мын йæхи – Замирæт. Цæры, мæнæ «БАМ» кæй хонынц, уыцырдыгæй.

– Дæ хорзæхæй, бахатыр кæн, – загъта уый, – кæд дын рæстæг ис, уæд хорз уаид, куы мæм байхъусис, уæд. Мæ хъуыдытæ мæнæ мæ тетрады дæр ныффыстон, фæлæ уал дын мæ хабæрттæ раздæр куы радзурин, уый мæ фæнды.

Æз зæронд усæн, нæ, зæгъгæ, куыд хъуамæ загътаин, æмæ ныуагътон мæ кусинæгтæ æмæ йæм мæхи æррæвдз кодтон хъусынмæ.

– Ды мадæлты тыххæй арæх фæфыссыс, æмæ дæм комкоммæ дæр уымæн æрбацыдтæн, – хæстæгдæр мæм æрбабадгæйæ, загъта Замирæт. – Цæвиттон, мæ зæрды дын радзурын ис мæ иу сыхаджы тыххæй. Сыхаджы хорзæн дзы аргъ нæй, зæгъгæ, фæзæгъынц. Зæды хуызæн сыхагæй зыдтой бирæтæ Дзибынаты Манийы. Уый ахæм хæларзæрдæ, кæрдзындæттон æмæ æгъдауылхæст сылгоймаг уыд, æмæ дын фысы комæй хал нæ раластаид. Фæлæ йæ хъысмæт… Устæн цы загъдæуа амæндтæуарæгæн дæр, – мæстыхуызæй йæ хъæлæс фæбæрзонддæр

кодта Замирæт. – О, æмæ дын уый дзырдтон. Хъæды халонау иунæгæй баззад. Нал – мад æмæ фыд, нал – хо, æфсымæр, хæстæг, хион... Фæлæ ма йын Хуыцау уæддæр радих кодта иу амонд. Æнæ байзæддаг нæ фæцис. Хъомыл кодта фырт. Æнæхъæн сыхбæстæй дæр ын фу-фу кодтам йæ бындар, йæ дарæг Аркадийыл. Фæцис институт. Æмæ, дæндæгты дохтыры диплом куы райста, уæд ма Манийы цинæн кæрон кæм уыди. Кæй уыдта, кæуыл æмбæлд, уыдонæн се 'ппæтæн дæр йæ лæппуйæ æппæлыд. Нæ сыхы хистæртæн та зæрдæтæ æвæрдта, йæ лæппу сын лæвар дæндæгтæ кæй скæндзæн, уымæй.

– Дæ хорзæхæй, бахатыр кæн, зæронд дзураг вæййы, – йæ сæрбæттæн фидардæр бабæттæйæ, фæкодта Замирæт æмæ дарддæр йæ ныхас нывæзта. – Аркадийы Мæскуымæ арвыстой. Фыццаг цалдæр азы-иу арæх ссыд йæ мадмæ. Фæлæ йæ фæстаг цалдæр азы бынтондæр нал уыдтам. Манийы-иу куы бафарстам Аркадийæ, уæд-иу нын ахæм дзуапп радта: «Йæ куыстытæ, мæгуыр, йæхицæй фæуæлдæр сты, æмæ йæ мæнмæ дæр нал æвдæлы, нал... Ноджы ма цавæрдæр фирмæ у, фермæ у, нæ зонын, байгом кодта æмæ иуырдæм дæр нал æххæссы...»

Кæддæр-никæддæр йæ мадмæ иу фæззыгон бон фæзындис Аркади. Дынджыр машинæйæ куы рахызт, уæд æй мах зонгæ дæр нал бакодтам. Фыр нæрдæй фæйнæрдæм фæцыди. Не 'ппæтæн дæр фæхъæбыстæ кодта, радта нæ алкæмæн дæр фæйнæ къафетты къоппы, иууылдæр ын стыр арфæтæ фæкодтам. Манийыл, мæгуыр, фыр цинæй хур ракаст, æмæ йæ йæ къах йæ лæппуйы цурæй нал хаста. Ноджы ма нын Аркади афтæ куы загъта, Манийы йемæ Мæскуымæ кæны, уæд нын фыццаг æхсызгон уыдис, фæлæ-иу афтæ куы ахъуыды кодтам, ныр-иу нæм райсомæй Мани йæ дуарæй худгæ цæсгомимæ нал ракæсдзæн, зæгъгæ, уæд-иу сагъæссаг хъуыдыты аныгъуылдыстæм.

Аркади йæ мады дыууæуатон фатер ауæй кодта, йæхи йын сбадын кодта йæ «Джипп»-машинæйы, махæн зæрдиаг арфæтæ фæкодта, йæ мадмæ йын афтæ зæрдиагæй кæй кастыстæм, уый тыххæй. Æргом дын куы зæгъон, уæдæй тынгдæр никуыма фæкуыдтон æз, афтæ зын мын уыд Манийæ фæхицæн уæвын. Йæ фæстæ ма дзырдтам: «Ма-иу нæ ферох кæн, Мани! Фысс нæм-иу».

Замирæт иучысыл фæурæдта йæ ныхас. Раздарæны дзыппæй систа къухмæрзæн, ризгæ къухтæй асæрфта, йæ цæсгомы арф æнцъылдтыл суадоны æртæхтау уырдыгмæ цы цæссыгтæ æрфæд кодтой, уыдон.

Быннозæй ныуулæфыд. Ногæй та мæ хатыр ракуырдта æмæ дарддæр йæ ныхас кæны:

– Æнæ Манийæ нæм нæ сых хасты хуызæн каст. Иубон дзы писмо райстам, фыста нæм: «Уæ бонтæ хорз уæнт, мæ зынаргъ сыхæгтæ! Афтæ ма банхъæлут, æмæ уæ рох фæкодтон. Сымахимæ кæй ацардтæн, уый мæрдты дæр мемæ уæд. Ам мæ цард хорз цæуы. Кæд искуы исчи йæ мады фыдæбæттæ бафыста, уæд – Аркади. Хæрзбонтæ кæнут. Уæ дзæбæх хабæрттæ мæм хъуысæнт».

Алы бæрæгбæтты дæр нæм-иу Мани сæрвыста йæ арфæтæ. Гъе фæлæ йын йæхи адрис нæ зыдтам, нæ нын æй зонын кодта.

Амæйразмæ нæ сыхы устыты, 8-æм Мартъийы Сылгоймæгты бон куы бæрæг кодтам, уæд бафæндыд æвæгæс сылгоймæгты бабæрæг кæнын. Мах сæ нæ сыхæгтæй дыууæ сылгоймагимæ – Евдинкæ æмæ Фаризæтимæ – бабæрæг кодтам зæрæдты хæдзары. Ахастам сын æртæ цæхæраджыны, карк, адджын дæттæ, дыргътæ æмæ къафеттæ.

Æвæгæсæг сылгоймæгтæй иуы цæрæнуатмæ нæ хуынимæ куы бахызтыстæм, уæд нып ныццин сты, уым цы ‘ртæ уырыссаг усы цардысты, уыдон. Базонгæ стæм семæ: Любæ, Юлия æмæ Оля. Бацайдагъ нын æргом ныхас. Сæ хистæр Любæ дын, цæхæраджыны карст адджынæн хæргæйæ, афтæ куы бакæнид: «Тæхуды, æмæ ма нын ныр Мани дæр æгас куы уаид... Уый дæр цæхæраджынтæй фылдæр ницы уарзта. Рухсаг уæд…»

– Æмæ чи уыд уыцы Мани? – аивæй бафарстон æз. – Кæмæй уыд йæ мыггаг?

– Дзибынатæй.

– Æмæ раджы амард?

– Æртæ мæйы размæ.

Мæнæн улæфт дæр нал фаг кодта æмæ та йæ ногæй бафарстон:

– Кæмæй уыд, загътай?

– Дзибынатæй... Дзибынаты Мани...

Любæ йæ тумбочкæйы лагъзæй systa иу къам æмæ мæм æй æвдисы:

– Мæнæ дын уый та йæ хуызист.

Мæнæн адæргæй мæ зæнгтæ ныддыз-дыз кодтой. Базыдтон къамы Манийы. Уымæн йæ фарсмæ худæнбылæй лæууыд йæ фырт Аркади. Мæнæн лæппуйы уынд ахæм зын уыд, æмæ, уыцы рæстæг мæ разы фæци, зæгъгæ, уæд ын цытæ бакодтаин, нæ зонын.

– Дæ разы къамы – йæ иунæг лæппу Аркади ис, – дарддæр йæ ныхас кæны Любæ, – æмæ йын, мæгуыр, фæндаггон бæллæхы фæмард. Уæдæй фæстæмæ баззад иунæгæй æмæ йæ ардæм дæр сæ сыхæгты лæппу æрбакодта. Тынг нын дзы-иу æппæлыд йæ лæппуйæ Мани. Стыр бынаты, дам, куыста Мæскуыйы. Йæхицæй, дам, хæларзæрдæдæр нæ уыд. Ацы къам та-иу æдзухæй дæр йæ базы бын æфснайдта… Мах æй уæдæй нырмæ йæ номыл дарæм.

Любæмæ куыд хъуыстон, афтæ мæ цæстытæ доны разылдысты. Нынкъард сты Евдинкæ æмæ Фаризæт дæр. Тыххæйты урæдтой уыдон дæр мæнау сæ кæуын. Мах та афтæ æнхъæлдтам, æмæ афонмæ Мани, Мæскуыйы цæргæйæ, йæ фыр хъалæй тъæпп хауы, зæгъгæ. Уый та, мæгуыр, йæ царды фæстаг бонтæ, мæнæ ам, зæрæдты хæдзары, арвыста. Йæ фырт Аркадийы тыххæй дæр йе ’мбæлттæн барæй афтæ загъта, фæмард, зæгъгæ. Афтæмæй та уый абон дæр ма æгас у. Нæ сыхæгты лæг Дзамболат æрæджы Мæскуыйы уыд æмæ йæ уым, метройы фæцæйцæугæйæ, дардмæ федта.

Нырма йæ ныр базыдтам, Мани нæм писмотæ Мæскуыйæ нæ, фæлæ кæцæй фыста, уый. Нæ сæр не ’рцахста, æмæ-иу йæ писмотыл нæхи горæты мыхуыр кæй уыд, уый дæр нæ бафиппайдтам. Бæргæ, куы базыдтаиккам раздæр ацы хабар, уæд æй афтæ иунæгæй нæ ныууагътаиккам, фæлæ... Йæ хъæбулы ном цæмæй ма фегад уа, уый тыххæй, æвæццæгæн, никæмæ бауагъта йæ мæлæты размæ дæр фæхабар кæнын, æмæ йæ ныгæнгæ дæр зæрæдты хæдзары хардзæй бакодтой.

Любæитæ нын бацамыдтой йæ ингæн. Мах æм æртæ усæй ацыдыстæм. Ссардтам ын æй. Сæвæрдтам ыл дидинджытæ. Нæ тыппыртæ суагътам кæуынæй æмæ фæстæмæ рацыдыстæм. Фæндагыл мын иу хъуыды æнцой нæ лæвæрдта: «Аркади цымæ ахæм фыдзæрдæ цæмæн разынд? Махæн, сыхæгтæн, афтæ куы дзырдта, æз, дам, Мæскуыйы цæргæйæ, ницæмæй хъаст кæнын, фæлæ æнæ мæ мадæй уым цæрын мæ бон нæу, æмæ йæ уырдæм ласын, зæгъгæ. Афтæмæй йын ныууæй кодта йæ фатер, æхца йæ дзыппы сæвæрдта, йæхæдæг, цыма сæ сыхæгты лæппу у, уый хуызы йæ мады зæрæдты хæдзары фæмидæг кодта…»

– Бахатыр кæн, æнхъæлдæн дæ мæ дæргъвæтин ныхасæй амардтон, – æрдæгыл та фескъуыдта йæ ныхас Замирæт æмæ та йæ къухмæрзæнæй асæрфта йæ уымæл цæстытæ. – Сымахмæ, редакцимæ дæр афтæ мæ фыр тыхстæй æрбацыдтæн. Лæг йæ зæрдæйы маст

искæмæн куы радзуры, уæд ын кæмдæр фенцондæр вæййы. Тынг зын мын вæййы, кæстæр рох кæнын куы райдайы йæ ныййарæджы фыдæбæттæ, уæд.

Замирæт ма мæ ноджыдæр иу хатт хатыр ракуырдта, хæрзбон мын загъта æмæ ацыд. Уалынмæ та мын чидæр мæ дуар æрбахоста. Акастæн æм, æмæ – Замирæт. Хатыртæ курынил та схæцыд æмæ мын ризгæ хъæлæсæй афтæ:

– Дæ хорзæхæй, ма мын фæхуд мæ сонт митыл. Фæлæ исты куы фыссай, уæд сын-иу сæ нæмттæ аив. Уынгмæ куы ахызтæн æмæ уым дæлæмæ куы фæцæйцыдтæн, уæд мæ фæндагыл цыдæр æбæрæг тых баурæдта, ахъуыды кодтон, мыййаг, зæгъын, Манийы хъæбулы хабæрттæ адæм куы базоной, æмæ йын уый мæрдты зын куы уа...

## ФЫДÆНХЪÆЛ

Лезинкайы а фæстаг рæстæг хуыссæг нал ахсы. Цы у, уымæй иууылдæр цæстытæ æмæ хъустæ фестад. Иу ран æнцой нал зоны. Сæ хæдфарсмæ цы дыууæуатон фатер суæгъд, уырдæм тагъд хъуамæ ног сыхæгтæ æрбалидзой æмæ, уыдонмæ æнхъæлмæ кæсгæйæ, йæ цæстытæ ныуурс сты. Фыццагдæр сæ уæдæ хъуамæ чи базона? Æрмæстдæр Лезинка. Уымæй ницы аирвæздзæн. Æгас горæты хабæрттæй дæр уый куы бафæрсынц сæ кæрты цæрджытæ, уæд йæ ног сыхаджы фыццаджыдæр уый ма базона, уый гæнæн куыд ис?!

– Цымæ чи уыдзысты нæ ног сыхæгтæ? Хуыцау бахизæд фыддзард сыхæгтæй! – катайы бацыд Лезинка.

– Тæхуды æмæ цот кæмæн нæй, бынты-быны иунæг чи у, ахæм сабыр, фæлмæн сыхаг мын Хуыцау куы балæвар кæнид. Уыимæ, Хуыцаумæ хъыг ма фæкæсæд, фæлæ бирæ цæрæнбон кæмæн нал баззад, иу ахæм зæронд ус нæм куы фæзынид... Уæд... Уæд мæнæй хъалдæр æмæ амондджындæр нал уаид. Мæ мæлгъæвзаг æм ауадзин, дзадджын уæлибæхтæй æмæ йын алыхуызон адджын хæринæгтæй йæ зæрдæ æлхæнин. Мæхиуыл æй æрæууæндын кæнин, йæ фатер ын мæхирдыгæй фæкæнин æмæ йæ уæд гуыбынæй æрæлвасин. Уый фæстæ йæ уды гæккуыри куы фелваса, уæд ын ирон æгъдаумæ гæсгæ стыр хист скæнин. Цы, цы?.. Стыр хист загътон? Уæдмæ дæр уал мын йæ тъæнгтыл фæхæцæд! Иугæр фатер мæхирдыгæй куы фæуа, уæд ма æз уымæн хистытæ кæнын?! Куыннæ стæй! Уайтагъд не 'хсæны къул

бакъæртт кæнин. Дуар дзы сæвæрин æмæ мын иу удæй – цыппар уаты. О, Хуыцау! Кæм дæ? Æркæс æмæ мын феххуыс кæн!..

Лезинка цалынмæ афтæтæ хъуыды кодта, уæдмæ дын æдде машинæйы хъæр куы ссæуид. Иу стыр уæзласæн машинæ сæ тæккæ раз дзыхълæуд æркодта. Шофыр æмæ æрыгон лæппу иу урссæр, мæллæджытæ сылгоймаджы машинæйы кабинæйæ сæ хъæбысы райстой æмæ йæ мæнæ æрбахæссынц, Лезинкайы фарсмæ цы фатер суæгъд, уырдæм. Райхъуыст сæ дуары дæгъæлты дзыгъал-мыгъул. Шофыр æмæ уыцы æрыгон лæппу уайтагъд фæстæмæ фæзылдысты æмæ уыцы сылгоймаджы дзаумæттæ мидæмæ хæссын райдыдтой.

Лезинкайы зæрдæ фыр цинæй сдзæхст-дзæхст кодта. Къæхтæ йæ быны фæтасыдысты. Бирæ йæ нал хъуыд ахауынмæ, фæлæ йæхи фæфидар кодта.

– Æнхъæлдæн æмæ мæ куывд Хуыцаумæ фехъуыст, – сдзырдта фыр цинæй Лезинка. – Бузныг, бузныг, Хуыцау! Сызгъæрин тæбæгъты дæм фæкуывдæуæд! Табу дæхицæн, æгайтма дæм мæгуыр адæймаджы куывд дæр хъуысы...

Лезинка балкъоны дыууæрдæм рауай-бауай кæны. Скатай. Йæ ног сыхагмæ куыдæй бауайа, уымæн йæ сæр ницы ахсы.

– Дæд-дæй! – уæртæ йæм мæнæй иннæ ‘мкъулцæрæг Асиат куы фæраздæр уа, уæд хæрзбын кæнын, – тарст хъуыдытæ йæ сæры аленк кодтой Лезинкайæн, айтæ-уыйтæ нал, фæлæ, сæ ног сыхаджы фатеры куыд фæмидæг, уый йæхæдæг æмбаргæ дæр нæ бакодта.

– Дæ... дæ бонтæ хорз, æмæ дæ ног бынатмæ фарны къах бавæр! – раарфæ йын кодта Лезинка.

– Бузныг, мидæмæ хæстæгдæр рахиз, – ныллæг хъæлæсæй йын загъта йæ ног сыхаг дæр. Ахъавыд сынтæджы рабадынмæ, фæлæ, йæ бон куынæ бацис, уæд Лезинкайæ хатыр ракуырдта.

– Æппындæр ма дæхи ма тыхсын кæн, – ныфсытæ йын авæрдта Лезинка æмæ йæ бафарста: – Йæд у!.. Мæ фарст дæм къæйных ма фæкæсæд, фæлæ иунæг дæ? Ничи дын ис?

– Ничи... Хъæды халонау иунæгæй баззадтæн, – йæ цæстытæ доны разылдта низæфхæрд сылгоймаг.

– Бынтон иунæг дæ?

– О.

– Мæнæ цы хо... – æваст сцæйирвæзт Лезинкайы дзыхæй, фæлæ ма йын разæй цы дыууæ саст дæндаджы уыд, уыдон ын афоныл фелхъывтой йе 'взаг, æмæ дзырд «хорз» кæронмæ нал фехъуыст. Лезинка хорзау нал фæцис. Уайтагъд йæхи рæстытæ кæнынмæ фæцис:

– Ныртæккæ цынæ хостæ кæнынц, ахæм нæй... Дæхи ма тыхсын кæн.... Адзæбæх уыдзынæ...

– О, Ирыстонмæ æз дæр уый тыххæй ссыдтæн, – загъта та хъæрзгæйæ рынчын сылгоймаг æмæ Лезинкайæн йæ царды хабæрттæ кæнын райдыдта. – Æз ардæм ссыдтæн Оренбургæй. Хъомыл кодтон сидзæрты хæдзары. Нæй мын мад, фыд, хионтæ. Мæ мыггаг у Воронина, мæ ном – Нинæ. Фынддæс азы бæрц фæкуыстон хæринаггæнæгæй. Тæвдæй-иу уазæлттæм кæй рауадтæн, уый аххосæй фæсахъат мæ астæу. Бынтондæр ныкъкъæдзтæ дæн. Иу фæкæсæг мæм нæй. Дохтыртæ мын загътой, дæ низ, дам, æрмæстдæр сдзæбæх кæнæн ис Ирыстоны, Тæмисчъы санаторийы. Гъемæ æз дæр Оренбургæй ардæм мæ фатер баивтон. Иучысыл кæд мæ къæхтыл цæуынхъом фæуон, уæд мæ зæрды ис Тæмискъмæ ацæуын.

– О, Тæмискъ æвæджиауы дзæбæхгæнæн санатори у, – йæ ныхас ын æрдæгыл фескъуыдта Лезинка. – Æз дæр дæм фæкæсдзынæн, мæ бон цы уа, уымæй. Æрмæст дæхи ма 'фхæр.

Дыккаг бон Лезинка диссаджы тæнæгцъар уæлибæхтæ ракодта, сæ тæккæ цыхтджындæр сын тæбæгъы авæрдта æмæ йæ йæ ног сыхагæн баскъæфта.

Нинæ тыххæй-фыдæй сынтæджы рабадт. Лезинка йын цæрвджын уæлибæхы цалдæр карсты йæ цуры авæрдта. Рынчын сылгоймаг ын бирæ арфæтæ фæкодта.

Уæдæй фæстæмæ тынг балымæн сты Лезинка æмæ Нинæ. Кæрæдзиимæ–иу адджын ныхæстæ фæкодтой æнафонтæм. Гъе 'рмæст ын йæ зæрдæйы уаг кæронмæ никуы раргом кодта Лезинка. Йе стырдæр бæллиц та уыд Нинæйы йæхиуыл тынгдæр æрæууæндын кæнын æмæ йын исты хуызы йæ фатер йæхирдæм фæкæнын. Ахъавыд-иу æй йæ азтæй дæр бафæрсын, фæлæ йæм куыддæр æфсæрмы кодта. Йæ урс сæрмæ-иу ын куы фæкомкоммæ Лезинка, уæд-иу йæхинымæры ахъуыды кодта: «Мæнæй хистæр йеддæмæ кæстæр нæ уыдзæн. Стæй астæунизæй афтæ тагъд адзæбæх уа, уый мæ нæ уырны».

Ацы иунæг сылгоймаджы хабар уайтагъд фехъуыста йæ иннæ

сыхаг – фыдцъылыстæ сылгоймаг, буфеты кусæг Асиат дæр. Уый дæр æм йæхи хæстæг ласын райдыдта. Лезинкайы сусæгæй йын хаста цæхæраджынтæ, фыдджынтæ æмæ æндæр алыхуызон хæрзад хæринæгтæ. «Æз мæ мадæн чызгæн нæ райгуырдтæн, æмæ Нинæйы фатер Лезинкайæн куы ауадзон», – йæ цæст-иу йæхимæ æрныкъуылдта Асиат.

Асиаты хин митæ бамбæрста Лезинка дæр æмæ, Нинæйы йæхимæ цæмæй хæстæгдæр æрбакæна, уый тыххæй йын йæ фæстаг пенсийы капеччытæй дæр базарæй хаста амæй-ай зынаргъдæр хæринæгтæ.

Нинæ-иу, мæгуыр, сæ дыууæйы раз дæр ныфсæрмытæ. Зæрдиаг арфæтæ-иу сын фæкодта.

... Цыдысты бонтæ. Нинæ дæр чысылгай йæ къахыл слæууыд. Йе ‘уæнгты туг базмæлыд. Цæсгом фæрæсугъддæр, фæрухсдæр.

Гъе ‘рмæст Нинæ куыд æнæниздæр кодта, афтæ Лезинка æмæ Асиат та æнкъарддæр кодтой. Фæлæ уый не ‘вдыстой æддæмæ. Нинæмæ диссаг каст, ацы дыууæ къæбæрдæттон сылгоймаджы кæрæдзимæ цæуылнæ дзурынц, уый. Сæ бафæрсын та æфсæрмы кодта.

Дзаджджын уæлибæхты æмæ фыдджынты фæстæ Нинæ йæхиуыл схæцыд. Фæцардхъомдæр. Æрцыдис æм ногæй цæрын. Бамбырд кодта Тæмисчъы санаторимæ путевкæйы аргъ æмæ иубон уырдæм ацыд йæхи дзæбæх кæнынмæ.

Мæйы фæстæ Нинæ дзæбæхæй фæзынд йæ хæдзармæ. Аппæрста йæ лæдзджытæ дæр. Фæхæрзхуызтæ. Лезинкайæн, кæй зæгъын æй хъæуы, уый йæ зæрдæмæ нæ фæцыд, фæлæ уæддæр Нинæйыл гæды цинтæ кодта. Рувасау ыл йæхи рахаф-бахаф systa Асиат дæр.

Лезинкамæ уæлдай диссагдæр та уый фæкаст, æмæ санаторийæ ‘рцæуыны фæстæ Нинæйæн йæ сæры иу урс хил дæр нал уыд.

– Санаторийы суæрттæ дын дæ сæры урс хилтæ дæр ивгæ акодтой? – хъазгæмхасæнтæ йæ бафарста Лезинка.

– Нæгъа! Уый размæ мын урс ахорæнæй ахуырст уыдысты, æндæр нырма мæ сæры иу урс хил дæр нæма ис. Стæй мыл азтæ дæр афтæ бирæ нæма цæуы. Уый мæ мæнæ ацы æнæхайыры низ ныррауат кодта, æндæр...

Уыцы ныхæстæ цыргъ фаттау ахызтысты Лезинкайы зæрдæйы. Фæуыргъыйау, фæлæ ницы сдзырдта. Æнæбары бахудт йæ мидбылты.

Рацыд афæдзы бæрц. Нинæ бынтондæр йæ хуыз скалдта. Рæстæ-

гæй-рæстæгмæ-иу йæ фатерæй рахызт иу бæрзондгомау хæрзконд нæлгоймаг. Лезинка æмæ-иу æй Асиат сæхинымæры тынг фелгъыстой: «Бæрзæйсаст фæу! Сынтæгæй куынæ стад, уæд æм ничи цыд, ныр æм алырдыгæй цæуджытæ сарæх сты!»

Иу райсом та тагъд æххуысы машинæ æрлæууыд Лезинкаты хæдзары фарсмæ. Дохтыртæ сæ къухтыл рахастой Нинæйы. Лезинка æмæ Асиат удаистæй разгъордтой сæ фæстæ. Сæ иу дæр нæ зыдта, æваст Нинæйыл цы хабар æрбамбæлд, уый.

Лезинка катайы бацыд: ныр Нинæ исты куы кæна, уæд йæ фатер цымæ кæмæн баззайдзæн? Ацы мæнгард æмæ дæлæмæдзыд Асиат, æвæццæгæн, йæхи дзæгъæлы нæ ныхъхъус кодта. Йæ фатер ын йæхиуыл ма æрфыссын кæна?!..

Асиат та Лезинкайæ æнхъæлдта, ома уый Нинæйы фатер йæхирдыгæй фæкодта æмæ ма ныр цæстмæ митæ кæны, зæгъгæ.

Фæлæ дыууæйæ дæр фæфыдæнхъæл сты. Нинæйæн арæндоны райгуырд лæппу. Уый размæ-иу æм цы бæрзондгомау лæг бауад, уыимæ сæ цард баиу кодтой, скодтой хорз чындзæхсæв æмæ æрбынæттон сты Нинæйы хæдзары.

Уæдæй фæстæмæ Лезинка æмæ Асиат Нинæйы фатермæ æмгæрон дæр нал æрцыдысты. Цæуыл æм афтæ фæхæрам сты, уымæн та ницы зоны.

## ХÆСТОНЫ ЦÆССЫГТÆ

Мæ зæрдыл арæх æрлæууы, мæ фыд хæстæй цы бон сыздæхт, уый. Кæддæриддæр æй стыр æхсызгонæй æрымысын. Уыцы бонæй амондджындæр мæнмæ зæххыл никæцы кæсы.

Уыдис кæркуасæнты афон. Бон цъæхтæ кодта. Æз ма гъæйтт-мардзæйæ ленк кодтон мæ тар фынты. Иуафон мæ русыл бамбæлд кæйдæр дæрзæг, хъарм къухы арм. Байгом кодтон мæ цæстытæ æмæ… Мæ разы лæууы мæ фыд. Уайтагъд фæныгъуылдтæн йæ хъæбысы. Цины цæссыгтæй ныххуылыдз сты йе 'рттиваг пъагæттæ. Зæхмæ дзы атонын нал æмæ нал куымдтон…

Ноджы тынгдæр та ууыл бацин кодтон, мæ фыд, йæ цинелы къæндзытæ рафтаугæйæ, йæ дæлармæй куы систа миты къæртты хуызæн урс-урсид хæмпус гыццыл къæбыла æмæ мын рæвдаугæ хъæлæсæй куы загъта:

– Айс, мæ хур, мæ лæвар, суанг дын æй Ленинградæй схастон…

Уайтагъд мæ ног хæларимæ ссардтам иумæйаг æвзаг. Ном ыл сæвæрдтам Пушок. Уæрыччыты цъæх нæууыл хизгæйæ, ссис мæ хуыз-дæр цæдис – æмбал. Бирæ йæ уарзтон. Йемæ хъазынæй не 'фсæстæн.

Рацыд дыууæ азы бæрц, Пушок махмæ кæдæй уыд, уæдæй ныр-мæ. Фæбæрзонддæр, фæасхуыз. Йæ рæсугъд нуарджын гуыр размæ домбайау хаста. Никуы никæй бахъыгдардта. Сыхы сабитимæ-иу цингæнгæйæ хъазыд.

Гъе фæлæ иубон æнамонд хабар сæмбæлд Пушокыл. Хъæдмæ иумæ ацыдыстæм зокъотæ æмбырд кæнынмæ. Æртæхæфсæст кæрдæгыл нын бацайдагъ хъазын. Байдзаг кодтон зокъотæй мæ чыргъæд. Фæстæмæ раздæхтæн хъæлдзæгæй. Фæлæ æваст цæхгæр фæндагыл иу машинæ нæ разы февзæрд. Фæдисонау сцæйтахт. Бæрæг уыд, шофырмæ кæй хæццæ кодта нозт. Æз ма фæндагæй агæпп ластон. Фæлæ… Пушок, мæгуыр, фæстаг цæлхыты бынмæ бахауд. Æз ма йын мæ нымæтхуды суадонæй дон дæр бæргæ сыскъæфтон, фæлæ ме 'рцыдмæ, йæ туджы мæцгæ, амард.

Изæры мæ фыды раз сæргуыбырæй æрлæууыдтæн. Мæ кæуындзæг мæ хъуыры ныссагъд, ризгæ хъæлæсæй йын загътон: «Пу-пушок… Нал… Нал ис… Машинæйы бынмæ бахауд…»

Ницы сдзырдта баба. Арф ныуулæфыд. Рахиз къух йæ зæрдæйыл авæрдта. Рахызт кæртмæ æмæ… фæцудыдта. Ницыуал бамбæрстон. Мæ хъустыл ма ауад мæ мады тарст хъæр: «Рæвдздæр, мæ къона, дон радав!..»

Æрбамбырд сты сыхæгтæ. Бабайы æрхуыссын кодтой сарайы диваныл. Йæ хуыздæр рагондæр æрдхæрдтæй иу – Дженалдыхъо – йæ цуры æрбадт æмæ, йæ мидбылты фæлмæн бахудгæйæ, сдзырдта:

– Хæсты быдыры куы никуы фæцудыдтай, уæд ныр дæ куыдзы къæбылайы амарды фæстæ куы 'рхаудтæ…

Ницы сдзырдта мæ фыд. Арф та ныуулæфыд æмæ хъуыдыты аныгъуылд. Æрæджиау райдыдта йæ ныхас:

– Дженалдыхъо, дыууæйæ дæр хæстон лæгтæ стæм. Иу æмæ дыууæ хатты нæ сæмбæлдыстæм мæлæтимæ. Зоныс æй, цы стыр фыдбылызтæ скодтой немыцаг лæгсырдтæ Ленинграды цæрджытæн, уый. Мингай адæймæгтæ дзы амардысты сыдæй. Блокадæйæ сæ уæгъд

кодтам, æхсæвæй-бонæй нæ туг калдтам, знæгтимæ хæцгæйæ. Байстам хъæбатыр горæт. Фæлæ хæст æгæр æгъатыр хъæдгæмттæ ныууагъта уым. Æххормагæй дзы цы цардбæллиц адæм фесæфт, уыдоны нæ фæрæзтам ныгæнын дæр. Иу хæдзары та дзы ахæм диссаг федтон… Сынтæгыл хуыссыд зæронд лæг. Асгæрстон æй, æмæ – мард. Йæ цуры, фыр мæллæгæй йæ фæрстæ кæмæн бахаудтой, ахæм куыдз бадт. Зæронд лæджы хъæбисы тæбæгъы цы дзулы кæрдих уыд, уымæ æнкъард цæстытæй каст. Йæ комыдæттæ хъæццулы уæлцъармæ згъордтой. Фæлæ къæбæрмæ не 'внæлдта. Йæ дзæмбыйæ-иу дзулы къæбæр лæгмæ баввахсдæр кодта æмæ-иу тæригъæддаг хъæлæсæй нынниудта. Бандоныл цы гыццыл хæмпус къæбыла бадт, уый дæр-иу бæргæ афæлвæрдта уыцы дзулы къæбæрмæ бавналынмæ, фæлæ та-иу æй йæ мад иуварс фехста. Йæ тæригъæддаг хъис-хъис-иу райхъуыст. Ныккалдысты-иу зæрдæйы тугтæ. Нал фервæзт зæронд лæджы куыдз дæр. Йæ хицауы риуыл ныддæлгом æмæ… амард. Зæронд лæг æмæ ма йæ куыдзмæ цы фæстаг дзулы къæбæр баззад, уый сæ иу иннæйы хъуагæй нæ бахордта.

Мæнæн мæ зæрдæ суынгæг, нал фæлæууыдтæн æмæ бабайы бафарстон:

– Къæбыла та, мæгуыр, уæд цы фæцис?

Мæ фыдæн йæ цæстытæ доны разылдысты æмæ ризгæ хъæлæсæй сдзырдта: «Уый… Уый, мæ хур, Пушок уыд…»

Æз уæд фыццаг хатт федтон мæ фыды рустыл цæссыгтæ.



Сабийæ



Йæ чызг Викæимæ



Малиты Хасанимæ



Йе `мхъæуккаг Дзугаты Годеимæ



«Рæстдзинад»-ы кусджыты фембæлд Педагогон институты студенттимæ



Хæлæрттимæ



Литературон къорды уæнгты фембæлд фысджытимæ

# ДÆ УАРЗОН АДÆМЫ ФÆНДИАГ

Рæстæг цæуын йеддæмæ ницы зоны, иу уысм дæр фæстиат никуы кæны. Цæуы æмæ цæуы æхсæв дæр æмæ бон дæр, къæвдайы æмæ хуры дæр. Бонтæй аразы мæйтæ æмæ афæдзтæ, афæдзтæй – æнустæ. Рæстæг алкæуыл йæхи æмхуызон нæ уары. Кæмæн дзы фылдæр хай бакæны, кæмæн – къаддæр.

Черчесты Хъасболатæн йæ бон рæстæгæй рахъаст кæнын нæу, уымæн æмæ уал æм дзы нырмæ чысыл хай не ʼрхауд – сæххæст (ам дæр та «уал»-æй спайда кæнын хъæудзæн) уал ыл фынддæс æмæ æртиссæдз азы. Уый чысыл рахонæн нæй. Уыимæ, чысыл рахонæн нæй, цы бирæ хорз хъуыддæгтæ саразта, уыдонæн дæр.

Хæрз æрыгонæй райдыдта кусын газет «Рæстдзинад»-ы редакцийы æмæ дзы зæрдиагæй, йæ зонындзинæдтæ æмæ курдиатыл нæ ауæрдгæйæ, фæллой кодта, цалынмæ йæ улæфыны рæстæг æрлæууыд, уæдмæ.

Черчесы-фырт йæ фæллойадон азты фылдæр хай арвыста культурæйы хайады. Уым та йæ фылдæр архайд уыдис аивад, культурæ æмæ сфæлдыстадон кусджытимæ. Æргом дзургæйæ, Хъасболаты рæстæджы ацы хайадæн фысджытæ, артисттæ, нывгæнджытæ, композитортæ æмæ сфæлдыстадон иннæ архайджытимæ уыди цæстуарзон, зæрдæхæлар æмæ кæрæдзийæн аргъ кæныны ахастдзинæдтæ. Къæрцхъус уыди аивад æмæ литературæйы ногдзинæдтæм. Йæхицæн хæсыл нымадта уыдонæн аккаг аргъ кæнын, æмæ йын уый æнтысгæ дæр кодта. Бирæ хæттыты сын аргъгæнæг уыдис йæхæдæг.

Хъасболат, йæ бон цас у, уыйбæрц архайы сфæлдыстады. Йæ курдиат уæлдай ирддæрæй разынд прозæйы. Фыссы радзырдтæ, новеллæтæ, уацаутæ. Равдисы сæ йæ уарзондзинад хуымæтæг адæммæ. Йæ уацмысты сæйраг архайджытæ дæр фылдæр сты йæхи хуызæн фæлмæнзæрдæ, рæстдзинадыл тохгæнæг адæймæгтæ.

«Рæстдзинад»-ы кусджытæ кæддæриддæр æххуысхъуаг адæймаджы фарслæуджытæ хуыдтой сæхи, уымæн æмæ æцæгæйдæр ахæмтæ уыдысты. Уыцы миниуæгæй хорз хай фæци Черчесы-фырты дæр. Зын бауырнæн у, исчи йæм æххуысмæ бацыд, æмæ йæ æнæ дзуаппæй рарвыста, уый. Æнæкæрон зынаргъ ын сты, кæм райгуырд æмæ кæм схъомыл, уыцы хъæу Ставд-Дуртæ æмæ йæ цæрджытæ. Мæ бæрæгбоны арфæтæ йæ номыл фæуыдзынæн ахæм ныхæстæй: «Дæ хъæубæсты, æнæхъæн Ирыстоны дæ фылдæр чи уарзы, уыдоны фæндиаг æрвит дæ царды бонтæ!»

*ДЗАСОХТЫ Музафер*

# РАЙГУЫРÆН ХЪÆУЫЛ ÆНУВЫД ФЫССÆГ

Хорз хъуыды кæнын, Черчесты Хъасболат «Рæстдзинад»-мæ кувæндонмæ цæуæгау цæуын куы райдыдта, уыцы рæстæг. Йæ райгуырæн Ставд-Дурты астæуккаг скъолайы ахуыргæнæгæй акуыста, афтæмæй нæм æрбацыд. Æфсæрмдзаст, æгъдауджын лæппу уыд уацхæссæг, уый фæстæ – культурæйы хайады сæргълæууæг. Советон рæстæг æй газеты партион организацийы секретарæй кæй снысан кодтой, уый дæр бирæ цæуылдæрты дзурæг у – уæлдæр хицауад ахæм бæрнон бынат алкæуыл нæ бауууæндыдаиккой.

Сфæлдыстады та йын кæдфæнды дæр уыди йæхи къухæвæрд, адæм ын йе ‘рмæджытæ агуырдтой, телефонтæй-иу арфæтимæ æрбадзырдтой. Ныр уый æмæ мæхæдæг дæр нал кусæм газеты, фæлæ йæ бæлвырд зонын, кæй йын агурынц газеткæсджытæ йæ публицистон уацтæ, очерктæ, прозаикон уацмыстæ, æмæ та сын хатт сæ хуыздæртæ мыхуыры ногæй кæй рауадзынц, уый арфæйаг хъуыддаг у.

Иумæ дæсгай азтæ фæкуыстам, хæларæй цардыстæм æмæ цæрæм ныр дæр. Уый уымæ гæсгæ зæгъын, æмæ йæ уыдтон, ирон æгъдау, æвзаг, фарн парахат кæнынмыл йæ уд куыд хъардта, уый. Уæдæ йæ райгуырæн хъæу та цы уарзтæй уарзы, цас лæггад ын кæны йæ цин æмæ йæ хъыгыл йæ аккагдæр адæмыл ын газетмæ фыссыны хуызы! Иуафон та ныффыста æцæг хабар. Лæгæн йæ бинонтæ йæ разæй мæрдтæм бацыдысты, æмæ хæдзары йæ куыдзимæ баззад. Куы амард æмæ йæ куы бавæрдтой, уæд куыдз йæ ингæны цур æрбынат кодта, æмæ уырдыгæй нал сызмæлыд. Хъæуккæгтæ йын хæринаг хастой, фæлæ йæм уый смудгæ дæр нал бакодта, афтæмæй уым йæ уд систа. Газеты сæйраг редактор Хъаныхъуаты Валодя ацы æрмæг куы бакаст, уæд дын афтæ куы фæкæнид: «Мæнæ диссаг! Хъасболат Ставд-Дурты цæрджытæн сæхиуыл фыст фæци, æмæ сын ныр та сæ куыйтыл фыссынмæ февнæлдта!» Уый, кæй зæгъын æй хъæуы, хъазгæмхасæн ныхас уыд, фæлæ Черчесы-фырт йæ хъæу æцæгдæр ахæм уарзтæй уарзы, æмæ йын йæ цæрæгойтыл нæ, фæлæ йæ алы хох-къуылдымыл дæр ныффыстаид. Чи зоны, уыцы æрмæджытæ бамбырд кæн, уæд сæ хъæуы цард æвдисæг хорз чиныг рауаид…

Зæгъдзынæн ма уый дæр, æмæ Хъасболат уыди æмæ ныр дæр у æмгарджын адæймаг. Истæуыл тыхст дæ, уæд æм бауай, йемæ

аныхæстæ кæн, æмæ-иу дæ маст фæцыдæр уыдаид. Бамбæрстаид дæ, ныфсæвæрæн ныхæстæ ссардтаид, исты цымыдисаг хабæрттæ дын ракодтаид. Исты æрмæг-иу куы ныффыстон, уæддæр-иу æй фыццаг къухфыстæй уымæн бакæсын кодтой. Уый дæр – афтæ, æмæ нæ бон уыд кæрæдзийæн цæстуарзон фиппаинæгтæ скæнын.

Газет мидисджын æмæ цымыдисагдæр кæнынмæ цы æвæрæн бахаста, уый та хицæн ныхасы аккаг дæр ма у. Фæстаг азты цæттæ кодта «Æнцойбоны фарс», æмæ-иу æм адæм æхсызгонæй æнхъæлмæ кастысты. Уæдæ рубрикæ «Цæмæй нæу разы Афæхъо»-йы фæлгæты та фыста, нæ царды цы хъæнтæ уыдта, уыдæтты тыххæй, æмæ-иу бауайдзæф кодта, кæй æбæрнондзинады тыххæй æвзæрыдысты, уыдонæн.

Хъасболат, ды дæ хъарутæ не 'вгъау кодтай куысты мидæг, дæ уд хъардтай мадæлон æвзагыл, нæ фæлладтæ хорз адæмыл фыссынæй, æмæ æнæниз, зæрдæхъæлдзæг, дзыллæйы фарнæй хайджынæй цæр, фылдæр кæй уарзыс, уыдоны æнтыстытæ уынгæйæ!

*ЦГЪОЙТЫ Хазби*

## АДÆЙМАГ ÆМА ФИНСÆГИ БÆРЗОНД НОМ ХÆСГÆЙ

45 æнзей бæрцæ фæсмæрун Черчести Хъасболати æма ин абони уæнгæ æ бæрзонд адæймагон æууæлти минеугутæбæл некæдма фæггурусхæ дæн. Уæздан æма хуæдæфсармæ, хебæлхуæцгæ æма устур æрдзон скурдиади хецау угæй, Хъасболатæй нерæнги некæдма фегъустон æсхъæл, уæлбекъон дзурд. Гъулæггагæн, ни беретæн нæ фæффагæ кæнуй уæхæн зæрди уагæ.

Мæнмæ цæмæдæр гæсгæ утæ кæсуй, цума Хъасболати синхон угæй, æ фарсмæ сæдæ анзи ку фæццæринæ, уæддæр си нæ багъигæ уинæ. Æ цардуарзондзийнадæй цæрæццаг кæнуй иннети дæр никкидæр бæрзонддæр нисантæмæ турнунмæ.

Бундоронæй æвзаруйнаг æй Хъасболати сфæлдистадæ æхуæдæг дæр. Æма кæд бæрцæй утæ берæ киунугутæ нæ рауагъта, уæддæр ин ци бантæстæй, етæ ба æнцæ ранимади рæнгъæмæ рахæсгæ. Куд царди, утæ сфæлдистади дæр Черчеси-фурт æй хебæлхуæцгæ. Æ радзурдти темитæ æнцæ актуалон, сæуæнгæ ма æ юмористон æрмæгути дæр утæ хæстæг æнцæ æцæгдзийнадæмæ, æма кæсæгмæ дузæрдугдзийнадæ исæвзуруй, атæ цардæй ист фельетонтæ æнцæ æви æримисгæ фæлгонц-

тæ, уобæл. Æлвæст æвзагæй финст æлвæст гъудимæ нæдæр бафтауæн неци фæуууй, нæдæр ба си рагæлдзæн неци ес. Цубур дзурдæй: къох багæнæн сæмæ нейес. Е ба дзорæг æй финсæги устур дæсниадæбæл. Хъасбол кæсæги айдагъ ходун нæ кæнуй. Æ бон æй адæймаги зæрдæ ци ауиндзæнтæбæл ауигъд æй, уони базмæлун кæнун дæр.

Нийиерæг мадæбæл берæ уадзимистæ финст æрцудæй. Берæ зæрдæмæгъаргæ рæнгъитæ си бадæруй адæймаг æ зæрдæбæл, фæл Черчеси-фурт æртæ рæнгъеми ци гъуди раргом кодта, уæхæнбæл ба некæдма исæмбæлдтæн: «Ах, мæ мад, мæ мад! Цал хатты-иу ахаудтæн ацы зæххыл, цал!.. Кæддæриддæр-иу мæ систай. Фæлæ мын ныр ды иунæг хатт æрхаудтæ æмæ дæу сисын куы нæ бацис мæ бон…» Куд ма уа хуæздæр зæгъæн мади фæсмæрдæ уомæй?

Берæ дзорун æмбæлуй Хъасболати сфæлдистадæбæл. Нур ба мæ зæгъун фæндуй: Хъасбол, нæхе Хъасбол! Федар лæуyæ цæлхдортæн. Æнæнифс некæд æдтæ æма æнæфæккеугæй цо дæ риндзæмæ!

Адæймагдзийнадæ æма æцæг финсæги ном еумæ зин хæссæн æнцæ. Дæуæн ба бал еци уæзæ хæссун æнтæсуй…

*КОЛИТИ Витали*

## СФÆЛДЫСТАД – УÆЛМОНЦ ÆНКЪАРÆН

Черчесты Хъасболаты зонын хæдæфсарм, æмбалуарзон, рæстзæрдæ, уæззау зонды хицау адæймагæй. Кæд курдиатджын журналист у, уæддæр, мæнмæ гæсгæ, йæ курдиаты цæхæр бæрæгдæр дары йæ цыбыр радзырдты. Сæ сæйрагдæр миниуджытæй иу уый у, æмæ цыбыр сюжетон хаххы иунæг ныв, иунæг фæзилæнæй дæр раргом кæны йæ персонажы миддуне, саразы æнæхъæн удæгас фæлгонц.

Зæгъæм, йæ радзырд «Михойы дугъ»-ы хиппæлой Михойы æцæг миддуне раргом кæнынæн æй бахъуыд, цæмæй йын йæ уарзон чызг – актрисæ – кинонывы иу ныв исгæйæ, йæ размæ цалдæр æнæдаст лæджы рарвыстаид. Уыдон та артисттæ æмæ оператор уыдысты. Михо чызджы фæуагъта, æмæ йæхи фæсвæд кæнынмæ фæци. Уымæй раргом йæ тæппуддзинад.

Зæрдæйы æнкъарæнтæ равдисынмæ хорз арæхсы Черчесты Хъасболат, йæ уды рæбынтæ ракъахы бæркадджын къæбиц ракъахæгау. Йæ радзырд «Мæ рагуалдзæджы уарзт»-ы æвдисы, дыууæ уды, кæрæдзи уарзгæйæ, хъысмæты азарæй куыд ахицæн сты, уыцы удхайраг ныв...

Йæ бирæ фæлгонцтæн сæ тых уый мидæг ис, æмæ дзы æрхъуыдыгонд ницы у, сæ ратæдзæн царды суадонæй цæуы, фæлæ уæддæр йæ курдиаты цæхæр, йæ мадыл цы чысыл миниатюрæтæ ныффыста, уым ис. Дзæвгар азты дæргъы, йæ рынчын мадмæ кæсгæйæ, бирæ хъыцъыдæттæ банызта. Маст æмæ уарзты ‘хсæн хъуырдухæны цы рæнхъытæ райгуыры, уыдон та былалгъ ныхæстæ нæ вæййынц, фæлæ, бауромæн цæмæн нæ вæййы, ахæмтæ. Æмæ, йæ мады мысгæйæ, цы ирон сылгоймаджы фæлгонц сарæзта, уый æцæг уарзондзинадæй цæуы…

Уæдæ Черчесты Хъасболат бирæ азты дæргъы «Рæстдзинад»-ы цы зæрдиаг, удуæлдай куыст фæкодта, уымæн мæхæдæг – æвдисæн. Дæллаг галы куыст! Æппæт уыцы рæстæг йе стырдæр хæрзиуæг уыдис адæмы хорзæх, уымæн æмæ йын зæрдиагæй кастысты æмæ кæсынц абон дæр йæ мидисджын, царды æцæгдзинадимæ æрмæджытæ.

*АБАЙТЫ Эдуард*

## НЫВÆНДЫ УЫРНИНАГ ФÆЛГОНЦТÆ…

Уæздан æмæ хæрзуд адæймаг куы зæгъон фыссæг æмæ журналист Черчесты Хъасболатæй, уæд нæ фæрæдидзынæн. Хæларзæрдæ адæймаг, немæ газет «Рæстдзинад»-ы фæкуыста дзæвгар азты. Йæ ‘мныхасгæнæг уайтагъд банкъары, арфхъуыдыджын æмæ хиуылхæцгæ зондахаст ын кæй ис, уый. Ирон лæджы миниуджытæй æххæст, сабырахаст æмæ фæзминаг – йе ‘гъдау, йæ фæзылд.

Фыццаг хатт æй федтон 1986 азы газет «Рæстдзинад»-ы редакцийы, уырдæм кусынмæ куы бацыдтæн, уæд. Тынг æхсызгон мын уыд, нæхи Кировы районæй кæй разынд, уый дæр. Уыцы рæстæг ын районы газет «Размæ»-йы йæ радзырд куы бакастæн, уæд цымыдис кодтон дарддæр дæр йæ литературон сфæлдыстадыл.

Адæймагæн, дам, йæ алы фезмæлдæй дæр бæрæг у, цы удысконд ын ис, уый. Уæздан – йæ акъахдзæф, æргом – йæ ахаст, йæ хъуыдыты мидтох æмæ рæстзæрдæдзинад та æвдыст цæуынц Хъасболатæн йæ радзырдты æмæ йæ бирæ очеркты.

Йæ радзырдты æмбырдгонд «Хурамонд»-ы (рацыд 2006 азы) хъайтарты фæлгонцтæ ист цæуынц цардæй, æвдисынц царды ивддзинад, рæстæджы æцæг æууæлтæ æмæ дуджы улæфт. Автор худы æдзæсгом, æнæфсис, фæлитой адæймæгтыл…

Ис ма йæм радзырдты æндæр персонажтæ. Уыдон кусынц, тырнынц бæрнон бынæттæм, сæхи сæхæдæг стауынц, адæмы мæт сæ нæй, фæлæ сæхи æвдисынц сæ бæрнондзинадмæ уæлæнгай цæстæй кæсгæйæ, адæм сæм нымады не сты. Уыдон сты иубононтæ, мæнæ, зæгъæм, радзырд «Депутаты блокнот»-ы хъайтарау. Цымыдисаг сты йæ иннæ радзырдтæ дæр: йæ хъайтарты удыхъæд æвдисынæн зæрдæйы æмæ зонды арфæй сисы уырнинаг ахорæнтæ æмæ сæм чиныгкæсæг сцымыдис вæййы. Уый руаджы миддунейæ кæны сыгъдæгдæр, тырны царды цыфæнды зынæй дæр рæсугъддæр фæндæгтыл цæуынмæ.

*БЫЗЫККАТЫ Земфирæ*

## КÆСТÆРТЫЛ ЗÆРДÆЙЫ ХОРЗÆХ ТАУЫ…

Газет «Рæстдзинад» кæддæриддæр уыд æмæ абон дæр у сфæлдыстадон фæсивæдыл аудæг артдзæст. Йæ редакторты æмæ уацхæсджыты алы фæлтæр дæр архайдта уыдоны курдиаты рæзтæн фадæттæ æмæ гæнæнтæ саразыныл. Уæрæсейы Фысджыты æмæ Журналистты цæдисты уæнг, зындгонд прозаик Черчесты Хъасболат уыцы арфæйаг хæс уæлдай бæрнондæрæй æххæст кæны, зæгъгæ, куы зæгъæм, уæд рæдыд нæ уыдзæн. Йæ зæрдæйы хъарм, йæ курдиаты рухс æмæ куысты фæлтæрддзинадæй чи фæхайджын, уыцы фæлтæртæ дзæвгар сты. Мæнæн дæр мæ уды сфæлдыстадон цæхæр цыренгæнæг кæй сси, уый тыххæй дзы бузныг дæн.

Скъоладзау ма уыдтæн, афтæмæй газет «Рæстдзинад»-мæ ныффыстон мæ фыццаг уацхъуыд «Йæ ном баззади цæргæйæ». Мæど кармæ гæсгæ мын цас гæнæн уыд, уыйбæрц дзы равдыстон зындгонд ирон поэт, Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреат Мыртазты Барисы цард æмæ сфæлдыстадон фæндаг. Хъасболат æй куы бакаст, уæд мын арфæ ракодта. Барисы йæхæдæг дæр хорз кæй зыдта, ууыл дзурæг цалдæр ирд мысинаджы дæр мын æхсызгонæй радзырдта. Уый фæстæ йæ чингуыты тæрхæгæй райста поэты лæваргонд æмдзæвгæты æмбырдгонд «Хотых». Йæ сыфтæ йын куыд æхсызгонæй фæлдæхта, йе ’мдзæвгæтыл фыст зарджыты рæнхъытæ йын дзы куыд зæрдиагæй каст, уымæй бæрæг уыд, Барисæн, куыд адæймагæн, хъæбатыр хæстон æмæ курдиатджын поэтæн цас бæрзонд аргъ кодта, уый. Мæ уацхъуыды цы аиппытæ æмæ фæхуыздæр кæнинаг бынæттæ уыд, уый мын æргомæй загъта, аивдæр бынæттæ дæр мын бацамыдта.

Зæрдæхæлар, æргомдзырд, цæстуарзон, хъæлдзæг æмæ цыргъзонд адæймагæй зонынц Хъасболаты йæ курдиатæн ын аргъгæнджытæ. Газет «Рæстдзинад»-мæ, журнал «Мах дуг»-мæ цы æрмæджытæ бацæттæ кæны, уыдон аивадон æгъдауæй сæ арæзтмæ гæсгæ фæзминаг вæййынц æрыгон журналисттæн æмæ литературæйы сæ хъарутæ фæлварджытæн. Дохтырыл дзура, шофырыл, хъæуон хæдзарады бирæ азты фæллойгæнæгыл, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайæгыл – йе 'рмæг вæййы фæлгоцджын æмæ æнцонæмбарæн æвзагæй фыст. Йæ мидис амад у йæ архайæджы царды æмæ фæллойадон фæндаджы мидисджындæр цаутæй. Йæ зонд æмæ зæрдæ куыд парахат сты, уый зыны йæ алы аивадон уацмысы дæр.

«Рæстдзинад»-ы ма куы куыста Хъасболат, уæд иумæ цæттæ кодтам «Æнцойбоны фарс». Алы сабаты дæр-иу ыл адæм æхсызгонæй сæмбæлдысты, фыццаджыдæр, уымæн, æмæ дзы мæ буц хистæры æрхъуыды ирдæй кæй зынд. Йе 'рхъуыдыгонд у газеты сатирикон рубрикæ «Цæмæй нæу разы Афæхъо». Йæхæдæг æм фыста царды риссагдæр фарстатыл, æхсæнады æнæуаг фæзындтытыл дзурæг уацтæ.

Ныр дæр мæм Хъасболат арæх телефонæй æрбадзуры, хæдзары дæр æй абæрæг кæнын. Зæрдиагæй аныхас кæнæм сфæлдыстадон куысты фарстатыл, бæстон мын равзары ме 'рмæджытæ. Йæхæдæг куыд зæрдæхæлар æмæ цардбæллон у, ахæм сты йæ цардæмбал Дзылыхон Людмилæ æмæ сæ кæстæртæ Виктория æмæ Витали дæр.

Йæ царды æмæ сфæлдыстадон фæндагæй райгонд æмæ сæрыстыр кæд исчи у, уæд – Черчесты Хъасболат дæр. Цы азтæ рацард, уыдон æххæст сты удцырын æмæ адæммæ, йæ куыстмæ æгæрон уарзтæй. Цы зоны, уый у бæлвырд, цы архайы, уый та – бæстон. Гъемæ ма йын бирæ хорз уацмыстæ ныффыссын бантысæд!

*ГАСАНТЫ Валери*

*Æрмæг мыхуырмæ бацæттæ кодта*
*ТЪЕХТЫ Тамерлан*

КЪАДЗАТЫ Станислав

# УÆЛХУРÆЙ ДÆЛХУРМÆ

## УДЫ НОМ

* * *

Уды ном – Арв,
Уды ном – Арт,
Уды ном – Хох,
Уды ном – Тох,
Уды ном – Зард,
Уды ном – Цард.

## ÆРТЫВÆР БÆРÆГБОН

*(Нæ радио, телеуынæн, кинойы юбилей)*

Уæлхурæй дæлхурмæ
Цы хабæрттæ ис,
Сæ хæдуæлвæд дзурын –
Нæ ис æмæ бис.

Нæ рæбын у махæн
Сыгъзæрин къæбиц, –
Фыдæлты зæдбадæн,
Нæ фидæны билцъ.

Ам – царды æрвайдæн,
Ам – музæты зиу.
Нæ фидиуæн, байрай,
Кæн зæрдæтæ иу!

* * *

Лæппын цъиутау æвзартæн
Æрмийæ дардтон дон,
Сæ мæнцъи удты артæй
Йæ мидбыл худтис бон…

Цы табуйаг цинæй
Æз райдыдтон бон –
Цъæх æвзартæн цъиутау
Куы бадардтон дон!

Сæ сыфтæ мæм райгæ
Рæу-къухтау тылдтой.
Мæ удæн уый тайгæ
Æвдадз уыди, сой.

Гъе уымæй æнæрцæф
Нæ дунейы фарн, –
Нæ ныййарæг æрдзау
Куы тауай дæ хъарм.

## НЫРЫККОН АДÆЙМАГ

Цæргæс мæ сæрмæ зилы,
Йæ дзæмбыйы – цъæх калм,
Йæ базыртæ мæм тилы –
Охх, диссагдæр цы уа!

Фæдисон уаст ныккæны –
Кæд агуры æххуыс?
Йæ риумæ та куы кæлы
Цъæх маргимæ фыдрыст…

Мæ хъысмæтимæ афтæ
Æдзух кæнын æрмхæст.
Мæ уд цы фарстæй рафтыд:
Дæн калм æви цæргæс?!.

Кæрæдзийæ цы дарæм?
Кæрæдзийы цы марæм?

* * *

Поэтыл Арвæй
Ис ахæм хæс:
Хуыцауы арфæ
Зæххонтæм хæсс.

Уæлтæмæн арты
Дæ зæрдæ судз,
Куыд кæна царды
Цъымара хус.

## НЫББАР НЫН, НЕ 'ВЗАГ

*Алдымбыд*

1. Мæ уд æртау дæр нал у
Нæ адæмы мæтæй,
Цыма Артъауыз тауы
Йæ фыд-мыггаг цъæтæн.

Куыд мæгуыр дæ хъæздыгæй,
Нæ мадæлон æвзаг!
Куыд райгæ дæ дæ гуырæй, –
Дæ хъæбултæн дæрддаг!

2. Мæгуыр дæ бон, ирон æвзаг –
Куы нал кæны ирон дæ фаг.

3. Цыма Иунæг Стыр Хуыцауæй
Курын æз хатыр дæуæй,
Абон мах цы былæй хауæм,
Уым сæрсæфæн дæр куы нæй…

4. Сæфты къахыл не 'взаг –
Оххай-гъе, уæууау!
Мах нæхæдæг – йе знаг,
Махæн уыд æвгъау.

5. Китайы куы нæ дæн, мыййаг, –
Цы фæцис нæ ирон æвзаг?
Цы фесты нæ дзыллæ, нæ адæм?!
Æдзух кæйдæр уæрдоны бадæм.

6. Мæ удæн асастой йæ базыр,
Уæддæр куы нæу йæ састыл разы,
Йæ иннæ базыр зæххыл хойы –
Йæхи тыххæйты арвмæ схойы…

7. Байрай, Ирыстон – нæ зæрдæ!
Байрай фыдæлты уæзæг!
Удæн ирон дзырды зæлтæ –
Ноггæнæг суадон, дзæм-дзæм.

## МÆГУЫРГУР

I

Æуyæндын ма абон
Æрмæстдæр мæлæтыл,
Гъе афтæ мæ амонд
Куы тахтис дæлæты.

Гъе афтæ нæ царды
Паддзах уыдис хæйрæг,
Фыдæх мын мæ бартæ
Куы æркодта нæймæ.

II

Ацы зæххыл бафтын
У мæнæн хæрзиуæг,
Ам куы хитын афтæ
Удæй æз хæрзиунæг.

Уым мæнæн цы мæрдтæ, –
Уыдон цыма зæдтæ,

Ногæй сæ уындзынæн,
Базырджын сæ тавсæй,
Семæ УЫМ уыдзынæн
Амæй æз æгасдæр…

## МÆ БАЗОН-БАЗОН

О куыд диссаг у дæ сусæг!
Дæ уыци-уыцитæй конд.
Æмæ алæмæты рухсæй
Ивылы мæ удмæ ронг.

О мæ зæххон зæд, мæ дуне,
Дæн Хуыцауæй бузныг æз:
Ды мæ зæрдæйæн йæ уд дæ,
Ды мæ удæн дæ йæ рæз.

*Базард:*
Басгуыхти мæнæн мæ уарзон
Диссаджы уыци-уыци.
Алæмæты базон-базон
Иунæг-иуæй фестад мин.

Алы уысм куы кæныс ногдæр
Ды мæ цымыдисы арт.
Нæй фæуæн нæ уарзты ронгæн,
Райы ног цинтæй мæ цард.

Алы бон дæр мын хæрзиуæг –
У сæуæхсидау дæ уарзт.
Зæдтæ, рацæут нæ зиумæ,
Уадз, фæфылдæр уа уæ тавс!

*Базард:*

## БУТАТЫ ЕФИМ

Фырнымддær чи уыдис йæхицæй!
Уыдис ын аивад Хуыцау,
Йæ сыгъдæг – зæдтæн дæр бæллиццаг,
Фæлæ йæ хъысмæт разынд сау.

Уæддæр нæ басасти йæ зынтæн,
Сæ тарæй рарæдывта рухс.
Кæнынц йæ уацмыстæ, йæ нывтæ
Ныр мах уæларвон зынгæй буц.

Ефим, нæ нæртон хистæр, бузныг!
Ныббар, Ирыстонæн, ныббар…
Йæ хæхтыл байтыдтай дæ уд-зынг
Æмæ фæрухсдæр ис йæ арв.

Кæны дын ныр фæсмæлæт арфæ,
Æмæ йыл ма фæу тæргай.
Фæстагæттæм дæ хæрдгæ артæй
Æууæнк фæйлаудзæн, æмæ рай.

## ХАДЫХЪАТЫ ФАТИМÆЙÆН

Макуы хон дæхи ды иунæг –
Ис дæ удæн адджын удтæ цал!
Демæ ис æдзух дæ ивгъуыд,
Æмæ макуы аскъуыйæд йæ хал!

Уый мысгæйæ, алкæд зæрдæйы
Хур цыма йæхи фæнайы,
Æмæ арвæрдыны хæрдгæйæ
Уд сывæллонау фæрайы.

О, нæ цард цъысым у, цъасс,
О, фæлæ нын зиууæттæ дæр – цал!
У сæ фыццаг мадæлон ныхас,
Хурау уый æнæрцæф у, æвал.

Уымæн у æвидигæ йæ рухс,
Уымæй мах æнустæм – буц.
Байрай, уæдæ, цæй поэт, поэтты хо!
Уæд æнæцудгæ дæ ныфсы хох!

*2021*

## ÆНАМОНД АДÆМ

*Алчидæр гуыры 3 хатты:*
*1 – мады гуыбынæй куы рантысы, уæд;*
*2 – хъуыддаг куы бакæны, уæд;*
*3 – цот ын куы рантысы, уæд.*
*Фыдæлты ныхас*

Нæ дæн æз ме ’мтугонтæй райгонд, –
Цыма фынæй кæнынц фыр хъалæй:
Дыккаг æмæ æртыккаг райгуырд
О цалæн нал бантысы, цалæн!

* * *

Кæцы ма нæ радтам
Рæстæнхъæл нæ бартæй?!
Йæ фæздæг ма ахсæм
Нæ сыгъзæрин артæн…

* * *

Мæ Терк куы стæнæг и бынтон,
Обауы йас куы сси мæ хох,
Æппын куы нал ивайы бон,
Нæ дзырд – Хуыцауы хæзна – рох.

## СИДЗÆРЫ ФÆНДОН

О курын дæ, нæ Царддæттæг,
Æрмæстдæр иу хорз æз:
Мæ дзаумæттæ дæр алкæддæр
Куыд хæссой мемæ рæз…

* * *

Стауæм, стауæм æмæ стауæм –
Афтид мыггаг æйттæй тауæм.

* * *

Нæ адæм цæмæй систы АДÆМ,
Гъе уыдон нын нал ысты адæн.

* * *

Цы зонæм зæдтæн мах бæлвырд,
Фæлæ нæхи зæххон зæдтыл – мæ дзырд,
Фæллойгæнæг у уыдонæй фыццаг,
Йæ куыст, йæ лæггадæй нæ рæбын – дзаг.

* * *

Къæпийы хъæр мын – зардау,
Куыд хорз базыдтон æз:
Къæпийы хъæр æвзартæн
Дывæр кæны сæ рæз.

* * *

Удыл куы андзæвы уд,
Уымæй у дуне рæсугъд –
Уарзты сыгъзæрин æхсон
Рацæгъды æхсæвæй бон.

* * *

Цыма нæ райсом нал хъæудзæн цæрын,
Кæрæдзи цæстытæм кæсын, –
Нæры æхцайы рад, нæры,
Лæджы ном рохуатмæ хæссы.

Хуыцау та сидзæрæй – кæмдæр –
Бынтон нæ æууæнкæй фæцух.
Гуыбын ныр алцæмæй уæлдæр,
Лæбуры сау тынмæ нæ къух…

* * *

Астæуарт у æхсæнады зæрдæ,
Астæуарт у адæмæн сæ хур –
Уый æрвиты рухс тынтæ фæйнæрдæм,
Уымæ цæуынц дугтæ дæр зынггур.

* * *

Нæ иууыл дзырдтæй у мæ удæн
Æхцондæр, табуйагдæр «мад».
Æппæт ныййарджытæн, тæхуды,
Фырттау куы кæниккам лæггад!

## ЗОНИНАГ

Сау зæххæн кувынæй
Не ’фсæды кæрдæг,
Уымæн у хур-фынау
Дидинтæй хæрдгæ.

* * *

Мæ уды ном – Къардиу*
Мæ уды ном – Радио,
Мæ уды ном – Уарди,
Мæ уды ном – Уари.

Цы хæрзтæ мын рарди, –
Æрфæнау сæ фæд!

Цы цинтæй дæн райгонд –
Фæрнæй-иу цæрæнт!
Цы нæмттæ мæ царды, –
Æнустæм нæрæнт!

*Къардиу – мæ райгуырæн Кировыхъæуы фыццаг ном.

*ЦОМАРТАТЫ Изæтбег*

# ЗЫНГХУЫСТ БÆЛЛИЦТÆ

*Роман*

*Æртыккаг чиныг*

* * *

Царды цы не ’рцыди, ахæм нал баззади, æмæ бирæ хъуыддæгтыл дис дæр нал кæнын, фæлæ ма уæддæр, нæ фысджыты æнахуыр митыл сагъæсгæнгæйæ, аджих вæййын. Хистæртæ æртын æвдæм азы мидхъуыддæгты адæмон комиссарады кусджытæй афтæ тынг фæтарстысты, æмæ сæ зæгъинæгтæ ’ргомæй нæ, фæлæ сусæгæй дзурын дæр нал уæндыдысты. Уацмыстæ фыссын та сæ фæндыди æмæ, кæрæдзи дзыхæй исгæйæ, газеты æппæлæн уацхъуыдты æмвæзадыл былалгъæй зарыдысты партийыл, хицауадыл, ног цардарæзтыл, райгуырæн бæстæйыл, фæтæгтыл, уарзондзинадыл, æрдзыл, мадæлтыл, фыдæлтыл, дидинджытыл, кæрдæджытыл... Æмæ царды æцæгдзинад æвдисыны бæсты цæуыл нæ зарыдысты! Уыдонæн ма (срастгæнæн – нæ) бамбарæн ис. Уд зынаргъ у, æрдз та адæймагæн цард иу хатт йеддæмæ нæ дætты, æмæ йæ хъахъхъæнын хъæуы. Фæлæ мæ фæлтæры минæвæртты не ’мбарын. Стыр хицæуттæ æмæ сæ дымысдæртæ «Тугмондаг залым» кæй рахуыдтой æмæ ’ппæт бæллæхтæ дæр (суанг ма фыр зæрондæй æмæ йæ низæй чи амарди, уыдоны мæлæт дæр) кæуыл ныххуырстой, уый йæ цардæй раджы ахицæн и, æмæ йæ хъазæнхъул – быдзæу, йæ къухтæ туджы сæвдулгæйæ, хины фæрцы йæ къæлæтджыны ’рбадти. Адæймаджы йæ сæрибар хъуыдытæ дзурыны тыххæй нал марынц, ахæстоны дæр æй нал кæнынц, уæддæр йæ зæрдæйы тыппыртæ раргом кæнын нæ уæнды. Уый тæппуддзинад у æви уацмыс æцæг аивадон ахорæнтæй нывæндыны фæрæз?

«Нæ хъуыдытæ нæ ’ргомæй дзурын кæй нæ уагътой, уый хорз уыди. Цæмæй нæ зæгъинæгтæ зæгъæм, уый тыххæй аивадон мадзæлттæ агуырдтам æмæ сæ ’мбæхстæй æвдыстам», – сæ риутæ хойынц, раздæр царды хицæуттæм мæстæй чи марди, стæй зæгъинаг кæмæ ницы уыди, уыдон. Куы сæм фæхъусын, уæд мæ зæрдыл æрлæууынц æппæт дунейы классиктæ:

---

Дарддæр. Райдайæн ацы азы журналы 8-æм номыры

Достоевский, Бальзак, Драйзер, Джек Лондон, Мопассан, Золя, Чехов æмæ иннæтæ. Уыдон, ныгъуылдтытæгæнгæ, сæ хъуыдытæ куы ’мбæхстаиккой, уæд сæ рæстæджы æмæ сæ бæстæты цард куыд равдыстаиккой?

Хамбечыр поэт у, Резван та – прозаик. Хамбечыр иронау фыссы, Резван – уырыссагау. Хамбечыр Ирыстоны схъомыл и, Резван – Мæскуыйы. Фыссын дæр уым райдыдта, фæлæ йæ уды быцъынæг куы аскъуына, уæддæр бæстæйы сæйраг горæты фысджыты баййафын йæ бон кæй нæ бауыдзæн, уый бамбæрста æмæ йæ фыды райгуырæн бæстæмæ йæхи райста, æнæфенд туземæгтæ та мын кæдæм ирвæздзысты, зæгъ-гæ. Цалынмæ хæсты архайджытæ  сæ тыхыл уыдысты, уæдмæ йæм сæ «фынджы» уæлхъус «оммен» зæгъыны  бар дæр нæ хаудта, фæлæ уыдон базæронд сты, сæ фылдæр та се ’нусон дунемæ ацыдысты, æмæ йæ риуы дзаг сулæфыди, йæхицæн  Хамбечыры хуызæн æмбæлттæ ссардта, былалгъæй сæ ’ппæлы  æмæ ’хцатæ кусы.  Кæм тæлмац кæны, кæм цардæй иппæрд рог киносценаритæ фыссы. Æввахс дæр æй кæмæ нæ уагътой, уыцы уырыссаг журнал дæр ма йæхи бакодта. Хистæртæ йæ ирон литературæ уырыссагау уадзыны тыххæй кæй сарæзтой, уый ницæмæ дары æмæ йæ алыхуызон ницытæй дзаг кæны. Æдзæрæг хъæуы рувас – æлдар. Йæ бонæй уæд, йæ хæлæртты фæрцы ма йæм чингуытæ уадзыны бар дæр æрхаудта!

– Резванимæ ирон прозæйы антологи уырыссаг æвзагыл аразæм, æмæ мæм дæ радзырдтæй иу ратт, – куыдфæндыйæ мын загъта Хамбечыр, æмæ йæм «Фæстаг балц»-ы дæлрæнхъон тæлмац радтон. Цыма йын залиаг калм йæ роны атъыстон, æмæ дзы фæхæцынæй фæтарсти, уыйау мын æй дыккаг бон фæстæмæ мæ къухты фæсагъта, æмæ дзы æнæмæтхуызæй цыппар дзырды схаудта:

– Резван æй нæ уадзы.

– Цæуылнæ?

– Æз, дам, Гæрайы-фырты радзырдæй социализмы бындуртæ не ’нкъуысын кæнын.

– Социализмы бындуртæ ’нкъуысын райдыдтой, цыфыддæр æнак-кæгтæ нæ бæстæйы рохтыл куы æрхæцыдысты æмæ дзы хынджылæггаг куы сарæзтой, уæд. Хуыцау æм уæларвæй куы ’рхиза æмæ йæ йæ тых-йæ бонæй куы хъахъхъæна, уæддæр ын фервæзæн нал ис, фæлæ Резван йæ фындзæй дарддæр ницы уыны.

Хамбечыр мæм ахæм цæстæй æрбакасти, цыма мын афтæ зæгъынмæ

хъавыди: «Цытæ дзурыс, цытæ? Æдылы фæдæ?» Æмæ ууыл нæ ныхас ахицæн и.

Мæ радзырд антологимæ кæй нæ бахаудзæн, уый мын уыйбæрц хъыг нæу. Мæ астæуыл мæ дыууæ дихы кæны, ме 'мгæрттæ дæр хистæртæй кæйдæртау æнæныфс кæй сты æмæ литературæйы кæй ницы сараздзысты, уый. Резван уырыссагау фыссы, æмæ уырыссаг литературæ æнæ уый уæлæнгай уацмыстæй дæр нæ фесæфдзæн. Мæн сагъæстыл æфтауынц ирон фысджытæ. Искуы-иуæй фæстæмæ иннæтæ сæ аууæттæй дæр тæрсгæ кæнынц, афтæмæй сæхицæй курдиатджын хъæбатыртæ аразынц. Сæ раздзæуæг Гисо у. Айразмæ мын цы ныхæстæ загъта, уыдон мæ иу минут дæр нæ рох кæнынц:

– Нæ дæм дунембарынад и, нæ дуненкъарынад, æмæ дæ фыссын ныууадз! Фыссæджы курдиат мады гуыбынæй рахæссын хъæуы, ды йæ нæ рахастай æмæ дæхи ма тухæнæй мар! Дæ рæстæг кæй сафыс, уый дын æгъгъæд нæу æмæ ма мæ рæстæг дæр сафыс!

– Чи дын æй сафы?

– Ды!

– Куыд?

– Дзæбæх! Майрæм мæм дæ уацау радта, æмæ йыл мæ сызгъæрин рæстæг зыбыты дзæгъæлы фесæфтон! Æмæ рæстæгæн къах – йæ роны, фæлæ йæ кæрæй-кæронмæ мæстæй мæлгæйæ фæкастæн!

– Афтæ тынг дзы цæуыл смæсты дæ уагæр? – бафарстон æй, цæуыл дзуры, уый цыма не 'мбарын, уыйау.

– Ахуыргæнæг куы дæ, гормон, журналист, хъомылгæнæг, æппынфæстаг, советон адæймаг, уæд цытæ фыссыс?! Дунейы раззагдæр скъола куыдæй æвдисыс?!

– Искуы дзы куыстай?

– Нагъ, стæй дзы кусынмæ дæр нæ хъавын!

– Уæдæ, цы уавæры ис, уымæн цы зоныс?

– Æз зонын, адæмы рæгъмæ цы хæссын хъæуы, уый!

– Тæхудиаг дæ, кæд æй æцæгдæр зоныс, уæд. Æз æй нæ зонын.

– Уæдæ дæ къухмæ ручкæ цæмæн райсыс?!

– Адæмы фæндæттæ иртасынмæ нæ, фæлæ царды æцæгдзинад æвдисынмæ, æмæ йæ 'вдисдзынæн, цалынмæ ручкæйыл хæцын фæразон, уæдмæ. Ды та Мопассаны ныхæстæ уысмы бæрц дæр ма рох кæн: «Айк лæхъуг кæй у, уый базоныны тыххæй йæ æнæхъæнæй хæрын нæ хъæуы».

Ӕмӕ ’взӕр уацмыстӕ кӕронмӕ ма кӕс, уӕлдайдӕр дӕм журналы сӕйраг редактор дӕрӕн кӕнынмӕ кӕй дӕтты, уыдон.

– Цӕмӕн мӕм сӕ дӕтты, уый цӕмӕй зоныс?

– Ме ’дылы зондӕй. Махӕй знӕгтӕ саразздзӕн, йӕхӕдӕг та не ’рдхордӕй баззайдзӕн, ӕмӕ уӕхст дӕр нӕ басудздзӕн, физонӕг дӕр сфыцдзӕн. Нӕ бӕззы, зӕгъгӕ йын зӕгъ, ӕмӕ дын дӕ уацмыстӕ ӕнӕ къуылымпыйӕ уадза.

– Зын увӕры мӕ сӕвӕрдтай. Йӕ зӕрдӕ балхӕнын дӕр мӕ нӕ фӕнды, йӕ фыдӕх райсын дӕр.

– Йӕ фыдӕхӕй йын тӕрсыс уӕдӕ? Ӕз та афтӕ фенхъӕлдтон, дӕ уд ирон литературӕ хӕмпӕлгӕрдӕгӕй бахизыныл хӕрыс.

– Цыфӕнды куы фӕуа, уӕддӕр дын ӕй нӕ рауадздзӕн, ӕмӕ ма йӕ мӕхимӕ цы хӕрам кӕнон?

– Кӕй йӕ рауадздзӕн, ууыл ӕз дызӕрдыг нӕ кӕнын. Кӕд мыл не ’ууӕндыс, уӕд ӕй бафӕлвар, цымӕ нӕ растдӕр чи рауаид.

Мӕ фидар ӕууӕнк йӕ зӕрдӕмӕ бахъардта ӕви нӕ, уый нӕ зонын, фӕлӕ мӕ фӕндыл сразы и, ӕмӕ уацау журналы рацыди.

– Цӕй, куыд у? – бафарстон ӕй, мӕ хинхудт ӕмбӕхсгӕйӕ, ӕмӕ мыл тарӕрфыгӕй йӕ къух ауыгъта.

– Нӕ йӕ бакаст, ӕндӕр ӕй федтаис…

– Бакаст ӕй ӕви нӕ, уый мӕнмӕ нӕ хауы. Рауагъта йӕ ӕви нӕ?

– Рауагъта, фӕлӕ уыл ӕз обкоммӕ куы бахъаст кӕнин, уӕд та?

Ӕппындӕр ӕнхъӕлмӕ кӕмӕ нӕ кастӕн, уыцы ныхӕстӕ дзы куы фехъуыстон, уӕд фӕуыргъуыйау дӕн ӕмӕ мӕ фыр диссагӕй дзурын дӕр ницыуал сфӕрӕзтон. Рауадзыны бар йӕхӕдӕг кӕмӕн радта, уыцы уацауӕн цы куыст бакодта, уый куы базыдтон, уӕд та ӕрвдзӕфау фӕдӕн. Йӕхи хуызӕн лӕмӕгъ тӕппуд фысджыты ӕрӕмбырд кодта, ӕмӕ йӕ, кӕрӕдзи дзыхӕй исгӕйӕ, цъыфы сӕвдылдтой. Мӕ уацаутӕ ӕмӕ мын мӕ радзырдтӕ адӕм ӕхсызгонӕй кӕй кӕсынц, уый йӕм хардзау ӕркаст, секцийы сын иумӕйаг тӕрхон рахаста ӕмӕ ма йӕ, мӕн мӕ чиныгкӕсджыты цӕсты бафтауыны тыххӕй журналы ӕмӕ критикон уацты ’мбырдгонды дӕр рауагъта: «Ирбеджы уацмыстӕ ссардтой сӕ кӕсӕджы. Цы хуызы, цӕй руаджы? Аслам «экзотикон» хабӕрттӕ сын уыцы цӕхджын ӕмӕ бӕгъгъӕтгомӕй дзадзджын лӕвӕрд кӕй ракӕны, уый руаджы. Йӕ чиныгкӕсӕг интеллектӕй хызт у, хъуыдыйӕ – цух, ӕнцонсайӕн у».

Царды ӕцӕгдзинад кӕм равдыстон, уыцы уацмыс йӕ фыр тӕппудӕй мӕстӕй мӕлгӕйӕ кӕй касти, обкомӕй мӕм кӕй ӕртхъирӕн кодта ӕмӕ

мыл фысджыты кæй сардыдта, уый дзы «ферох и» æмæ ныффыста уацау. Йæхицæй фæстæмæ дзы аххосджын кæны алкæй дæр, уæлдайдæр, партион кусджыты. Йæхæдæг дæр нæ уæндыди фыссын, мæн дæр нæ уагъта, афтæмæй ныр йæхицæй кæстæрты ахуыргæнæг æмæ партийы амæттаг аразы.

Хылмондаг кæй у, уый тыххæй дзы æдзухдæр мæхи хизын. Иу зианы йæ цæсты зулæй дардмæ ауыдтон æмæ йæм мæ чъылдым фездæхтон. Куынæ мæм æрбацыдаид, уымæ бæллыдтæн, фæлæ мæ бæллиц нæ сæххæст и. Сабыргай мæм йæхи ’рбайста æмæ мын карз æфхæрд авторы хъæлæсæй литературæйыл дзурын райдыдта, стæй социалистон цардарæзтмæ рахызти æмæ дзы дур дурыл нал ныууагъта:

– Йæ хиваст сæргълæуджытæ маринаг уыдысты, нæ дзыхтыл нын цъуттатæ сæвæрдтой, æмæ нæ бон зæгъын ницы баци!

Обкоммæ бахъаст кæнынæй мæм куыд æртхъирæн кæдта, уый йын йæ цæстмæ бадарынмæ хъавыдтæн, фæлæ йæм кæй ницы бахъардзæн, уый зыдтон æмæ мæхи баурæдтон. Фæлтау дзы, зæгъын, йæ хæлармæ цы зæрдæ дары, уый ракъахон. Йæ хæстæг дæр у, цалдæр чиныджы дæр ын рауагъта.

– Ма зæгъ, ма зæгъ… Кæмæндæрты сæ бон бирæ цыдæртæ зæгъын баци…

– Кæмæн?!

– Де ’мхъæуккаг афтæ зæгъы: мæн ничи бахъыгдардта. Æз цы зæгъынмæ хъавыдтæн, уыдон иууылдæр загътон, – рафæзмыдтон ын Гæлæуы ныхæстæ.

Гисойæн йæ цæстытæ знæт æрттывд фæкодтой, цæхгæр мæм фæзылди, æмæ дзы старстæн, йе стыр къухтæй мын мæ хурхмæ куы фæлæбура, уымæй. Зианджынтæм кæй ис, уый дæр ницæмæуал æрдардта.

– Æмæ цы загъта?! Иу дзырд дæр æнæ рæдыдæй ныффыссын куынæ зоны! Йæ ницæйаг уацмыстæ йын тыхарæзтытæ фæкодтон æмæ дзы фæфыдæнхъæл дæн! Сымсымæг! – срæцыгъта хъæрæй.

«Адон кæрæдзиуыл дæр куынæ ауæрдынц, уæд ма мæныл бацауæрддзысты?» – ахъуыды кодтон мæхинымæр. Гисомæ хъусгæйæ, мæ зæрдыл æрлæууыд, айфыццаг мын Гæлæу мæ уацмыстæ куыд дæлоз æрæппæрста, уый.

– Мæ чиныг афæдзы размæ рацыди æмæ нæма ауæй ис, дæ чиныг рухс нырма æрæджы федта, æмæ дын æй алхæдтой, фæлæ дæхицæй ма

ныхъхъал у.  Мæнæй курдиатджындæр нæ дæ. Бульварон романтæ кæй фыссыс, уый тыххæй дын сæ кæсынц цымыдисæй. Ирон адæм мæ уацмыстæ бамбарынхъом нæма сты.

Кæд мæ хъазгæ кæны, зæгъгæ йæм фæрсæгау бакастæн, фæлæ хъазын йæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыди. Йæ къæхты бын мæ куыд ассæнддзæн, ууыл рагацау ахъуыды кодта æмæ мын уыцы дæлдзиныггæнæн ныхæстæ æцæгæй загъта, йæ хæс æххæстгондыл банымадта æмæ ацыди.

Зонгæ дæр кæимæ нæ уыдтæн, ахæм критик мæ уацмыстыл дыууæ уацы ныффыста, æмæ йæм йе ’мкоймаг балæбурдта:

– Æндæр кæмæй æппæлай, уый дын нæй?!

Университеты филологон факультеты студенттæ мын мæ ног чиныг кæрæдзимæ лæвæрдтой æмæ йæ зыдæй кастысты. Сæ ахуыргæнæг сæ бафиппайдта æмæ сæ бафарста:

–  Афтæ зæрдиагæй цы кæсут, уæ хорзæхæй?

– Гæраты Ирбеджы ног уацау.

–  Ссардтат, цы кæсат, уый!

Æнхъæл уыдтæн, кæстæртæ хистæртæй ныфсджындæр, цæстуарзондæр æмæ сыгъдæгзæрдæдæр уыдзысты, фæлæ та ацы хатт дæр фæрæдыдтæн...

* * *

Литературæ мын æвдадзы хос дæр у, тыхсæттæн дæр. Æрвылбон мæ алыварс цы æнæзæрдæисгæ цард уынын, уый цæстылуайгæ нывау кæдæмдæр ацæуы, æмæ цыбыр рæстæгмæ мæ удмарæн сагъæстæй фервæзын. Мæ сабибонтæй фæстæмæ цы удхайраг хъизæмæрттæ бавзæрстон, уыдонæй мæ сæрымагъз асыгъдæг вæййы. Хæлæггæнаг тæппуд фысджыты æдзæлгъæд æлхысчъытæ дæр мигъфæлмы аныгъуылынц, мæ зæрдæмæ мын цы чъизи бахæссынц, уый уæларвон дзæбæхгæнæг къух айсы, æмæ мæм литературæ ногæй йæ мидбылты бахуды. Æрфæнды мæ лæджы ном æгадгæнæг цардæй мæхи атонын æмæ ’фхæрд адæмы цæрынмæ разæнгардгæнæн æрдхæрæны дунемæ ахонын. Мæ разы цардæгасæй фæлæууынц мæ ног уацмысы хъайтартæ. Куыд ирдæй сæ фæуынын, афтæмæй-иу сæ мæ бон гæххæтмæ рахæссын куы уаид, уæд-иу адæмы зæрдæты цæхæркалгæ стъалытау баззаиккой, фæлæ мын сæ фæлгонцтæ фæлвыхдæр æмæ æгъуыздæр рауайынц. Цæмæй чысыл фæмидисджындæр æмæ фæирддæр уой, уый тыххæй мæ бахъæуы къуыритæ æмæ мæйтæ бахардз кæнын, фæлæ сæ уæддæр мæ зæрдæ кæронмæ нæ барухс вæййы.

Цы ’хсæнады цæрынц, уый æгæр тызмæг у, тызмæгдзинадæй та зæрдæйæн барухсгæнæн нæй…

Мæ мидæггаг чысыл уаты бадын æмæ, мæхиуыл нæ ауæрдгæйæ, кусын. Æрдæгфыст сыфтæ скъуынын æмæ сæ бырæтты чыргъæдмæ калын. Мæ сæр сриссы, æмæ йæ къранты уазал донмæ бадарын. Цалынмæ хус фæкæны, уæдмæ йын йæ уæззау рыстæй фервæзын, мæ уацмысыл мæ цæст ногæй æрхæссын æмæ йæм базилын. Сæры рыстæй ма цыбыр рæстæгмæ фервæзæн ис, фæлæ мæ мылыты рыст æппындæр не ’нцайы, уæддæр мæ куыст нæ уадзын. Афтæ мæм кæсы, цыма мын цæрынæн бирæ рæстæг нæй, æмæ адæмы раз мæ хæс сæххæст кæнын мæ бон нал бауыдзæн. Уыцы хъуыды мын æнцойад нæ дæтты æмæ мæ цырынæй размæ схойы.

Хæрын мæ куынæ хъæуид, уæд хойрæгтæ амал кæнынæй сæнæмæт уаин æмæ мын фылдæр æнтысид, фæлæ мæ ахсæн сафтид вæййы æмæ мæ тухæнæй фæмары. Мæнæ та йын ныр дæр йæ къултæ цыдæр фæхæры, мæ хъуыдытæ мын йæхимæ здахы æмæ мæ кусын нæ уадзы. Æвæндонæй сыстадтæн æмæ цæлгæнæнмæ бацыдтæн, зæронд скъапп æмæ уымæй зæронддæр гыццыл уазалгæнæнмæ кæсын, фæлæ дзы ницы уынын. Æмæ дзы цы хъуамæ фенон, куы ницы дзы сæвæрдтон, уæд? Дуканимæ састзæрдæйæ араст дæн. Бæрзонд æвæрд ног арæзт бæстыхай. Йæ ном дæр бирæйы аргъ у – «Хурзæрин». Куы йæ гом кодтой, уæд æм адæм исты ’нхъæлæй, кæрæдзи сæртыл хаугæйæ, бабырстой æмæ сæ къæхты бын иу зæронд усы бассæстой, фæлæ сæ уый дæр нæ баурæдта. Кастæн сæм æмæ сын дис кодтон се ’гъатырдзинадыл. Æххормаг азты та ма сæхи куыд дардтой, цымæ? Уæвгæ нæм æфсæст азтæ та кæд уыди? Мæхи зонынхъом куы фæдæн, уæдæй фæстæмæ нæ царды ницы аивта. Нæ фæлдыст бæстæйы ’ппæты бæрзонддæр къæлæтджыны ног хицау куы сбады, уæд йæхи равдисыны охыл æнæбары базмæлы, æмæ иучысыл нæхиуыл схæцæм, стæй та цъæх хъуынайæ ’мбæрзт цъымарайы ныссæдзæм.

Дуканийы къæсæрæй афтид райдзаст залмæ бахызтæн æмæ мæ алыварс ныфссастæй фæлгæсын. Цæст дзы цæуыл æрхæца, уый нæй. Уæвгæ, ам бынтон раст нæ дæн. Фæлурсбын, чъизихуыз, зæрдæхæццæгæнæн сосискæтæ – бирæ, се ’лхæнджытæм æнхъæлмæ кæсынц, фæлæ сыл бынсæфт къуппритæ йеддæмæ ничи ’рвæссы, æмæ сæ хъысмæтыл кæуæгау авгæй æмбæрзт стыр уазалгæнæнты тыхстхуызæй лæууынц. Афтæ банхъæлæн ис, цыма бирæ азты чехоткайæ фæсадысты æмæ ныр фæстаг улæфтытæ кæнынц. Æртæлитруат банкæтæ та – уыдонæй фылдæр. Сæ тæккæ дзаг

сты ærдæгфых гыццыл цъæх пъамидортæй. Æдзæхх æмæ сæ æнадæй бахæрæн нæй. Лæхъир кæй сты, уый тыххæй ма сыл суанг бынсæфт къупритæ дæр не 'рвæссынц. Уыдонæй лæхъирдæр та сывæрджын хæфсыты 'нгæс джитъритæ сты…

Мæ хуызæн æххормаг æлхæнджытæ ма дуканийы цалдæр ис, афтид уæлвæйнæджытыл зилынц æмæ хъуыр-хъуыр кæнынц:

– Дунейы 'ппæты хъæздыгдæр бæстæйы дуканиты цы балхæнай, уый ма уæд! Бабын уат, бабын, нæ фидиссаг хицæуттæ!

– Айфыццаг мын мæ сыхаг афтæ зæгъы: картофы мыггаг æмæ нын сиахс нæ рæстмæ кæнынц! Нæ бæстæйы та, зæгъын, хицæуттæ нæ рæстмæ кæнынц!

– Мæнмæ гæсгæ нын нæ сæрыл æппæты 'взæрдæры барæй сæвæрынц, цæмæй нæ заууатмæ 'ртæрой, æмæ дзæгъæл куыйты мард ныккæнæм! Ахæм фæлдурæдджджынты кæцæй ракъахынц, Хуыцауы хатырæй?!

– Адæмы знæгтæ хæрдмæ куы бырсой æмæ сæ цъаммар цæсгæмтты фæрцы стыр бынæттæ куы ахсой, уæд уый бæстæйы сæфт у!

– Фыр зæрондæй сæ къæхтыл нал лæууынц, уæддæр сæ бынæттæй æддæмæ не 'ккуырсынц!

– Æрыгæттæ уырдæм куы бацæуой æмæ бынтон бынсæфт куы разыной, уымæй нæ тæрсыс?

Сылгоймæгтæ мæстыйæ сæ тыппыртæ уадзынц, фæлæ сæ ныхæстæ сæхицæй дарддæр никæмæ хъуысынц, стæй хъæугæ дæр никæй кæнынц. Мæнмæ дæр нал хъарынц, æмæ гыццыл морæ æйчыты цурмæ мæхи байстон. Уыдонæй дæр мæ зæрдæ фæцъæх и, фæлæ мын хуыздæр кæм и? Иуцалдæр дзы райсын хъæуы… ахсæн фæсайынæн… Дæс дзы балхæдтон æмæ дуканийы къæсæрæй бетон асинтыл зæхмæ 'рхызтæн. Мæ акомкоммæ кæсын æмæ адæргæй мæ цæстытыл не 'ууæндын. Ме 'фсымæр асфальтыл уæлгоммæ фæлдæхтæй хуыссы, йæ бын – хуылыдз. Худинаг æмæ аллайаг! Мæ зæрдæ мын цыма исчи судзины фындзæй срæхуыста, уыйау æлхыскъ рыст скодта. Уыцы æгадгæнæн ныв уынынц бæсты цыфæнды хъизæмæрттæ 'взарыныл дæр разы дæн. Зæхх мæ быны куы ныххауид, уæд мын æнцондæр уаид. Тугъан мардæй уæлдай ницы 'мбары. Нæ дзурынæн у, нæ – змæлынæн. Ардæм куыд æрбахаудта, Хуыцау – йæ зонæг. Схæцыдтæн ыл æмæ йæ тыхамæлттæй мæ фатермæ ахастон, цынадтон æй æмæ йæ диваныл схуыссын кодтон. Хъайла бахордтон æмæ мæ кусæн стъолмæ бацыдтæн, фæлæ ма цæй фыст æмæ цæй цыдæр. Мæ

радзырд мæм фæкасти цардæй дæрддзæф æрымысæггаг цау. Ныфсæвæрæн уацмыстæ нывæндынмæ кæй нæ райгуырдтæн, уый бамбæрстон, апырх æй кодтон æмæ йæ чыргъæдмæ ныппæрстон, Тугъаны цур æрбадтæн æмæ æнæрай сагъæстыл фæдæн. Мæ зæрдыл та ’рлæууыдысты мæ хо Зæлинæйы ныхæстæ. Уæвгæ мæ рох та кæд фесты? Æдзухдæр мæ хъусты зæлынц æмæ мæ цин кæнын ницæуыл уадзынц: «Мæ рæсугъд æфсымæр, дæ царды хорзæй мацæмæ ’нхъæлмæ кæс. Нæ мад тынг æнамонд уыди æмæ, кæй ныййардта, уыдон дæр ницы амонд фендзысты».

Халонау йе уæны куыд касти, уый диссаг у. Йæхæдæг дæр æнамонд уыди, Тугъан дæр æнамонд у, æз дæр, суанг ма нæ хо Радимæ дæр. Къупри лæгмæ смой кодта, æмæ дзы маст йеддæмæ ницы уыны. Уæвгæ, нæхи кой цы кæнын? Иннæтæй амондджын чи у? Ничи. Хистæртæ, удхаргæнгæйæ, фæцардысты æмæ амардысты, Руслан ус æрхаста æмæ йæ расыгæй хойы. Æртæ чызджы æмæ йын æртæ лæппуйы ныййардта, уæддæр ыл нæ ауæрды. Æрвонгæй сабыр вæййы, фæлæ арахъхъ куы бануазы, уæд æй уромæг уромын нал фæфæразы.

Аслан иу чызджы уарзта, фæлæ йын æй Аминæт курын нæ бауагъта. Æнæ уарзгæйæ ’ндæр чызджы ’рхаста æмæ удхарæй мæлы. Кæд ын дыууæ лæппуйы ис, уæддæр æй йæ бинонтæ нæ хъæуынц, æмæ йæ уарзонæн лæгъстæ кæны, искæдæм алидзæм, зæгъгæ. Уый дæр йæ лæгæй ахицæн æмæ фенамонд и, фæлæ Асланыл дæр нал æууæнды. Мæ алыварс цы адæм цæры, уыдонмæ дæр кæсын, æмæ дзы амондджын ничи у. Фысджытæ та бынтон æнамонд сты. Иуæн дзы йæ фырт къæдзæхæй рахаудта, æмæ йыл йæхи мары, цалдæр фыссæгæн сæ фырттæ – наркомантæ, сæ чызджытæ – хæтаг сылтæ, Майрæм æнæ зæнæгæй баззади, Сабаны та йæ фырт æнæ хæдзарæй ныууагъта, йæ усæн йæ зæрдæ аскъуыди, æмæ лæг бынтондæр нозты бын фæци.

Куыстмæ куы ацыдтæн, уæд Тугъан æрчъицыдта æмæ йæхицæн хъайла скодта, хъæумæ йæхи айста æмæ бинонтимæ хыл кæны, сывæллæттæм æвзæр дзыхæй дзуры, адæмы цыфыддæр ныхæстæй æлгъиты. Ахæм æнæхъола расыггæнаджы бабыхсынæн æндон фæрстæ хъæуы. Руслан дзы йæ хъуырмæ сси æмæ йæ йæ хæдзарæй ратардта. Æз æй мæхимæ хонын, фæлæ йын арахъхъ нуазын кæй нæ бауадздзынæн, уый зоны æмæ мæм нæ комы. Дзæгъæлы нæ фæзæгъынц: «Хæдзаргæнæг – æнæ хæдзар». Цæргæбонты адæмæн алыхуызон рæсугъд хæдзæрттæ чи фæцарæзта, уый уынджы къæйыл æнæ бакæнæгæй баззади æмæ алы рæтты гуыбыны

хардзыл кусы. Кæмæн пец амайы, кæмæн йæ сарайы сæр цалцæг кæны, кæмæн йæ хъомдон мæрзы æмæ ма йæхи æдде мæн дæр æгады бынаты æвæры. Иу ран хосы мæкъуылæй рахауди, æмæ йæ къах асасти. Кæмæ куыста, уый йæ куыдзы хъуыды дæр не 'ркодта. Æз æм рынчындонмæ фæцыдтæн æмæ йæ комкоммæ бафарстон:

– Мæн йеддæмæ ма искæй хъæуыс?

– Нагъ.

– Цæрын ма дæ фæнды?

– О.

– Уæдæ арахъхъ мауал нуаз.

– Мæ бон æй ныууадзын нæу.

– Адæймаг фосæй цæмæй хицæн кæны, уый зоныс?

– Цæмæй?

– Бирæ цæмæйдæрты, фæлæ дын дзы æз зæгъдзынæн æрмæстдæр дыууæ. Æвзæр æмæ хорз кæрæдзийæ кæй иртасы, стæй йæ рохтыл хæцын кæй фæразы, уымæй.

– Æртиссæдз азы дæр нæ фæцæрдзынæн, цымæ? – фæрсы мæ æнкъардæй, æмæ йын дзуапп дæттын æнæ дызæрдыгæй:

– Афтæ куы нуазай, уæд бирæ нал ахæсдзынæ. Арахъхъ йæ кæнæгæн дæр кæй нæ бары, уый дæ иу минут дæр рох ма уæд.

Йæ хъуыдыты арф аныгъуылди, æмæ 'нхъæл уыдтæн, куы сдзæбæх уа, уæд йæ цард саразынил бацархайдзæн, фæлæ – нæй. Йæ ноzт нæ ныууагъта æмæ 'рцарди, кæддæр хъæуы зындгонд давæг Бестау чехоткайæ кæм амарди, уыцы смаггæнаг чъизи фысдоны хуызæн къæсы. Мæхи афтæ хатын, цыма мæн дæр уырдæм батардта, æмæ дзы мæ амæлæты бонмæ нал фервæздзынæн. Ахæм ницæйаг царды фыцгæйæ, бæллиццаг цаутæ цы зæрдæйæ хъуамæ фыссон?

О, литературæ мæ ирвæзынгæнæг у, цыфæнды зын уавæртæй дæр мæ цардмæ раздахы, æмæ мæ 'рфæнды ныфсдæттæг уацмыс снывæндын, фæлæ мыл мæ фæлдурæджджын æхсæнад йæ уæззау харгъ æвæры, æмæ дзы мæхи атонын нæ фæразын. Иудадзыг дæр мæ сæры зилдух кæнынц иударон сыдывд хъуыдытæ: «Зæххыл адæймагæй зынаргъдæр ницы ис, æмæ хъуамæ фосы цард кæнын йæ сæрмæ ма хæсса. Цагъайраджы къæлæт хæссын æгад кæй у, уый хъуамæ алчидæр æмбара æмæ сæрибармæ тырна. Йæ лæмæгъдзинæдтыл фæуæлахиз уæвыны хъару кæмæ нæй, уый лæджы ном хæссыны аккаг нæу».

* * *

Иуæй-иу уацмыстæ зæрдæмæ куыд арф бахизынц, уый æмбисондæн дзуринаг у. Чеховы уацау «Дама с собачкой» раджы бакастæн, фæлæ мæ ’ппындæр нæ рох кæны. Автор ын йæ хъайтарты зæрдæйы уаг афтæ хорз равдыста, æмæ сын чиныгкæсæг се ’нæрай хъысмæтыл æнусы фæстæ дæр ма сагъæс кæны, цыма йæ тугхæстæджытæ сты æмæ йæ фарсмæ цæрынц, уыйау. Йæ халдих цауыл ма йын итайлаг курдиатджын режиссæр кино дæр systa, æмæ мын мæ зæрдæйы арф фæд ныууагъта. Мæхи дæр æмæ, санаторийы кæимæ базонгæ дæн, уый дæр уыдонимæ нæ барын, фæлæ мæ нæ фембæлд уæззау хъуыдытыл æфтауы. Чи никуы ’рцыд, ахæм хабар нæу, фæлæ... Æдзухдæр фæдис кæнын, санаториты, фæлладуадзæн хæ- дзæртты æмæ денджызы был æцæгæлон нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгтæ кæрæдзиуыл куыд тагъд аныхæсынц, ууыл. Сæхи афтæ фæдарынц, цыма сæ хæдзæртты сыдæй фæмæлынц, æмæ уым дзадджын фынгæй фæхъæстæ уæвынмæ фæтырнынц.

Æз мæхиуыл хæцын фæразын, фæлæ, хæрæг бæхты къæхты хъæрмæ куы сира, уыйау сабыргай сæ фæдыл араст вæййын. Ленæимæ хъазтизæры цалдæр кафты акодтам æмæ балымæн стæм, иуцасдæр цæугæдоны был, къутæрты фæстæ, цъæх нæууыл фæбадтыстæм, æмæ мын æнкъардæй йæ царды хабæрттæ фæкодта. Ис ын лæг æмæ дыууæ хъомыл чызджы. Цæрынц Мæздæджы. Хур куы аныгуылди, уæд ын æрдзы хъæбысы йæ урс цæсгоммæ уæле дæлæмæ ’ркастæн… Ницы йын загътон, фæлæ йæ мойыл гадзрахатæй куыд æнцонæй цæуы, ууыл ныхъхъуыды кодтон. Уый мæ, æвæццæгæн, мæ цæстæнгасæй бамбæрста æмæ йæхи раст кæнынмæ фæци:

– Нæ лæг мæнæй æхсæрдæс азы хистæр у. Цæмæй нæ чызджыты зæрдæтæ ма фæриссой, уый тыххæй ма иу фатеры цæрæм, æндæр кæрæдзимæ рагæй дæр ницыуал бар дарæм. Сылгоймаг æй нал хъæуы, æз та нырма æрыгон дæн, æмæ мæ буар нæлгоймаджы узæлд домы…

«Уый фыдæвзарæн у, уæдæ циу. Æмæ зæххыл ахæм бинонтæ цас и!» – хъуыды кæнын мæхинымæр.

– Дæу хуызæн лæг мæ куы фæуыдаид, уæд цы амондджын уыдаин! – мæ хъусы мын дзуры, чи не ’рцæудзæн, ахæм стыр цаумæ бæллæгау, йæ хъæлæсы иу мæнгуд ныфсы хал дзир-дзур кæны, афтæмæй. Ахæм хъæлæсы уагæй уыцы ныхæстæ цал æнамонд сылгоймагæй фехъуыстон, æвæдза. Се ’ппæт дæр мын зæрдæ æвæрдтой рæсугъд сывæллæттæ ныййарынæй, фæлæ сын мæ бон разыйы дзуапп раттын нæ баци. Ленæйæн дæр мæ

бон ницы у. Цæттæ дæн æрмæстдæр мæ уæгъд рæстæг йемæ ’рвитынмæ. Фыццаг хатт дыууæ изæры астæу мæ фатермæ, духийы тæфгæнгæйæ, хæрзарæзтæй куы ’рбацыди, уæд мæ цинæн кæрон нал уыди. Æнхъæл уыдтæн, ахæм нымдгæнæн рæстæг мын бирæ ахæсдзæни, фæлæ мæ фæлмæн зæрдæ уайтагъд ахъæбæр и, æмæ мæ цин дисмæ рахызти: «Йæ чызджыты куыд ныууадзы æмæ уыцы гыццыл хъуыддаджы тыххæй ахæм дард фæндагыл куыд рараст вæййы?» Сабаты мæм æрбацæуы æмæ мемæ иу æхсæв арвиты. Хуыцаубоны дзы ’рбатыхсын æмæ мæ былыцъæрттæ фæхæрын, тагъддæр дзы куы фервæзин, уымæ. Фæстæмæ фæкæсфæкæсгæнгæйæ, тыхстхуызæй куы ацæуы, уæд ме уæхсчытæй уæззау уаргъ ахауы, мæ уаты фæмидæг вæййын æмæ мæ кусæн стъолы уæлхъус æрбадын.

Æвзæр уавæры кæй ис, уый æмбарын, фæлæ æз дæр уымæй хуыздæр уавæры нæ дæн. «Иугæр иу æхсæвмæ ахæм зæрдæмæдзæугæ сылгоймагæй афæлмæцын, уæд ме ’фсины æрвылбон æнæ уарзгæйæ куыд быхсдзынæн?» – фæрсын мæхи, фæлæ мæ фарстæн дзуапп раттын нæ фæразын æмæ рæстæг ивазын. Адæммæ мæ сагъæстæ нæ хъарынц, æмæ мыл хионæй, æддагонæй – иууылдæр   худынц:

– Ирбег дзæдæл у, æндæр æнæ сылгоймагæй уыйбæрц куыд фæразы?

Мæ иу хъал æрдхорд ма мæ комкоммæ хынджылæг дæр кæны:

– Ма тæрс, Ирбег, ус ракур. Дæ бон ын куы ницы бауа, уæд дын æз ам нæ дæн? Сыхаг ма хуыздæр цæмæн хъæуы?

Се ’лхысчъытыл сын сахуыр дæн æмæ сæ ницæмæуал дарын, фæлæ мæхимидæг катай кæнын, уымæн æмæ, азтæ мæ иувæрсты куыд цырынæй тæхынц, уый мæ зæрдæйы рæбинаг æвæрæнтæй æнкъарын. Уый æдде ма ме уæнгтæ дæр слæмæгъ сты. Мæ галиу цонг тынгдæр риссы, æмæ йæм мæ рахиз къухæй ифтыгъдау фæлæбур-фæлæбур кæнын. Ме ’нæниздзинад кæй фæцудыдта, æмæ мæ авналæнтæ кæй ныццыбыр сты, уый мæ зондæй æмбарын, фæлæ мæ хивæнд зæрдæ йемæ нæ разы кæны. Иу æрыгон дзæбæх чызгимæ базонгæ дæн. Йæ ном хуынди Лидæ. Цалдæр хатты иумæ фембæлдыстæм, æмæ йæ курыныл ныллæуыдтæн. Куыддæр бафидыдтам, афтæ мæм æрбацыди æмæ мæ æнæуууæнкхуызæй фæрсы:

– Зухра та дын чи уыди?

Кæцæй йæ зоны, зæгъгæ, фæджих дæн, стæй йын æвæндонæй дзуапп радтон:

– Мæ ахуырдзау… таджикаг чызг…

– Æмæ ныр кæм и?

– Сæхимæ… Кулябы…

– Дæуæй цы уавæры ацыди?

– Ома?

– Сывæрджынæй, дам æй арвыстай…

– Чи дын загъта?

– Уый дæ цæмæн хъæуы?

– Раарфæ йын кæнон.

– Йе ’мкъласон – Дауыр, фæлæ йын цæй тыххæй арфæ кæныс?

– Æцæг лæг æнхъæл мын кæй у, уый тыххæй.

– Уым лæгдзинадæй цы ис?

– Ницы, фæлæ нæлгоймæгтæн сæ нæуæдз фараст проценты мæнау сывæллон-чызджыты сыгъдæгæй нæ ауадзынц, фехалынц сæ æмæ фæтары вæййынц. Бирæтæ мæнæн дæр ахæм æгъатыр лæгсырд æнхъæл сты. Цæмæн, уый зоныс? Уымæн æмæ адæймагæн йе ’рдзысконд ахæм у, æмæ сæхæдæг дæр афтæ бакæниккой. Æрмæстдæр искуы-иу нæлгоймаджы бон у ’взонг чызджы цыбæлгæнæн буармæ йæхи бауромын æмæ йын йæ сыгъдæгдзинад бахъахъхъæнын.

Мæнмæ гæсгæ йæм мæ ныхæстæ ’ппындæр нæ бахъардтой. Цы нæуæдз фараст проценты кой йын скодтон, кæд уыдоны монцифтыгъд «лæмæгъдзинад» йæхимæ дæр æнкъары æмæ мыл уый тыххæй не ’ууæнды. Æнæ ’ууæнкæй та уый цæй цард уыдзæн? Уæвгæ йæ ’ууæнчы ’фсон дæр цы кæнын? Кæд хъуыддаг арфдæр æвæрд у, æмæ йæ мæхицæй дæр æмбæхсын?

Зухраимæ кастыстæм кинонbackыв «Ромео æмæ Джульеттæ»-мæ. Уарзæттæ куы амардысты, уæд Зухра кæуын райдыдта. Æз æй сабыртæ кодтон, фæлæ уый не ’нцади. Уымæ кæсгæйæ ма мæхи цæстытæ дæр доны разылдысты. Мæ зæрдæйы тугтæ йыл ныккалдысты, æмæ ма йын фыр тæригъæдæй цы акодтаин, уый нал зыдтон. Цæмæй мауал кæуа, уый тыххæй разы уыдтæн алцæуыл дæр.

Ууыл дзæвгар рæстæг рацыди, æмæ та уыцы киномæ акодтон Лидæйы дæр. Уарзæтты мæлæты фæстæ кæуын куы райдыдта, уæд мæм тæригъæд дæр нæ уыди, йе ’рсабыр кæныны хъуыды дæр мæм нæ фæзынди. Фæндыди мæ ’рмæстдæр йæ хуылыдз цæсгом ныдздзæхст кæнын æмæ йæ кинотеатры бадгæйæ ныууадзын. Мæ тызмæгдзинадæй мæхæдæг фæтарстæн, æмæ мæ ’ппындæр ницыуал хъуыди. Мæ зæрдæ мæм сдзырдта: «Нæ дæ хъæуы, æмæ йæ ма ракур», æмæ йæм æввахс дæр нал бацыдтæн.

Нæ чындзæхсæвы ’мгъуыд куы ’рхæццæ ис, уæд нæм йæ бинонтæ сæ минæвары ’рбарвыстой, уæ чындзы ахæссут, зæгъгæ, фæлæ æз мæхи ницыхъусæг скодтон. Зæрдиагæй йæ чи уарзта, уымæ смой кæныныл сразы и, стæй сæ чындзæхсæвы бон æндæримæ алыгъди. Мæныл дæр уыцы лæппуйау æгады гакк кæй сæвæрдтаид, уый мæ уырны, æмæ цин кæнын, мæ къæрцхъус зæрдæмæ кæй байхъуыстон, ууыл.

* * *

– Чызджыты мауал равзар-бавзар кæн, иууылдæр хин æмæ кæлæн сты. Уæларвон зæд не ссардзынæ. Дæ цæстытæ фæцъынд кæн æмæ, кæуыл фæхæст уай, уый æрхæсс, – дзуры мын, ме сфæлдыстад бирæ чи уарзы æмæ мыл зæрдæйæ чи тыхсы, ахæм ацæргæ тарскæйаг лæг. Гом цæстæй кæуыл фæхæст вæййын, уыдоны рæузонд митыл сагъæс кæнгæйæ мын æнæууæнкдзинад мæ зæрдæ ’хсынын райдайы. Цъындцæстæй кæуыл фæхæст уон, уый та ма мын цы хуртæ фенын кæндзæн? Уыцы хъуыды мыл фæстæмæ хæцы, фæлæ уæддæр æрдз мæнæй тыхджындæр у æмæ мæ йæхионтæ домы…

Рауагъдады мæ фарсмæ цы кабинет ис, уым иу абадгæ ныллæг саухил чызг кусы. Цыма йæ тæнæг æрбадæнтыл дæлгоммæ сынчъытæ ’рзади, уыйау æй æдзухдæр лæугæйæ æмæ тыхстхуызæй баййафын. Мæнмæ гæсгæ, проспекты тезгъогæнджыты ’хсæн йæ усгуры фæцагуры æмæ рудзынгæй æддæмæ мæтæйдзаг цæстытæй уымæн фækæсы. Иу лæмæгъ уацмыс редакци кæнынæй сфæлмæцыдтæн æмæ та йæм мæ рæстæг арвитынмæ бауадтæн. Баййæфтон æм йæхицæй æрыгондæр, рæсугъддæр, хæрзконддæр æмæ бæрзонддæр бурхил чызджы. Куы мæ ауыдтой, уæд сæ ныхас фæурæдтой. Цыппорцыппараздзыд лæг йæ дзыхыл æвзонг лæппуйау нал фæхæцы. Мæхи фæуæндонхуыз кодтон æмæ ме ’мкусæджы уайдзæфæмхиц хъæлæсæй афарстон:

– Ладимæ, алы бон дæр мын «ус ракур, ус ракур» куы дзурыс, уæд мын ацы зæды хуызæн чызджы цæуылнæ нымудзыс?

Мæ ныхасы «зæды хуызæн» уазæджы зæрдæ балхæнынæн фæтъыстон.

– Табуафси, базонгæ ут, – йæ мидбылты фæлмæн бахудти Ладимæ æмæ дзæвгар фæзæрдæмæдзæугæдæр и.

– Ренатæ, – йæ хæрззылд фæлмæн урс къух мæм разæнгардæй æрбадардта чызг, æмæ йын æй æхсызгонæй райстон.

– Гæраты дзæбæх лæппу Ирбег.

– Дзæбæх кæй дæ, уый мæхæдæг дæр уынын.

– Йæ миддуне та йæ уындæй дзæбæхдæр у, – раппæлыди мæ Ладимæ. Разыйæ дзы баззадтæн æмæ та йæ афарстон:

– Дæ хæлары дын киномæ куы ахонин, уæд куыд уаид?

– Тынг хорз.

– Ды та куыд зæгъыс? – фæрсын уазæджы æмæ ’нхъæлмæ кæсын «нæ мæ ’вдæлы» фехъусынмæ.

– Зæрдиагæй мæ куы хонай, уæд дын, чи зоны, сразы уон, – дзуапп мын дæтты мидбылхудгæйæ.

– Дæуæй зæрдиагдæрæй никуыма никæй хуыдтон, – загътон ын æцæгхуызæй, йæ цонгмæ йын аивæй бавнæлдтон æмæ йыл дуары ’рдæм хъавгæ ахæцыдтæн. – Хорзæй баззай, мæ хæрзгæнæг. Замманай чызгимæ мæ кæй базонгæ кодтай, уый тыххæй дын бузныг. Куы нал фæзынон, уæд æй зон: Ренатæ мæ аскъæфта, – худгæйæ мæ къух батылдтон Ладимæмæ, æмæ мæ ног зонгæимæ къæсæрæй ахызтыстæм.

Цалдæр боны иумæ фæтезгъо кодтам, кинотæ æмæ йæ концерттæм бакодтон. Суанг ма йæ мæ хæстæджытæм дæр равдыстон, уый та мæ йæ ныййарджытæм бахуыдта, æмæ мын куыд загъта, афтæмæй сæ зæрдæмæ фæцыдтæн. Хъуыддаг кондыл банымадтон, æрмæст ма мæ хъуыди йемæ чындзæхсæвы тыххæй баныхас кæнын. Иу æхсæв æй йæ хæдзары цурмæ бахæццæ кодтон. Куыддæр мæ ныхас райдайынмæ хъавыдтæн, афтæ мæм цæхгæр фæзылди æмæ мын мæ сæр дзæккорæй æрцæвæгау срæцыгъта:

– Ирбег, мæ бон дæм смой кæнын нæ бауыдзæн.

Исдугмæ фæкъуытты дæн æмæ зæгъын ницы сфæрæзтон, æрæджиау мæхимæ ’рцыдтæн æмæ йæ, дисгæнгæйæ, бафарстон:

– Цæуылнæ?

Уый иуцасдæр хъусæй фæлæууыди, кæдæмдæр хъуыдыдзастæй фæкасти, стæй рæбыноз кæцæйдæр æртæ дзырды хъæрзæгау тыхамæлттæй ралæмæрста:

– Иу лæппуйы уарзтон…

Æнкъардæй мæм фæрсæгау кæсы. Йæ тыхстхуыз цæстæнгасыл ын ирдæй бакастæн, æппындæр мæ кæсын кæй нæ фæндыди, уыцы ныхæстæ: «Йемæ фæрæдыдтæн, æмæ дæ кæд афтæмæй хъæуын, уæд баиу уæм, кæд дæ нæ хъæуын, уæд нæ рæстæг дзæгъæлы ма сафæм», – æмæ йæ ницæмæйуал бафарстон. Хæрзæхсæв ын загътон æмæ йæм мæ чъылдым раздæхтон.

Сындæггай цæуын æмæ рудзгуытæм кæсын. Æнæ хæдзар куы уыдтæн,

уæд афтæ ’нхъæлдтон: рухс кæцæй кæлы, уыцы фатертæй амонд ивылы. Ныр мæ кæддæры æдылы хъуыдытæй фервæзтæн, уæлдайдæр, мæ дыгурон æрдхорд Амырбийы рудзгуытæм кæсгæйæ. Мæнæй бирæ хистæр у. Æртын æвдæм азы ’ппæт адæмы фæтæджы ныхмæ цы срæдыди, уый нæ хъуыды кæны кæнæ йæ мæнæн нæ дзуры. Ахæстоны йæ фæхостой, йæ зæнг ын басыгътой, æмæ йын æй дохтыртæ алыг кодтой. Æрдæгмардæй дзы раирвæзти æмæ уæдæй нырмæ цыфыддæр ныхæстæй æлгъиты йе знаджы, хоны йæ лæгмар, лæджыфыдхор, тугцъир, залым, залиаг калм.

Йæ бирæ хъизæмæртты фæстæ ус ракуырдта, æмæ йын дыууæ чызджы райгуырди, ус амарди, чызджытæ чындзы ацыдысты, æмæ иунæгæй баззади. Æппындæр амонды цъыртт кæй нæ уыны, уый йæ цæсгомыл арвы ронæй бæрæгдæр у. Мæныл æдзухдæр мæхи хуызæн æнамондтæ ныхæсынц. Айфыццаг мæм рауагъдадмæ йæ таурæгътæ ’рбахаста. Биноныг сыл бакуыстон æмæ йын сæ хицæн чиныгæй рауагътон. Тынг мæ фæбузныг и æмæ мæ иудадзыг дæр телефонæй йæхимæ хоны. Ныр никæдæм тагъд кæнын æмæ йæ хъуамæ бабæрæг кæнон. Æртыккаг уæладзыгмæ схызтæн, æппæтæй мæгуырдæрхуыз дуарыл бахæцыдтæн æмæ йæ хуыссæны бадгæйæ баййæфтон.

– Дæ изæр хорз, Амырби, – салам ын радтон хъæлдзæгæй.

– Кæй изæр у, уый хорзæх дæ уæд, Ирбег. Мидæмæ рацу.

Æнæуи йæ аразгæ зæнг йе уæлæ вæййы, фæлæ йын ацы хатт пъолыл хаудæй лæууы.

– Æппындæр нæ дзæбæх кæны. Йæ туг рахъары, æмæ мын æй мæ хистæр чызг бабæтты. Медицинон хо у æмæ йæм хорз арæхсы, – дзуры мын, йæ зæнгмæ амонгæйæ. – Чъиритæ дæр мын скодта, æмæ уæртæ цæлгæнæны чысыл стъолыл сты. Цу-ма, ахæр дзы.

– Бузныг, æххормаг нæ дæн.

– Кæд иунæгæй хæрын æфсæрмы кæныс, уæд æз демæ абаддзынæн… – йæхиуыл схæцыди Амырби æмæ йе ’нцойгæнæн лæдзджытæм йæ къух байвæзта, фæлæ йæ æз сыстын нæ бауагътон.

– Æцæг дын зæгъын, æцæг, тынг æфсæст дæн. Ацырдыгæй уыдтæн æмæ ма, зæгъын, æххæст дæу дæр фенон.

– Кæм уыдтæ, уый æз зонын.

– Кæцæй?

– Ренатæйы фыд мæм дæу тыххæй æрбацыд. Мæ чызджы, дам мын куры. Ды, дам, фысджыты хорз зоныс æмæ, дам мын æргом зæгъ, куыд

ллæппу у? Феппæлыдтæн дæ, фæлæ уый чызгæй раппæлын мæ бон нæу. Мæнмæ дзы цы хабæрттæ хъуысы, æрмæст уыдон дæр фаг сты, цæмæй йæ ма ракурай, уымæн. Дæу аккаг нæу.

– Мæнмæ дæр афтæ фæкасти…

– Айфыццаг дæм кæй къам равдыстон, æмæ дæ зæрдæмæ чи нæ фæцыди, уый замманай æрыгон лæппумæ смой кодта æмæ ма йын сывæллон дæр райгуырди.

– Йæ сины саст фæрæстмæ и уæдæ, – бахудтæн æз. – Амондджын уæд.

– Ды куы уаис амондджын, æмæ дæ хæдзарæй дæр сывæллоны цъæхахст куы райхъуысид, мæн уый фæнды.

– Цыфæнды ’взæр нæлгоймаджы фарсмæ ’рхуыссынил дæр разы чи у, мæнил ахæм гадздзатæ ныхæсынц, æмæ ’ппæт сылгоймæгтæй дæр тæрсын райдыдтон.

– Иу æнæхæлд чызг зонын, æмæ йæ куы фенис… Французаг æвзаг дæтты скъолайы…

– Никæй уынын мæ фæнды.

– Поэт Алимы зоныс?

– Зонын.

– Уый йæ рагæй уарзы æмæ йæ зæрдиагæй куры, фæлæ йын нæ комы.

– Алим мæнæй кæстæр æмæ уынддæжындæр у. Уымæн чи нæ комы, уый мæнæн дæр нæ бакомдзæн.

– Бафæлварæм æй.

– Æз никæйуал фæлварын. Мæ фæлварæнтæ иууылдæр фесты, – дзурын зæрдæбынæй, фæлæ мæм уый нæ хъусы.

– Йæ мадæн йæ къах риссы, æмæ йæ дохтырмæ фæкæны. Нæ цуры цы поликлиникæ ис, уый дуармæ райсом дæс сахатыл уыдзыстæм. Уырдæм æрбацу æмæ чызгмæ бакæс. Кæд дæ зæрдæмæ нæ фæцæуа, уæд мын-иу салам ма ратт, афтæмæй-иу ацу. Кæд дæ зæрдæмæ фæцæуа, уæд нæм-иу æрбаздæх.

* * *

«Алкæмæн дæр йæ амонд конд у», «Йæ хъысмæт ахæм у», «Адæймагæн йæ ныхыл фыст цы уа, уымæй йын аирвæзæн нæй». Ацы ныхæстæ хистæртæй арæх хъуыстон, ныр дæр сæ хъусын, фæлæ сыл не ’ууæндын. Хуыцауыл дæр не ’ууæндын, зæдтæ æмæ дауджытыл дæр, хæйрæджытыл дæр. Се ’ппæт дæр адæймаджы ’рхъуыдыгонд сты, адæймаг та нæдæр Хуы-

цауы федта, нæдæр – зæдты, нæдæр – дауджыты, нæдæр – хæйрæджыты. Уæларвон тыхтæй иуыл дæр не 'ууæндын, фæлæ искуы-иу хатт, хи зонды фæрцы рацæуæн кæцæй нал вæййы, ахæм къуырцдзæвæны бахауын, æмæ бар-æнæбары ме 'ргом æхxуысагур арвмæ аздахын.

Цал æмæ цал чызгимæ базонгæ дæн, æмæ дзы мæ зæрдæмæ цал æмæ цал фæцыди, дыууæимæ дзы фидаугæ дæр ма бакодтон, иуимæ та мæхи къайады хæдзары 'рфыстон, æмæ закъонмæ гæсгæ, бинонтыл нымад уыдыстæм, фæлæ дзы иу дæр мæ цардæмбал не сси. Æнæмæнг-иу егъау цæлхдур мæ размæ фæци æмæ мын-иу мæ цæттæ хъуыддаг фехæлдта. Ныр, йæхи цард дæр рæстмæ чи нæ саразта, ахæстоны дзæвгар рæстæг чи фæудхар кодта æмæ йæ фæстаг бонтæ хицауады æлгъитгæйæ æмæ кæугæ-дзыназгæйæ чи 'рвиты, уый ме 'нæсæрфат цард саразыныл йæ уды быцъынæг скъуыны, æмæ йæ фæдыл æбарвæндæй цæуын.

Æхсæв-бонмæ мæ мидныммæр «нагъ, нагъ» фæкодтон, нæ йæм ацæудзынæн, зæгъгæ, мæхицæн фидар дзырд радтон, фæлæ мæ дæс сахатæй чысыл раздæр цавæрдæр тых систа æмæ мæ поликлиникæмæ ахаста. «Ницы хæс æвæрд дыл ис. Дæ зæрдæмæ куынæ фæцæуа, уæд цæхгæр фæзилдзынæ æмæ фæстæмæ ам æрбалæудзынæ», – сдзырдта мæм мæ мидхъæлæс, æмæ йæ коммæ бакастæн.

Мад – ныллæггомау къуылых сылгоймаг æд лæдзæг лæууыди поликлиникæмæ бахизæн дуары цур чысыл фæзгонды, мæнæй æхсæрдæс-æвддæс азы кæстæр саухил мæллæг чызг ныхас кодта Амырбиимæ. Йæ гыццыл цæсгом ахæм къæмдзæстыгхуыз уыди, цыма исты æнæуаг ми кæны æмæ, фыр æфсæрмæй цы фæуа, уый нæ зоны. Мæ хæзгултæ æмæ мæ уарзæттæ се 'ппæт дæр уымæй рæсугъддæр уыдысты, æмæ мæ зæрдæмæ нæ фæцыди. Ацæуынмæ хъавыдтæн, фæлæ мæ иу хъуыды баурæдта: «Йæ хæстæгæй афтæ тынг чи 'фсæрмы кæны, уымæн æвзæрæй тас нæу. Цæй æмæ йемæ базонгæ уон. Мæхи дзы кæдфæнды дæр айсдзынæн».

Бацыдтæн сæм æмæ сын салам радтон. Амырби мемæ иучысыл афæстиат и, стæй мæ чызгимæ фæуагъта æмæ йын йæ мады фæдыл поликлиникæмæ бахызти. Фæндыд мæ 'рбайсæфын, фæлæ мæм чызджы иунæгæй ныууадзын аив нæ фæкаст, æмæ йæ цуры лæугæйæ баззадтæн. Дзурын цæмæй райдыдтаин, уый нæ зыдтон æмæ æрæджиау срæцыгътон:

– Базонгæ уæм. Мæ ном хуыйны Ирбег, – æмæ йæм мæ къух бадардтон.

– Светæ, – загъта мынæг хъæлæсæй, мæ къух мын æвæндонæй райста, æмæ фæджих дæн. Мæ къухæй йын уыди стырдæр æмæ дæрзæгдæр.

Зæхкусæджы уæзæгджын къух ма вæййы ахæм стыр æмæ дæрзæг. Мæ зæрдыл æрбалæууыдысты Зухрайы лыстæг даргъæнгуылдз фæлмæн къухтæ. Куы мыл-иу андзæвыдысты, уæд-иу мæ буары ’нцойдæттæг хъарм уылæн анхъæвзта, æмæ мæ-иу мæ зындзинæдтæ ’рбайрох сты. Ныр та мыл цыма уызын андзæвыди, уыйау фестъæлфыдтæн.

«Тынг хæдзардзин у. Йæ мад æмæ йæ хистæр хойы ’ппындæр æвналын ницæмæ уадзы. Куыстытæ иууылдæр йæхæдæг кæны», – мæ хъусты азæлыдысты Амырбийы ныхæстæ. Цæмæн, уый нæ зонын, фæлæ иучысыл фæсабыр дæн æмæ йæм лæмбынæгдæр æркастæн. Сатæгсау лыстæгкъæбæлдзыг цыбыркъуырд дзыккутæ, тæнæг цыбыр æрфгуытæ, нарæг гуыбыр фындз, æрвхуыз цæстытæ.  Уæвгæ, бынтон æрвхуыз не сты, кæрдæджы хуыз дæр сæм фæхæццæ ис. Йæ мæллæг къубалыл лыстæг æнцъылдтæ фæзынди. Йæ цæсгомы цъар лæгъздæр æмæ урсдæр куы уаид, уæд æй зæрдæ йæхимæ тынгдæр исид, фæлæ йын афтæмæй дæр ницы у – рæсугъд рахонæн дæр ын нæй, фыдуынд дæр нæу. Дывыдон арты бахаудтæн. Иуæй мæ фæнды йемæ хæстæгдæр базонгæ уæвын, иннæмæй – нæ. Мæ дыууæ уавæры тæразыл куы æрæвæрин, уæд уæззаудæр разынид – «нæ», уымæн æмæ йæм,  йæхимæ мæ чи ’лвасы, ахæм магнит  нæй. Мæ зæрдæмæ дзы  ’ппындæр ницы цæуы,  зæгъгæ, куы зæгъон, уæд раст нæ уыдзынæн. Цыдæр æм ис, фæлæ цы у, уый бæлвырд нæ иртасын.

Кæронмæ нырма ныр бамбæрстон, ус курынæй тæрсгæ кæй кæнын, уый. Амырби мæ мæхи бар куы ныууадзид, уæд та ацы хатт дæр мæ ускуырд фæсыкк уаид, фæлæ мæ иу ран нæ уадзы. Йæ хæрæфырты дæр ма баифтыгъта æмæ мæ йæ разæй скодта. «Жигули»-йы мæм æрбацæуынц, салам мын раттынц, æмæ мын Амырби, дуканимæ ацамонгæйæ, бардзырд дæттæгау фæзæгъы:

– Цу, уæртæ уым хорз къафеттæ балхæн, æмæ хъæумæ цом.

Кæлæнтыл дæр не ’ууæндын, фæлæ мæм афтæ кæсы, цыма мыл цыдæр тых фидар хæцы æмæ мын мæ бархъомыс исы. Æргæвдынмæ ма нывонд тохъхъылы фæласынц афтæ. Светæйы ныййарджытæ цæхгæр куы ныллæууиккой æмæ мын æй куынæ раттиккой, уæд уæззау уаргъæй фервæзин æмæ мæ риуы дзаг сулæфин, фæлæ уыдон дæр разы сты, æрмæст ма мæ сæ чызджы мæ цæсты фæкадджындæр кæныны тыххæй ратæр-батæр кæнынц.

Хъуыддаг фидауынмæ ’рцыди. Мæ хæстæджытæн сæ тæккæ зонджындæр у мæ хæрæфырт Хæстыбег – хъæууонхæдзарадон институты доцент,

курдиатджын физик, наукæты кандидат. Йæ бакаст дæр бирæйы аргъ у. Агургæ æмæ æнæаргæ минæвар. Амырбиимæ йæ ’рвитынмæ хъавын, фæлæ мæ «тыхгæнæг» ныффæрск и, ды дæр немæ рацу, зæгъгæ. «Жигули»-йы та сбадтыстæм æмæ араст стæм.

«Кæдæм цæуыс? Рахиз æмæ лидзгæ, цалынмæ дын нæ байрæджы ис, уæдмæ», – уыцы хъуыды мæ фæдыл зилы, цух мæ нæ уадзы фидауджыты хъæлдзæг ныхасмæ хъусгæйæ дæр. Кæрты лæууын æмæ сагъæс кæнын. Хæстыбег Светæйы уатæй ракодта, къæсæрыл кæрæдзи акомкоммæ ’рлæууыдысты æмæ цыдæртæ дзурынц. Дзургæ Хæстыбег кæны, Светæ та – хъусгæ. Уаты электрон цырагъ судзы, æмæ мæм бæлвырд зыны йæ гуыбыр фындз. Ныхъхъуытты йæ уадзин, фæлæ ’фсæрмдзæстыгæй йæ сæр æруагъта, йæ къæхтæм кæсы æмæ мын йæ фырнымддзинадæй мæ зæрдæ ’лхæны. Уæвгæ, Зухра дæр уымæй æнæ фырнымддæр нæ уыди. Цыфæнды мæстыйæ дæр дзы æнæхсæст ныхас никуы схаудта. Кæдæм-иу бацыдыстæм, уым-иу æппæт сылгоймæгты дæр йæ уæздандзинадæй йæхимæ ’ркæсын кодта, æмæ-иу, цингæнгæйæ, дзырдтой:

– Какая прелесть!

– Чудо-девочка!

Бакастæй – æргом зæд, мидæгæй та – ’мбæхст дæлимон. «Ай дæр ахæм куы разына, уæд бабын уыдзынæн», – хъуыды кæнын мæхинымæр, фæлæ мæ фæнд нæ ивын. Цыма мын кæлæнтæ счындæуыди, уыйау куырмæджы кæдæмдæр хилын. Кæд уый хъысмæт нæу, уæд циу?

* * *

Къухылхæцæг æмæ кæнгæ мад чындзы цæнгтыл хæцынц æмæ йæ сабыргай уатмæ фæкæнынц. Фæндыр йæ удæй арт цæгъды. Алим чындзы размæ цъилау зилы. Рæстæгæй-рæстæгмæ йæхи хæрдмæ фехсы, стæй та ’рзилы. Цы зæрдæйæ кафы, уый йæ цæсгомыл ирдæй зыны. Дыууæ боны размæ мæм йе ’мхæрæфырт – мæ хæлар Людæ – телефонæй æрбадзырдта:

– Светæимæ университеты æмдзæрæны дыууæ азы иу уаты фæцардыстæм, æмæ йæм чындзхæссæг куы ацæуин, уæд ын æхсызгон уаид.

– Табуафси, – йæ фæндыл сразы дæн разæнгардæй, фæлæ йын Алимы йемæ акæнын æнхъæл нæ уыдтæн æмæ йæм ныр дисмæ кæсæгау кæсын. Мæнæн чи нæ бакомид, уымæ чындзхæссæг ницы хуызы ацæуин, стæй йæ размæ тыххæй ласгæйæ дæр не скафин, уый та ацыди æмæ кафы. Йæ уынд мын æхсызгон у æви хъыг? Иу дæр – нæ æмæ иннæ дæр. Светæ

мæ хæдзарæй æд разгæмттæ йæ фæдыл куы алидзид, уæддæр мæ ницы сриссид, мæ сæрыстырдзинад дæр æфхæрд нæ баййафид, уымæн æмæ мæ зæрдæйы иу æнкъарæн дæр нæй. Æз, æвæццæгæн, сылгоймæгты никуы бамбардзынæн, Светæйы та ’ппындæр не ’мбарын. Алим æй уарзы, æмæ, чи зоны, йемæ амондджындæр уаид, уæддæр ын нæ бакуымдта, æз æм куыдфæндыйы цæстæй кæй кæсын, уый уыны (ма йæ уына, уымæн уæвæн нæй. Ау, бынтон куырм у?), уæддæр мемæ цæрынил сразы и.

Чындзæхсæв йæ тæмæны бацыд. Адæмыл цыма стыр хорздзинад æрцыд, уыйау хъæлдзæг ныхас кæнынц, зарынц, кафынц, худынц, цин кæнынц. Дисы мæ ’фтауы сæ райдзаст зæрдæты ахаст. Афтæ мæм кæсы, цыма мæ алыварс цы хабæрттæ цæуы, уыдон мæнмæ ницы бар дарынц. Фæнды мæ, Светæйы бынаты, скъолайы кæй бауарзтон æмæ йæ ахуыры фæстæ быдыры кæимæ тезгъо кодтон, уыцы Зухра куы фестид, уый. Мæ хъусты зæлынц йæ удрæвдауæн ныхæстæ: «Мæ зæрдæйы уидаг, мамæ мæ ардæм куынæ рарвыстаид, уæд æнæ дæу нæхимæ цы хуртæ уыдтаин?.. Иууылдæр мæн дæ? Зæгъ мын æй æнæ гуырысхойæ. Иууылдæр мæн дæ?.. Дæ зæрдæ мыл никуы сивдзынæ?.. Никæмæн дæ ратдзынæн! Мæн дæ, æрмæстдæр мæн!»

Уыцы ныхæстæ мын ныр куы зæгъид, уæд та мæм цæрын æрцæуид, фæлæ мын сæ кæй никуыуал зæгъдзæн, уый æмбарын æмæ удхар кæнын.

– Ам цы джиуыс? Дæ кайыстæм дæ цæуын кæй хъæуы, уый нæ зоныс? – ме ’нæбындур сæнттæй мæ æгъатыр æцæгдзинадмæ здахы Елиоз. Хъуыддæгтæ райдайæнæй кæронмæ тыхст æмæ уырыдæй мæхæдæг кæй кæнын, уымæ гæсгæ мæ «сиахсы цыд» ферох и. Мæ ног хæстæджытæм мæ мæ къах дæр нæ хæссы, фæлæ мын хуыздæр гæнæн нæй: иугæр симды бацыдтæн, уæд мæ симын хъæуы. Уæздандзинад дыууæрдæм у. Ме ’рдхорд Тауырбег ус куы куырдта, уæд æз уыдтæн йæ фарсмæ, ныр та уый ис мæ фарсмæ. Елиозимæ йæ «Жигули»-йы сбадтыстæм æмæ мæ кайыстæм араст стæм.

Зæрондæй, æрыгонæй нæм æнхъæлмæ кастысты æмæ ныл хъæлдзæгæй сæмбæлдысты. Дзадджын фынгтæ нын æрæвæрдтой, стæй ирон æгъдаумæ гæсгæ сиахсы хъайла «балхæдтон». Иуцасдæр куы абадтыстæм, уæд нæ хæс æххæстгондыл банымадтам æмæ сыстадыстæм. Хъазт нын сарæзтой, æмæ дзы иучысыл афæстиат стæм, стæй уаты Елиозы тыхджын хъæлæс азæлыд:

– Мах нал æвдæлы! Горæты нæм уæ чызг æнхъæлмæ кæсы!

Фысымты худгæйæ ныуагътам æмæ рацыдыстæм. Æддагæтты нæхимæ нал сæййæфтон. Хæдзары ма баззадысты ’рмæстдæр хионтæ, стæй уыдон дæр, арфæтæгæнгæ, ахæлиу сты. Мидæггаг уаты чысыл стъолыл – æртæ чъирийы, карчы фыд, нозтытæ, халсартæ, дыргътæ æмæ адджинæгтæ. Къухылхæцæг æмæ нæ ’мдзуарджын Светæимæ сæ фарсмæ сбадын кодтой, нуазынц æмæ æнæбары комдзæгтæ кæнынц. Æз бафæлладтæн, æмæ мæ ’ппындæр ницыуал хъæуы: нæдæр ус, нæдæр хæрд, нæдæр нозт. Къухылхæцæг æмæ ’мдзуарджынæй дæр сфæлмæцыдтæн. Сæ хæдзæрттæм куы ацæуиккой, уæд сæ галы бузныг фæуаин, фæлæ уыдонæн ацæуын сæ фæсонæрхæджы дæр нæй, рæстæгсафæн ныхæстæ кæнынц æмæ мæ тухæнæй марынц.

Мæ цæнгты цыма цывзыйы дон зилы, уыйау дудынц, саст къæцæлтау æрзæбул сты, æмæ сæ сисын нал фæразын. Мæ цæстыуæлтъыфæлттæ ныууæззау сты, æмæ сæ мæ бон байгом кæнын нал у. Адæргæй арвмæ асинтæ аразын, фæлæ мæ мæ уазджытæ ницæмæ дарынц. Фæсахсæвæрты сын сæхи хуыссæг æрцахста, æмæ, фæстиæттæгæнгæ, ацыдысты.

Чындз фынгтæ бафснайдта æмæ мын хуыссæн бакодта. Хъæццулы бын мæхи æрнорстон æмæ къулы ’рдæм азылдтæн. Светæ цырагъ ахуыссын кодта æмæ мæ фарсмæ ’рхуыссыди. Баръвдауын æй кæй хъæуы, уый ме ’рдæгфынæй сæрымагъзæй æмбарын, фæлæ мæ зæрдæ афтид у æмæ йæ йæхимæ ’ввахс нæ уадзы.

Ноджы ма мæм Ленæйы хъæлæс дæр мæстæймарæгау талынгæй æрбахъуызыд: «Нæ лæг мæнæй æхсæрдæс азы хистæр у. Цæмæй нæ чызджыты зæрдæтæ ма фæриссой, уый тыххæй ма иу фатеры цæрæм, æндæр кæрæдзимæ рагæй дæр ницыуал бар дарæм…»

Светæ дæр, мемæ цæргæйæ, мыййаг, йæхи ’мгар нæлгоймаджы куы бацагура…

Мæ зæрдæ йæ йæхимæ куынæ райса æмæ мæ бонтæ йемæ фæсмонгæнгæйæ куы ’рвитон, уымæй дæр тæрсын, дзæдæл æнхъæл мын куы фæуа æмæ мæ адæмы цæсты куы бафтауа, уымæй дæр тæрсын æмæ адæргæй мæ хиды мæцын.

– Кæд дæ нæ хъуыдтæн, уæд мæ мæ хæдзары уагътаис. Дæ таджикаг рæсугъд уарзонимæ бацардаис æмæ амондджын уыдаис, – хъуысы мæм йæ тæргайхуыз хъæлæс, æмæ мæхи ахæм æнахъинон уавæры хатын, цыма мæ йæ арвайдæны рагæй уыны æмæ мын мæ хабæрттимæ мæ хъуыдытæ дæр ахсы. Мæ чысыл Иры дзыхъхъы куыд ницы сусæг кæны, уый диссаг

у. Мæ ныхæстыл мын кæй бауæндзæн, уый мæ нæ уырны, фæлæ йæ уæддæр сайын:

– Уый куы уарзтаин, уæд æй нæ ауагътаин æмæ дæу нæ ракуырдтаин.

– Мæн уарзыс уæдæ? – фæцырд мæм Светæ, æмæ къуырцдзæвæны бахаудтæн. Дзуапп дæттынмæ йын цæттæ нæ дæн, фæлæ мæ иу ран нæ уадзы:

– Уарзыс мæ æви нæ?

– Куынæ дæ уарзин, уæд демæ нæ уаин.

– Уæдæ мæм дæ чъылдым цæмæн раздæхтай?

– Фæллад дæн, æмæ мæм фынæй кæнын цæуы.

– Куы мæ уарзис, уæд уыдæттæ ницæмæ ’рдарис... Æнхъæл уыдтæн, æнæхæлд кæй дæн, уый тыххæй мæ фылдæр уарздзынæ. Карджын лæгмæ дæр уымæн смой кодтон…

Чызгæн æрдз фаг зонд кæй нæ радта æмæ, кæм цы дзурын хъæуы, уый кæй нæ зоны, уым цы аххосджын у? Стæй дзы æз цæмæй хуыздæр дæн? Чызг цæмæй улæфы, уымæн æппындæр мацы бамбар, цы мæрддаг у, уый ма базон, афтæмæй йæ ракур. Дæлдæр фæуай, Гæрайы-фырт, кæд ды стыр амонды аккаг нæ дæ! Фыццаг æхсæв дæ кардзыд (ома ницæйаг) кæм рахуыдта, уым ма дын фæстæдæр та цы хуртæ уынын кæндзæн?

– Уарзын дæ, уарзын. Æрсабыр у…

Уайтагъд тарф фынæй бадæн æмæ цыбыр рæстæгмæ ме ’ппæт сагъæстæй дæр фервæзтæн.

* * *

Мæ гæвзыкк уавæртæм мын лæмбынæг куы ’ркасти, уæд фæфыдæнхъæл и æмæ мæ йæ зæрдæйы уаг æмбæхсгæ дæр нæ кæны.

– Фыссæгмæ, зæгъын, куы смой кæнон, уæд мæ фæсарæйнаг бæстæтæм ласдзæн, æмæ æнæхъæн дуне фендзынæн. Мæ чындз мын лæгъстæхуызæй афтæ, мæн дæр, дам ма-иу демæ акæн. Дæ сæдæ зæбулы иу æндахыл кæй хæцынц, уый куы базона, уæд мыл худæгæй йæхи схæсдзæни, – дзуры мын фæсмонгæнæджы хъæлæсæй. Йæ уайдзæфæмхиц ныхæстæ мæ иннæрдæм ахызтысты, æмæ йыл æз дæр нæ бацауæрстон:

– Уæдæ мæм хъæздыгдзинады тыххæй æрцыдтæ?

– Нагъ, фæлæ бынтон мæгуыр дæ, уый нæ зыдтон. Адæм афтæ ’нхъæлынц, фысджытæ цардæй къæртт æппарынц.

– Хицауады зæрдæмæ фæндаг чи ары, нæ царды иу аипп дæр чи нæ уыны æмæ нæ рæстæджы цы фыссын хъæуы, уый чи зоны, уыдон

æвзæр нæ цæрынц. Се стауæн романтæ, уацаутæ, радзырдтæ, кадджытæ æмæ ’мдзæвгæтæ сын бирæ хæттыты уадзынц иронау æмæ уырыссагау Дзæуджыхъæуы æмæ Мæскуыйы, уый фæстæ та – сæ равзаргæ æмæ ’мбырдгонд уацмыстæ – æмæ сын фидынц стыр гонорартæ, уый æдде ма сын дæттынц хорз фатертæ, санаторитæм, сфæлдыстадон æмæ фæллад-уадзæн хæдзæрттæм балцæгтæ, премитæ æмæ кадджын нæмттæ.

– Æмæ ды цæуылнæ арыс фæндаг хицауады зæрдæмæ, стæй цæуылнæ зоныс, ныры рæстæджы цы фыссын хъæуы, уый?

– Лæджы ном æгадгæнæн мадзæлтты æмæ стыр хицау зонгæты фæрцы уæлæмæ чи хизы, хуымæтæг адæмыл былысчъилтæ чи кæны æмæ сын, былдауæн ныхæстæ кæнгæйæ, уæлзæххон дзæнæтæй зæрдæтæ чи æвæры, уыцы мæнгард фæлитойтæн мæ лæггадгæнæг уæвын нæ фæнды. Æз мæ уацмысты ’вдисын царды рæстдзинад, уый та хицæуттæн сæ уæнгæл у.

– Ахæм зондылхæст лæгимæ æз иу фæсарæйнаг бæстæ дæр нæ фен-дзынæн. Ныр ма мын цы гæнæн и, фæлæ мæ-иу рæстæгæй-рæстæгмæ театрмæ уæддæр ахон. Ирон спектакльтæ бирæ уарзын.

– Театрæн æрмæст йæ койæ дæр мæ зæрдæмæ уæнгроггæнæн рухс бакæлы. Æз æй куыд æмбарын, афтæмæй хъуамæ нацийы цæсгом уа æмæ адæмы удыхъæд æмæ ’хсæнад аивады иннæ хуызтæй хуыздæр æвдиса. Бирæтæ чингуытæ нæ кæсынц, фæлæ театрмæ цæуынц, æмæ дзы хъуамæ царды æцæгдзинад уыной, хъуамæ сæ спектакльтæ арф хъуыдытыл æфтауой. Кæддæр артист суæвынмæ дæр уымæн бæллыдтæн. Æнхъæл уыдтæн, Радж Капур йæ кинонывты Индийы цард куыд ирдæй æвдисы, нæ бæстæйы цард сценæйы афтæ ирдæй æвдисдзынæн, æмæ мæ рæуыг сывæллоны зондæй рæдыд фæндагыл адзæгъæл дæн.

– Ома куыд рæдыд фæндагыл?

– Æхсидгæ артист æмæ генион режиссер куы фестадаин, уæддæр мæ бæллиццæн сæххæстгæнæн нæ уыди.

– Цæуылнæ?

– Уымæн æмæ райгуырдтæн, аивадмæ царды æцæгдзинад æввахс дæр кæм нæ уадзынц, ахæм бæстæйы. Кæд мæ бæллиц мæ къухы нæ бафтыд, уæддæр театрыл нæ сыстырзæрдæ дæн, æмæ дзы цардæй иппæрд, уæгъд чырчыргæнæн спектакль куы фенын, уæд мæ зæрдæ ныккæрзы. Ахæм спек-такльтæ та дзы арæх уынын, æмæ мæ ’рфæнды исты хорзы йын бацæуын.

– Кæд ыл афтæ тынг тыхсыс, уæд ын царды æцæгдзинад æвдисæг пьесæтæ цæуылнæ фыссыс?

– Газеты æмæ радиойы дзæвгар рæстæг фæкуыстон, уацхæсджытæм биноныг фæкастæн, стæй æрмæст уацхæсджытæм нæ, фæлæ не стыр хицæуттæ æмæ сæ фæсдзæуинтæм æмæ ныффыстон пьесæ «Кæлæддзаг хæдзар». Кæд йæ архайджытæ редакцийы кусджытæ уыдысты, уæддæр дзы бæлвырд зынди нæ бæстæйы цард.

Иу зонджын лæг афтæ загъта: «Революцитæ бацæттæ кæнынц генитæ, саразынц сæ фанатиктæ, сæ хъаймагъæй та сын пайда кæнынц цыфыддæр æнаккæгтæ». Ацы ныхæсты рæстдзинад нæ бæстæйæ хуыздæр никуы разынд. Редакцийы бæстыхай мын у социализмы гæнах. Куырыхон лæгтæ йæ самадтой мингай азтæн, æлгъаг фидиссæгтæ та йæ халын райдыдтой, æвдай азы дæр ыл нæ сæххæст, афтæмæй. Æбуалгъ фыны дæр бауæндæн кæуыл нæ уыди, ахæм фыдракæнд саразын сæ къухы куыд бафтыди? Ацы фарстæн дзуапп дæтты мæ пьесæ. Гæвдимæ йæ радтон æмæ йын загътон: «Бакæс æй æмæ мын æргомæй дæ хъуыды зæгъ». «Хорз», – зæрдæ мын бавæрдта фидарæй, фæлæ мын ницы загъта.

Фæстæдæр мын йæ ныхæстæ рафæзмыдта рауагъдады сæйраг редактор Адæбе: «Ирбег мæм замманай пьесæ 'рбахаста. Бирæ нывтæ мæ дзы стыр дисы бафтыдтой (уæвгæ йæ уырыссагау загъта: «там много потрясающих картин»). Редакцийыл ахæм пьесæ ныффыссæн ис, уый мæ никуы бауырныдтаид. Тынг хорз у, фæлæ йæ мæ бон сценæйы сæвæрын нæ бауыдзæн, уымæн æмæ республикæйы бомбæйы срæмыгъдау анæрдзæн».

Кæй дзы фæтарст, уый бамбæрстон æмæ йæ ницæмæйуал бафарстон. Мæ ныфс мын асаста, æмæ иуцасдæр ручкæмæ 'вналгæ дæр нал бакодтон. Иуафон мæ зæрдыл æрлæууыдысты, Кулябы пединституты кусгæйæ, ме студентæй цы æбуалгъ ныхæстæ фехъуыстон, уыдон: «Ирбег Касболатович, абон нæ горæты физонæг ис… Таджикаг чызг ирон лæппуйы бауарзта, йæ ныййарджытæ йæ 'ндæрæн лæвæрдтой, æмæ йæхи басыгъта… Махмæ ахæм цаутæ арæх вæййы, æмæ сыл сахуыр стæм…»

Уый фæстæ бæстондæр цы хабæрттæ базыдтон, уыдоныл ныффыстон пьесæ «Тæригъæдджын мад». Тæссагæй дзы ницы уыди. Равдыстон дзы, зыд æмæ кæрæф сылгоймаг йæ бинонты дæр æмæ йæхи дæр куыд бабын кодта, уый. Йæ темæ ног нæу, капиталистон бæстæты уыцы темæйыл бирæ уацмыстæ фыст æрцыди. Мæн фæндыди, социалистон бæстæйы дæр ахæм æвирхъау хабæрттæ кæй цæуы, æмæ дзы æгæр

тынг æппæлын кæй нæ хъæуы, уый зæгъын. Гæвдимæ йæ радтон. Уый йæ бакаст æмæ та мын зæрдæ бавæрдта: «Хорз пьесæ у. Æнæмæнг æй сæвæрдзынæн сценæйы, фæлæ уал æй артисттæн бакæсæм, æмæ сæ фиппаинæгтæ зæгъой. Кæд сæ растыл банымайай, уæд сæ дæ пьесæмæ бахæсдзынæ, кæд дæ зæрдæмæ нæ фæцæуой, уæд æй, куыд у, афтæмæй сæвæрдзыстæм.

Фысджытæ дзы куыд фæхъаст кæнынц, уымæ гæсгæ йыл фæдызæрдыг дæн æмæ йæм зæрдæбынæй æрхатыдтон: «Гæвди, ды театры цы бынат ахсыс, уый æз хорз зонын. Кæд æй нæ сæвæрдзынæ, уæд мæ артистты цæсты ма бафтау, ныртæккæ мын æй комкоммæ зæгъ. Ард дын хæрын, нæ дæм фæхæрам уыдзынæн, мисхалы бæрц дæр дæм мæ зæрдæйы уаг нæ аивдзынæн». «Сæвæрдзынæн æй!» – загъта мын ноджы хъæддыхдæрæй æмæ та мæ фæсайдта. Иу хуыцаубон мæ «зæрдиагæй фæцагуырдта æмæ мæ не ссардта». Æнæ мæн æй бакастысты æмæ дзы дур дурыл нал ныууагътой. Сæ суагъæйыл сын мæ цæст куы ’рхастон, уæд мæ сæрыхъуынтæ арц сбадтысты. Литературæ æмæ дзы аивадæн сæ кой дæр нæ уыди. Кæрæй-кæронмæ фæкодтой кæрæдзи фæлхатгæнæн, æдзæхх, æнæбындур, æдылы ныхæстæ. Гæвди мыл йæ коммæгæс дымысдæрты сардыдта, æмæ мыл сæ сæт фæкалдтой. Се ’ппæтæй дыдзæсгомдæр та йæхæдæг разынд. Йæ ныхас райдыдта зæрдæлхæнæн «æппæлдæй»: «Ирбег не наглец, в обком не жалуется…»

Бынтон дыдзæсгомдзинад та равдыста, театры куысты тыххæй обкомы бюройы куы дзырдта, уæд: «Æрыгæттæй театрмæ ’ппæтæй хæстæгдæр у Гæраты Ирбег, æмæ мах бацархайдзыстæм, цæмæй дзы хорз драматург рауайа, æмæ нын ахъаззаджы пьесæтæ фысса, ууыл».

Уыцы «цины» хабар мæм æрбахастой ме ’мбæлттæ. Уыдонæн нæ зонын, фæлæ йын æз йæ иу ныхасыл дæр нæ баууæндыдтæн. Бюройы уæнгты та нæдæр театр хъуыди, нæдæр Ирбег, нæдæр йæ пьесæтæ. Æз сæ уацаутæ саразтон, хицæн чингуытæй сæ рауагътон, æмæ сæ студенттæ, кæрæдзийы къухтæй скъæфгæйæ, цымыдисæй кастысты.

Мæ зæрдæ дын йæ дудгæ хъæдгæмттимæ зыгъуыммæ рафæлдæхтон. Фæнды ма дæ ирон театры спектаклътæм цæуын?

– Фæнды. Ды сæм фыссæджы цæстæй кæсыс, æз та – хуымæтæг адæймаджы цæстæй.

– Хорз. Тагъд дæ акæндзынæн, – зæрдæ йын бавæрдтон фидарæй, фæлæ мын мæ ныхас сæххæст кæныны фадат нал радта…

* * *

Мæ къухы ’нцонæй куыд ницы ’фты, уый диссаг у. Хъуамæ цыфæнды хъуыддаджы дæр сагъæсты бын фæуон æмæ æгæлæнтæгæнæн зæрдæрыст бавзарон. Адæмы мыггаг лæгæн йæ ус, рæхджы фыд суыдзынæ, зæгъгæ, куы фæзæгъы, уæд ыл фыр цинæй базыртæ разайы, æмæ уæлæрвты тæхын райдайы, æз та фыр тыхстæй мæхицæн бынат нæ арын. Æмæ куыд нæ тыхсон, куыд арон мæхицæн бынат? Хъæуы цæргæйæ, нæ сыхы цал æмæ цал æнхъæлцау сылгоймаджы федтон. Иу бинонтау цардыстæм, бон-изæрмæ кæрæдзи цур уыдыстæм, æмæ дзы иуæн дæр йæ зæрдæ никуы схæццæ и.

Светæ цыма æндæр буаргъæдæй конд у, уыйау ныффæлурс и, диваныл фæлдæхтæй лæууы æмæ хъæрзы, нæты, йæ зæрдæ хæссы. Нæ дзурынæн у, нæ змæлынæн æмæ мыл катай æфтауы. Замманай пырындзы кас ын скæнын, æмæ дзы цайы уидыджы ’рдæг дæр йæ дзыхмæ не схæссы.

– Хæргæ куынæ кæнай, уæд нæ сывæллон  амæлдзæн. Йæ фервæзын кæныны тыххæй-иу гыццыл исты уæддæр ахæр, – лæгъстæ йын кæнын хъуырыцъарæй, фæлæ къæрттæй цъула не ’ппары.

– Мæ бон нæу, – тыхамæлттæй мæм райхъуысы йæ уынгæг хъæлæс.

Æппæтæй æнæуынондæр дзырд мын ссис «токсикоз». Цы у, уый нæ зыдтон, йæ кой дæр ын никуы фехъуыстон æмæ мæхицæн æнцад-æнцойæ цардтæн. Иуæй-иу сылгоймæгтæ афтæ фæудхар кæнынц, уый мæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыди, ныр Светæйы тухæнтæм кæсын æмæ йын тæригъæд кæнын.

– Ма йын тæрс. Ницы йын уыдзæн. Сылгоймаг гæдыйау æвдудон у, – сабыртæ мæ кæнынц мæ хæстæджытæ.

Цæй сабыр æмæ цæй цыдæр… Мæ амондæн, йæ хо Милæ Æрыдонæй схæццæ и. Уый дæр Светæйы хуызæн ныллæг æмæ тæнтъихæг у. Светæйæн йæ фыды гуыбыр фындз ис, уымæн та – йæ мады гыццыл æмраст фындз æмæ йын уый йæ тымбыл цæсгом аивдæр кæны. Йæ мидбылты фæлмæн куы бахуда æмæ йæ рæсугъд зæлланггæнаг хъæлæсæй куы сдзура, уæд зæгъдзынæ: «Ацы зæдимæ чи цæры, уыцы лæг цы тæхудиаг у», дæ разы кæуылфæнды дæр мæстыйæ куы сабуха, уæд дæ хъуыды цæхгæр аивдзынæ, фæлæ йæ æз нæ ивын, уымæн æмæ мын æхсызгон у, йæ хойыл кæй бустæ кæны, уый.

– Диванил дæлгомммæ цы ныффæлдæхтæ?! Дæ разæй ахæм уавæры чи уыди, уыдон ииуылдæр сæхи куы ауагътаиккой, уæд сæ цы рауадаид?!

Дæуæй афтæ, мæнæн дыууæ чызджы ныййарын æнцон уыди?! Уæлæмæ сыст æмæ исты бахæр! – æфсадхоны бардзырдау уаты зæлы йæ барджын хъæлæс æмæ мæ хъусты иннæрдæм хизы.

– Ныууадз мæ мæ мæгуырыл, – хъæрзгæйæ йын дзуры Светæ, фæлæ йæм уый нæ хъусы.

– Нæ дæ уадзын, нæ!  Дæхиуыл схæц!

Рабадын æй кодта, ваннæйы хъарм дон рауагъта æмæ йæ цынадта, карчы фыдæй хъæрмхуыпп скодта æмæ йын дзы сабийау уидыгæй бадардта.

– Хæринæгтыл ма ауæрд.

– Хæрдмæ сæ куы калын, уæд сыл куыд нæ ауæрдон?

– Дæ ахсæны ма дзы исты муртæ зайдзæн, æмæ дæ гуырдз рæздзæн.

Цалдæр боны нæм фæци, æмæ Светæйæн йæ цæсгомы хуыз аивта, йæхиуыл фæхæцыди, æмæ скъоламæ ацыди. Уроктæ дæтгæйæ куыд фæудхар кæны, уый мын куы радзуры, уæд ын фæзæгъын:

– Дæ куыст ныууадз. Горætæй хъæуы ’хсæн автобусты рахаубахаугæнгæйæ исты куы кæнай, уæд æй мæхицæн нæ ныббардзынæн.

– Æххæст ма ахуыры аз фæуа… Уæдмæ мæ арыны афон дæр æрцæудзæн…

Нæ рæстæг иудадзыг бынтон саумылазонæй не ’рвитæм. Æнæбайрайгæйы токсикоз æй куы суадзы, уæд ныл хур ракæсы. Диваныл бадгæйæ, Светæ рæвдаугæ хъæлæсæй афтæ бакæны:

– Кæс-ма йæм, кæс, йæ къæхтæй мын мæ гуыбын куыд рæхойы.

Мæ къух мын райсы æмæ йæ йæ гуыбыныл авæры. Æз ын иуцасдæр фæбатæ кæнын æмæ йемæ ныхас кæнын райдайын. Мæ хур, мæ къона, мæ хæдзар, мæ зæрдæйы уидаг, мæ удлæууæн, мæ дзæцц, мæ зæрватыкк… Æмæ йæ цы номæй нæ рахонын. Йæ мады йын фылдæр бауарзтон, зæгъгæ, куы зæгъон, уæд раст нæ уыдзынæн, фæлæ мæм æй дзæвгар кæй фæхæстæгдæр кодта, уый бæлвырд у. Мæнмæ гæсгæ, зæххыл сывæллонæй адджындæр æмæ зынаргъдæр ницы ис, ныййарджыты кæрæдзиуыл уымæй тынгдæр ничи бæтты. Никуы мæ бауырныдтаид, Светæйæн фæкæлынæй æмæ йæхи ныццæвынæй афтæ тынг тæрсдзынæн, уый. Йæ хъизæмæрттæй тагъддæр куы фервæзид, уымæ бæллын, фæлæ мæ цыма рæстæг   мæстæй мары, уыйау ныддæргъвæтин и. Фæлæ алцæмæн дæр ис райдайæн æмæ кæрон. Æппынфæстаг, æрхæццæ, фараст мæйы æнæрхъæцæй кæмæ ’нхъæлмæ кæсын, уыцы сахат.

– Мæнмæ гæсгæ, афон у… Дохтыртæм телефонæй адзур, – катайгæнгæйæ мæм æрхатыди Светæ.

Йæ курдиат ын сæххæст кодтон æмæ семæ тагъд æххуысы машинæйæ фыццæгæм арæндоны балæууыдтæн. Иуцасдæр уынджы фæрацу-бацу кодтон, стæй мæ афтид фатермæ рацыдтæн. Æхсæв-бонмæ мæ цæстытæ не 'рцъынд кодтон. Райсом раджы хуры зæрин тынтæй бæстæ куы ныррухс и, уæд та арæндонмæ атындзыдтон. Иу æрыгон медицинон хо уынгмæ рауади æмæ мæм хæрзæггурæггаг фæци:

– Дæ бинойнаг æнæниз чызг ныййардта. Йæ уæз у æртæ килæйы æмæ дыууæсæдæ граммы.

Мæ дзыппы уыдис æрмæстдæр иу туман, æмæ йын æй йæ къухы фæсагътон.

Чысыл фæстæдæр мæм Светæ æртыккаг уæладзыджы рудзынгæй мæ чызджы равдыста, æмæ мæ риу цинæй айдзаг и. Æнхъæл уыдтæн, ахæм зæрдæйы уаг мын бирæ ахæсдзæн, фæлæ фæрæдыдтæн. Дыккаг бон фæссихор мæ кабинеты кæйдæр уацмыс куыд редакци кодтон, афтæ мæм райхъуыст телефоны дзæнгæрæг. Хæтæл фелвæстон, æмæ мын мæ хъустæ сылгоймаджы тыхстхуыз хъæлæс ныццарыдта:

– Гæраты Ирбег дæ?

– О.

– Дæ бинойнаджы цард мæнгæфсон халыл кæй хæцы, уый зоныс?

Æз мæ уацмысты хъайтарты миддуне 'вдисгæйæ, бирæ хæттыты фыстон: «Цыма йæ электрон тых æрцахста, уыйау базыр-зыр кодта», фæлæ уыцы уавæры адæймаг йæхи куыд хаты, уый нæ зыдтон æмæ йæ ныр, хъизæмаргæнгæйæ, фыццаг хатт æнкъарын. Сырхзынг телтæ мыл къахæй-сæрмæ дыууæрдæм згъорынц æмæ мын удисæн рыстимæ мæ буар судзынц. Мæ сæрымагъз ныддур и æмæ хъуыды кæнынæн нал у, æрмæст ма арф кæмдæр мæ мидзæрдæйы 'мбарын, дыууæ стыр бæллæхы мæм кæй æнхъæлмæ кæсы, уый. Иуæй, ме 'фсин амæлдзæн, иннæмæй, мæ ноггуырд сывæллон сидзæрæй баззайдзæн. Æнæ мадæй цæрын куыд зын у, уый мæхиуыл бавзæрстон, æмæ та ныр мæ чызг дæр хъуамæ æнæ мадæй удхар кæна. Фæнды мæ 'рбайсæфын æмæ æгъатыр æцæгдзинадæй фервæзын, фæлæ уый мæ бæллицæй тыхджындæр у, мæ риуыл мын уæззау къæйдур æвæры æмæ мын мæ улæфт æхгæны. Мæ хъустыл уайы мæ зонгæ дохтыр Тузары хъазгæмхасæн ныхас:

– Æз æрмæст курдиатджын тæлмацгæнæг нæ дæн, фæлæ ма хорз дохтыр дæр дæн æмæ реанимацийы кусын. Ме 'ххуыс дæ куы бахъæуа, уæд мæм-иу фæдзур, æмæ уайтагъд дæ фарсмæ 'рбалæудзынæн.

Тыхамæлттæй мæхимæ ’рцыдтæн æмæ телефоны хæтæл систон, нымæцтæ зырзыргæнгæ къухæй æвзарын, фæлæ сæм нæ арæхсын. Æрæджиау сыл фæхæст дæн, æмæ мæм Тузары хъуытазмыр хъæлæсæй æнцойдæттæг цины уылæн æрбаивылди:

– Алло, кæцы дæ?

– Ирбег.

– Æмæ æз ахæм номимæ куы никæй зонын.

– Хъазынмæ мæ не ’вдæлы. Фыр тыхстæй арвмæ асинтæ æвæрын.

– Цы дыл æрцыд уагæр?

– Мæ къæбæргæнæг знон фыццæгæм арæндоны чызг ныййардта, æмæ мæм ныртæккæ уырдыгæй чидæр æрбадзырдта, дæ бинойнаджы цард, дам, мæнгæфсон халыл хæцы. Фервæзын æй кæн, дæ хорзæхæй.

– Уый дын – мæ быгъдуан! – загъта фидарæй æмæ йæ ныхас сæххæст кодта. Æвæццæгæн, хистæртæ Уастырджимæ куы фæкувынц, уæд ахæм лæгтæм фæсидынц. Уыдонæн нæ зонын, фæлæ йæ æз мæ бинонты ирвæзынгæнæг зæд хонын æмæ дзы æгæрон бузныг дæн.

* * *

Тузары хуызæн æрдхæрдтæ дæр мын куыд нæ ис, фæлæ ме знæгтæ фылдæр сты. Уый кæнæ ме ’ргомдзырды аххос у, кæнæ ме ’дылыдзинады. Æвæццæгæн, тынгдæр ме ’дылыдзинады. Гисоимæ ма нæ ахастдзинæдтæ хорз куы уыдысты (уæвгæ, хорз та кæд уыдысты? Æдзухдæр мæм уæле дæлæмæ касти, афтæмæй та хорз ахастдзинæдтæн уæвæн нæй), уæд мæм ныууырдыг ис æмæ мæ баййардта:

– Ме сфæлдыстадмæ цавæр цæстæй кæсыс?

Йæ уагмæ гæсгæ йæ афтæ бамбæрстон, мæ хъуыды базонын æй æцæгдæр фæнды, æмæ йын мæ зæрдæйы дуæрттæ байгом кодтон:

– Дæ уацмыстæ дын  куы фæкæсын, уæд дзы алы сыфыл дæр сæвæрын хъæрон нысан (ома тынг хорз у), кæронæй та – фарстон нысан.

– Уый та цæй тыххæй?

– Къабускайы хуызæн дын сты. Сæ рæсугъд сыфтæ сын цымыдисæй фæфæлдахын мидæгæй дзы исты ссарыны ’нхъæлæй, æмæ тутт разынынц. Ныв кæнынмæ дæсны дæ, фæлæ уацмысæн йæ апп йæ хъуыды у (фыссæг дæр аив формæ уымæн фæцагуры, цæмæй йæ уацмысы хъуыды чиныгкæсæг хуыздæр бамбара æмæ йæм тынгдæр бахъара), дæуæн та дзы уый нæ вæййы, кæнæ вæййы æнæцæстыахадгæ. Дæ аивадон ахорæнтæ

æгæр лыстæг нывтыл схардз кæныс, æмæ дын дæ бирæ фæллæйттæ дон хиды бынты аласы. Рог хус æхсныфтæ сызгъæрин гæххæтты куы батухай, уæддæр æхсныфтæй баззайдзысты…

Гисойæн йæ цæсгом фыр мæстæй афæлурс и, стæй асырх и, йæ цæстытæ знæт æрттывд фæкодтой, æмæ мыл, йе стыр къухтæ тилгæйæ, нытътъæлланг ласта:

– Ацу æмæ Чегемы ницæйаг уацмыстæ кæс уæдæ!

Адæймаг йæхи куыд нæ уыны, уый диссаг у. Йе 'нгуылдзтæй кæй цъиры, уыцы тыхарæзт уацмыстæ йын ничи кæсы, Чегемы æмдзæвгæтыл та композитортæ зæрдæмæхъаргæ зарджытæ фыссынц, æмæ сæ зарæггæнджытæ радио æмæ телеуынынады, концертты æмæ ресторанты 'хсызгонæй зарынц, уæддæр æй йæхицæй лæмæгъдæр хоны æмæ йыл былысчъилтæ кæны. Уæвгæ, уый канд Гисойы низ нæу, фысджытæ се 'ппæт дæр уыцы æбуалгъ низæй сæйынц…

Цыма мæн ракъахыны тыххæй Резван Гисоимæ ныхас бакодта, уыйау мæ уырыссагау бафарста:

– Ирбег, скажи мне откровенно, тебе нравится мое творчество?

– По-моему, ты к литературе относишься несерьезно…

Мæ ныхас ма дарддæр ахæццæ кæнынмæ хъавыдтæн, фæлæ мæм кæронмæ нал байхъуыста. Йæ чъылдым мæм раздæхта æмæ мын уæдæй фæстæмæ салам дæр нал радта. Дыууæ знагыл сразы уыдаин, фæлæ мын, рауагъдады кусгæйæ, бирæ фæфылдæр сты. Йе 'нæхсæст уацмысыл-иу æппæтæй фылдæр кæмæн фæудхар кодтон, уый мæм-иу ноджы тынгдæр фæхæрам и, уымæн æмæ алчидæр афтæ 'нхъæлы, стыр курдиаты хицау у, кæй ныффыста, уымæ къух бакæнæн нæй, æмæ йæм Ирбеджы хуызæн лæмæгъ редактортæ хъуамæ 'вналын дæр ма уæндой.

Уасойæн йæ фыццаг радзырд фæрæстмæ ис, æмæ литературæйы æрыгонæй йæхицæн ном скодта, фæлæ йæ æртын æвдæм азы 'рцахстой æмæ йæ иуæндæс азы ахæстоны фæдардтой. Кæд дзы бирæ тухæнтæ бавзæрста, уæддæр не сдæрзæг и. Фысджытæ йын тынгдæр йæ уæздандзинадæй æппæлынц. Хæларæй кæимæ царди æмæ йе 'нусон дунемæ чи ацыди, уыдоны тыххæй нæм йæ мысинæгтæ 'рбахаста, Сæуджен сæ мæнмæ радта, æмæ сыл уæхскуæзæй фæкуыстон. Ахæм уæздан лæгæн йæ хæмпæлфыст хъуыдыйæдтæ рæдыдтытимæ куыд ауадзон, зæгъгæ сæ фæрæстытæ кодтон. Дызæрдыг кæм кодтон, уым-иу Сандыры афарстон, æмæ-иу бахъуыр-хъуыр кодта:

– Уый цытæ фыссы, уый?! Зæрондæй йæ зонд фæцыд?! Нæ классикты нын адæмы цæсты цæмæн æфтауы?!

Кæд-иу тынг смæсты ис, уæддæр мын-иу йæ хъуыды загъта, æмæ дзы-иу спайда кодтон. Фæндыди мæ, цæмæй æнцонкæсæн уой, цæмæй дзы нæ разагъды лæгтæ аивæй разыной, æмæ сæ чиныгкæсджытæ фылдæр бауарзой. Куы йæ бацæттæ кодтон, уæд æм æй кæсынмæ радтон. Æнхъæл уыдтæн, мæ фыдæбæттæн мын стыр аргъ скæндзæн æмæ мæ фæбузныг уыдзæн. Цæй бузныг æмæ цæй цыдæр. Пихылæйттæ калгæйæ мæм æрбалæбурдта æмæ мын алывыдтæ акалдта:

– Фехæлдтай мын сæ! Ницы сын бамбæрстай, афтæмæй сæ ныццыбыр кодтай! Куыд уыдисты, афтæмæй сæ уагътаис! Ды ирон æвзаг мæнæй хуыздæр зоныс?! Цæмæн æй слæгъз кодтай?!

Фыр диссагæй мæ дзых бахæлиу и, æмæ сагъдауæй баззадтæн. Ахæм дзыхæй мæм сдзурдзæн, уый мæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыди, æмæ æвиппайды фæкъуытты дæн. Бузныджы бæсты карз æфхæрд кæй æййафын, уый тыххæй мæхимидæг рафыхтæн, фæлæ йæм ницы сдзырдтон. Уый Сæудженмæ тарæрфыгæй бакасти æмæ хъæддыхæй загъта:

– Ай сæ куыд средакци кодта, афтæмæй сын рауадзæн нæй!

– Чиныг ацы мæйы пъланы ис, æмæ хъуамæ афойнадыл рацæуа, – йæ ныхмæ фæлæууæн кæмæн нæй, ахæм хъæлæсы уагæй бафиппайдта Сæуджен. Авторты куы фæсайы, уæд йæ цæст дæр нæ фæныкъулы, æмæ йыл сахуыр дæн. Ныр дæр ын гæды ныхæстæ кæны, уымæн æмæ йын йæхи текст дæр федта, æз ыл куыд бакуыстон, уый дæр зоны. Уасо исдугмæ джихæй аззади, стæй йæ бон базыдта æмæ ныфссастæй афтæ бакодта:

– Ай ахæм хъуыддæгтæн ницы ’мбары, æмæ куы амæлон, уæд-иу сæ ’ндæр редактормæ ратт…

«Ирбег» дæр нæ, фæлæ «ай», ома ничи.

– Хорз, хорз… Ууыл ма тыхс… Дæу куыд фæнды, афтæ бакæндзынæн… – дæндагнизæй фервæзæгау сулæфыд Сæуджен æмæ та, æдзухдæр куыд фæкæны, афтæ кърандасæй сылгоймаджы цæсгом нывкæнынил балæууыд.

«Гъе, уæууæй, гъе! Иуæндæс азы дæ, зындоны арты судзгæйæ, саузæрдæ адæмы фыдæх ингæнмæ тæрæд, æмæ сын зæрондæй дæр се ’мбыд миддуне бамбарынхъом ма у. Æз дын уымæй стырдæр аргъ куы кæнын, гормон, уый къахæй-сæрмæ маргæй йæ тæккæ дзаг куы у, æмæ йæ ’ппындæр куы ницæмæн хъæуыс, куыддæр ацæуай, афтæ дæ фароны митау

куы ’рбайрох кæндзæн, уæд ын цы фæдзæхсыс?» – Уасойæн батæригъæд кодтон зæрдæбынæй.

Сæуджен ын йæ ныстуан кæй ницæмæ ’рдардзæн, уый рагацау зыдтон. Йæхи йеддæмæ фыссæг никæй хоны, суанг ма уырыссаг æмæ фæсарæйнаг классиктыл дæр не ’рвæссы. Цалдæр хатты мæ дисы бафтыдта. Иухатт мæ цуры куырыхон лæгау хъуыдыдзастæй афтæ бакодта:

– Драйзер дыккаг сорты фыссæг у.

Иннæ хатт та:

– Мопассан æгæр даргъ фыст кæны.

Уæд æй бамбæрстон, прозæйæн кæй ницы ’мбары æмæ дзы йæхи дзæгъæлы кæй тухæнæй мары, уый. Пединститут дæр каст нæ фæци. Дыккаг курсы йæ йе ’взæр бæрæггæнæнты тыххæй фæсаууон ахуырмæ раивтой, стæй йæ уырдыгæй дæр ратардтой, йæхи куыд дары, уымæ гæсгæ та афтæ банхъæлæн ис, цыма наукæты доктор æмæ зындгонд академик у. Иубон нæм йæхи карæн лæг æрбацыд, йæ фарсмæ ’рбадт æмæ йæ былысчъилæй бафарста:

– Сæуджен, æрыгонæй цы ныхæстæ загътай, уыдон ма мæ зæрдыл хорз лæууынц: «Дæс азы фæстæ мæ кой æнæхъæн дунейыл айхъуысдзæн!» Ныр дæр ма ахæм зондыл хæст дæ?

– Бæгуыдæр айхъуысид мæ ном, фæлæ мын мæ уацмыстæ ’взæр тæлмац кæнынц, – йæ цæсгом уæлдайхуызон дæр нæ фæци, афтæмæй йын дзуапп радта Сæуджен. Кæд хынджылæг кæны, зæгъгæ йæм ноджы лæмбынæгдæр бакастæн. Хынджылæг кæнын йæ хъуыдыйы кæрон дæр нæ уыд, æмæ æрцыдтæн ахæм хатдзæгмæ: «Ай у рынчын адæймаг, æмæ йæм хæрам кæнын нæ хъæуы».

Уасойы ницæуыл нымайы, æмæ йын йæ мысинæгты кой кæнгæ дæр нал скодта. Иучысыл ма нæм афæстиат и, стæй æндæр ранмæ ацыди, æз та рауагъдады абон дæр ма мæхицæн знæгтæ кæнын. Аивадон литературæ цы у, уый бирæ фысджытæ зонгæ дæр нæ кæнынц, афтæмæй дзы алчидæр йæхицæн, кæй уацмыстæ нæма раиртæстой æмæ аккаг аргъ кæмæн нæма скодтой, фæлæ фæстæдæр бæрзонд кæй сисдзысты, ахæм гени ’нхъæл у, æмæ семæ дзурыны бæсты бон-изæрмæ зæххы бын дурæвзалы къах. Фæстæмæ дзы кæй лæмæгъ къухфыст фездахын, уый мæм æрбацæуын-мæ куы фæхъавы, уæд мæ зæрдæмæ катай бахъуызы, æмæ адæргæй мæ къухты зыр-зыр ссæуы. Нал сæ здахин, фæлæ бынтон лæмæгъ чингуытæ дæр куыд уадзон?

Рауагъдады куыстæй æбузныдæр куыст зын ссарæн у, æмæ йæ ныууадзин, фæлæ кæдæм ацæуон, уый нæ зонын æмæ мæ цард дызæрдыггæнгæйæ æрвитын. Мæ зæрдæ мын рухс кæны ’рмæстдæр мæ гыццыл хуры тын – Фаризæ. Йæ сæрыл сау дзыккутæ разади æмæ бынтондæр срæсугъд и. Йæ цæстытæ дæр – сау, йæ цæсгом та – урс-урсид. Светæ мын æй бæгънæгæй мæ риуыл сæвæры, æмæ дзы фæхъазын. Хъихъхъытæгæнгæ йæ тыппыр къухтæ æмæ къæхтæ куы фæтилы, уæд дуне мæхи бавæййы. Зæрдиагæй йыл æрмæст æз нæ цин кæнын. Сыхæгтæ дæр æй хистæрæй, кæстæрæй, сылгоймагæй, нæлгоймагæй бон-изæрмæ сæ хъæбысы дарынц. Се ’ппæтмæ дæр æхсызгонæй цæуы, æмæ йыл æрхъæцмæ дæр нæ хъæцынц. Искæмæ куы вæййы, уæд ын æрхауынæй фæтæрсын æмæ фесхъиу-фесхъиу фæкæнын. Сыхæгтæ мын мæ уавæр æмбарынц æмæ мын, худгæйæ, фæзæгъынц:

– Ма йын тæрс. Мах ахæм сывæллæттæ дæ разæй схъомыл кодтам.

Иубон æй Светæ коляскæйы сæвæрдта. Æз ыл ахæцыдтæн, æмæ хæринæгтæ ’лхæнынмæ араст стæм. Базармæ куы бахæццæ стæм, уæд йæ хъыс-хъыс ссыди.

– Йæ бын ахуылыдз и, æвæццæгæн, æмæ тыхсы, фен-ма йæ, дæ хорзæхæй, – адзырдтон ын йæ мадмæ. Уый йæм æрбауади, асгæрста йæ æмæ йын йæ  дзаумæттæ раивта. Иу асгомау лæг нæ цурмæ ’рбацыди, Фаризæмæ иуцасдæр уарзæгой цæстæй фæкасти æмæ нæ бафарста:

–  Лæппу у æви чызг?

– Чызг, – дзуапп ын радтон æз.

Уый йæ сæр зына-нæзына банкъуыста æмæ ’нкъардæй афтæ бакодта:

– Чызгæн цы ’вгъау у… Бындар хъæуы, бындар…

Уыцы ныхæстæ Светæйы сæры ныффидар сты. Налат нæу. Сабыр æмæ  коммæгæс у, фæлæ ’ндон уартмæ куы фæкомкоммæ уа, уæд æй цалынмæ ахуынкъ кæна, уæдмæ йæ нæ ныууадздзæн æмæ мæ гæркъайы хуынчъы аласта:

– Лæппу дæр ма нæ куы фæуаид… Лæппу дæр ма нæ куы фæуаид…

– Фæстæдæр… Адæмæй худинаг у…

– Иучысыл ахуддзысты æмæ басабыр уыдзысты...

– Æз кардзыд дæн, æмæ, куы амæлон, уæд дыууæ сывæллоны иунæгæй куыд схæсдзынæ?

– Ма мыл тыхс. Нырма æрыгон дæн, цардбæллон, æнæниз. Цыфæнды зындзинæдтæн дæр бабыхсдзынæн. Æз сывæллæтты тыххæй смой кодтон. Лæг мæ ’ндæр ницæмæн хъæуы.

Адæм раст сты: сылгоймаг гæдыйау æвдудон у. Дзæвгар рæстæг, токсикозæй удхаргæнгæйæ, цы хъизæмæрттæ бавзæрста, уыдоны фæстæ ма искуы сывæллоны кой скæндзæн, уый мæ никуы бауырныдтаид. Æмæ ма уый – гъа, сылгоймагæй æндæр цы бадомдæуа, йæ сæры хил – даргъ, йæ зонд – цыбыр, фæлæ æз та йæ фæдыл æвæндонæй цы згъорын, мæ цæнгты рыстæн куы нал быхсын, æмæ мæм разæй цы ’нхъæлмæ кæсы, уый куынæ зонын, уæд? Мæ хæдзары лæгау лæджы хуызæн бардзырдтæ дæттын цæуылнæ фæразын? Уæдæмæ, æбарвæнд дæн, æмæ мæ мæ лæмæгъдзинадыл басæттын хъæуы. Сылгоймаг куы уаин, уæд æдзухдæр сывæрджынæй цæуин. Нæлгоймагæн фæндфидардæр уæвын æмбæлы, æз та...

– Кæд ног фыдæвзарæнтæм цæттæ дæ, уæд – табуафси, – загътон ын, мæ ныхæстæ мын хъазынмæ кæй бамбардзæн, ууыл мæ зæрдæ даргæйæ.

* * *

Æппындæр мæм куыд ницы хъары, уый диссаг у. Фыддæр мын чи фæвæййы, уымæн тынгдæр батæригъæд кæнын. Хамбечыр мæ сæхимæ никуы бахуыдта, æз та йæ нæхимæ бирæ хæттыты ’рбахуыдтон. Йæ дзыппæй капекк дæр никуы систа, æз та йæ æдзухдæр кадджын уазæгау хынцтон. Иуизæр та куысты фæстæ рестораны зынаргъ хæринæгтæ æмæ нозтытæ куы ’рбахастон, уæд зына-нæзына фæкъæмдзæстыгхуыз и æмæ хатыркурæгау (кæнæ мæнмæ афтæ фæкасти), загъта:

– Уæллæй, дæ бюджетæн бæрзæйсæттæн цæф ныккодтай.

Григолы сæрыл хæцгæйæ мын алывыдтæ кæй акалдта, стæй мын Даринæйы мадæн мæ фыдгæйттæ кæй фæкодта, уый тыххæй йын мæ бынаты æндæр исчи салам дæр нал радтаид, æз та йæм зулдзых дæр нæ фæдæн. Хуыскъастæу кæй у, уымæ гæсгæ йæ куыстæй ацыд æмæ йæ хæдзары æнцад бады, æз та йыл мæт кæнын, йæ бинонты цæмæй дары, зæгъгæ. Истæмæй йын куы баххуыс кæнин, уый мæ фæнды, фæлæ мæ сæр ницы ахсы.

Æрæджы журналы редактор Майрæм Григолы йæ редакцимæ акодта. Йæ кæцы хорздзинадмæ йын бабæллыд, уый нæ зонын, йæ кæцы уацмыс æй бафтыдта дисы, уый дæр нæ зонын. Кæд ын йæ редакцигонд текстты бинойыг фæкасти, æмæ уыдон баззадысты йæ фиуæвæрд зæрдæйы? Æнхъæл нæ дæн. Æдзухдæр хицæутты бынæттæ ахста, суанг ма культурæйы министр дæр уыди æмæ бирæ азты дæргъы фысджыты уацмыстæ йæ цæсты

кæронæй дæр нал федта, фæлæ мæнæн æхсызгондзинад саразта, æмæ дзы бузныг дæн, уымæн æмæ Григолы бынатмæ Елиоз æрбацыд. Цыппæрæм уæладзыгæй асфальтмæ 'рхызтыстæм æмæ хæхты 'рдæм сабыргай араст стæм. Дардмæ мæ зæронд хæлар, драматург Серæуæзы ауыдтон, мæ сæры иу хъуыды февзæрди, æмæ Елиозмæ ныфсджынæй дзурын:

– Хамбечыры ирон театры директорæй кæй сæвæрдзынæн, уый дæ нæ уырны?

– Æдылы дæн, куыд мæ хъуамæ бауырна? Дæхицæн дæ бон куы ницы у...

– Уæдæ-ма-иу ныртæккæ кæс! – загътон ын æнæ дызæрдыгæй æмæ Серæуæзмæ баздæхтæн. – Дæ бон хорз, æмбал капитан.

– Кæй бон у, уый хорзæхтæй бафсæдут, ме 'рыгон хæлæрттæ. Æз хæсты цæхæры сымах тыххæй сыгътæн, æмæ мын æхсызгон у, сæрæгас кæй стут, уый.

Бæстæ пиллон арт куы уадза, уæддæр йæ бынаты æнæ змæлгæйæ баддзæн æмæ йæм куыдфæндыйы цæстæй кæсдзæн. Ахæм æнæмæт адæймаг æппæты карздæр хæсты капитан куыд ссис, уый мæ дисы 'фтауы. Хæсты æвирхъау хабæрттæ дæр нын хъазгæйæ фæкæны, æмæ йæ нæ бамбардзынæ, æцæгæй кæд дзуры æмæ хынджылæг кæд кæны, уый.

– Серæуæз, нæ гæвзыкк удтæ нын кæй бахъахъхъæдтай, уый тыххæй дæ стыр бузныг стæм. Цæмæй уыцы бузныг фæахадгæдæр уа, уый тыххæй нын нæ курдиат сæххæст кæнынил бацархай.

– Цавæр курдиат у? Æз уын мæ цард дæр нæ бавгъау кæндзынæн.

– Дæ цард дæхи фæндиаг уæд, æмæ ма нын бирæ азты дæ цæхæркалгæ курдиатæй нæ зæрдæтæ рухс кæн.

– Уый уын – мæ быгъдуан. Æцæгæй дæр мæ курдиат цæхæркалгæ у. Мæ пьесæты топпы гæрæхтæ арæх вæййы, æмæ талынг сценæйы сæ цæхæр хорз фæзыны. Топпы гæрæхтæ дзы цæмæн бакæнын, уый зонут?

– Цæмæн?

– Цæмæй фынæй театрдзаутæ фехъал уой, уый тыххæй.

– Ирон театры сценæйы дын цал пьесæйы сæвæрдтой?

– Кæд мæ Хуыцау нæ фæливы, уæд дæсæй фылдæр.

– Цæй тыххæй сæ ныффыстай?

Цæхгæрмæ фæндагыл æхгæдгуыффæ машинæ 'рбацæуы, æмæ йæм хъуыддагхуызæй йæ амонæн æнгуылдз дары. Елиоз мæнмæ кæсы æмæ худы.

– Цæуыл худыс, цæ?

– Машинæйы фарсыл цы фыст и, уый нæ уыныс?

– Нагъ.

– Дзул.

– Раст дын зæгъы Елиоз. Къæбæр бакусыны тыххæй сæ фыссын.

– Æрæджы, дам, афтæ загътай: «Мæ телефонты чиныг сæм куы бахæссин, уæддæр дзы спектакль саразиккой».

– «Дам» цæмæн? Æдзухдæр æй фæзæгъын.

– Кæд Гæвдийыл дæ зæрдæ афтæ тынг дарыс, уæд дæ хæлар у, æвæццæгæн.

– Мæ хæлар нæу, фæлæ мыл уæле фæхæцæг ис, стæй уымæй хуыздæр пьесæтæ нæ фыссын, мæ аууоны баззайынæй нæ тæрсы æмæ мæ нæ хъыгдары.

– Дæ чындзы мад цæмæй кусы?

– Культурæйы министрæй.

– Дæ хæрæфырт та?

– Обкомы культурæйы хайады сæргълæууæгæй.

– Сæйраг Советы сæрдар та дын чи у?

– Ме ’мхæрæфырт.

– Мæнмæ гæсгæ, ныртæккæ театры директор нæй, кæй дзы сæвæрой, уый дæр нæ зонынц.

– Гæвди мæн дæр бафарста, фæлæ йын никæй бацамыдтон.

– Де ’мхæрæфырты, дæ чындзы мады, дæ хæрæфырты æмæ дæу æххуысæй уыцы бынатмæ Хамбечыр куы бацæуид, уæд куыд уаид? Артистæй дзы иучысыл акуыста, хорз поэт у, нoджы ма пьесæтæ фыссын дæр райдыдта. Театрæн агургæ æмæ æнæаргæ лæг. Иу æрдхорд ма дын дзы куы фæзына, уæд дæ фадæттæ дзæвгар фæфылдæр уыдзысты…

– Æцæг зæгъыс, æцæг, – бацинхуыз и Серæуæз. – Директорæй йæ кæй æвæрын кæныс, уый Хамбечыр зоны?

– Уый та дын цы ныхас у? Дæумæ мæ йæхæдæг куы ’рбарвыста, – сайын æй комкоммæ.

– Хорз. Хамбечыр къупри у, стæй магусайæ цæлуарзаг, æмæ йыл æппындæр не ууæндын, фæлæ дæу тыххæй бацархайдзынæн…

Цæмæй исты æнæрхъуыды ныхасæй мæхиуыл комдзог ма рацæуон, уый тыххæй дзы мæхи иуварс айстон, проспекты дæлæмæ ’руадтæн, Хамбечырмæ телефонæй бадзырдтон æмæ йæ бафарстон:

– Ирон театры директорæй кусын дæ фæнды?

– Фæнды.

– Цæттæ у уæдæ. Серæуæзимæ баныхас кодтон, æмæ дæм рæхджы фæдзурдзысты…

Сæвæрдтой йæ, фæлæ цыбыр рæстæгмæ театрæн йæ бынæй рухс суагъта, суанг ма йын йæ хъæдæрмæг дæр ауæй кодта æмæ йæ бануæзта. Иубон мæм Серæуæз æрбацыд æмæ мын афтæ:

– Мæнмæ гæсгæ, фæрæдыдыстæм. Дæхи дын дзы сæвæрын хъуыди. Уæд та дæу тыххæй мæ хионтимæ аныхас кæнин?

– Мæн Гæвдийы гаккырисдон сызгъæрин кæриимæ дæр нал хъæуы…

* * *

Адæймаг æхсонæй фидардæр у, фæлæ маст æмæ рыстæн нæ фæразы. Светæ та йæ нæтынæй нал æнцайы, фыццаг куыд омдта, афтæ та омы, йæ сæр дæр ма риссын райдыдта, хуыссæны уæлгоммæ фæлдæхтæй лæууы, хъæрзы, æмæ йын рæстæгæй-рæстæгмæ йæ ныхыл уазал хуылыдз хæцъил æвæрын бахъæуы. Мæлæтдзаг рынчын кæй нæу, уый мæ зондæй æмбарын, фæлæ мæ хивæнд зæрдæ мæ коммæ нæ кæсы, раздæрау та удаистæй фестъæлф-фестъæлф кæны æмæ мын мæ риуы гуыдыр йæ тых-йæ бонæй хойы. Мæ цæстытыл алыхуызон æвирхъау нывтæ уайы, æмæ мæ æгæрон тас уæгъд нæ уадзы. Уæддæр ма уымæн исты амæлттæ кæнин, фæлæ мæ рауагъдады кусын æмæ сывæллонмæ зилын дæр хъæуы. Се ’ппæтыл не ’ххæссын æмæ тухæнæй мæлын.

Мæ амондæн та нæм нæ ирвæзынгæнæг Милæ фæзынди, йæ хомæ та базылди æмæ та йæ йæ къæхтыл слæууын кодта.

– Светæ, сывæллоны мады рæвдыд хъæуы. Дæуæн ахæм уавæры уымæ кæсын дæ бон нæу, Ирбег та кусгæ кæны, æмæ уал Фаризæ мæнмæ уыдзæн, – дзуры фæлтæрдджын уынаффæгæнæджы хъæлæсæй, ома æз раст дæн, æмæ мæнмæ хъусут. Чызджы йæ риумæ ’лхъивы æмæ йæ, тавицгæнгæйæ, фæрсы:

– Дочæ, мемæ цæуыс? – йæ рустæн ын батæ кæны æмæ йæ сæр тилы: – Цæуы, цæуы. Хорз чызг у, хорз чызг, æмæ æнæ мадæй коккатæ нæ кæндзæни.

Дочæ йæ кæй хоны, уый мын æхсызгон у. Уыцы цыбыр дзырдæй мæм цыдæр æнахуыр хъæрмад ивылы æмæ мын мæ зæрдæ фæлмæндæр кæны. Милæйæ мæхи хойау стыр бузныг дæн. Сывæллæтты цæхæрадоны сæргълæууæг у, æмæ йыл мæ зæрдæ дарын: æнæ рæвдыдæй йæ

нæ ныууадздзæн. Хъомылгæнджыты дæр ма йыл бафтаудзæн. Йæ мой Куыдзæг уæздан лæг у, хиуылхæст, хæдæфсарм, сыгъдæгзæрдæ, æнæ уæлдай ныхас. Раздæр милиционерæй куыста, ныр та совхозы шофыр у. «Жигули» йæм рагæй ис, æнæсæрфат скъæрд æй никуы фæкæны, æмæ мæ уырны, мæ чызджы мын сæхимæ хъавгæ кæй аласдзæн, уый, фæлæ уæддæр мæ буар адæргæй æмпылы. Цавæр адæймаг дæн, уый мæхæдæг дæр нæ зонын. Хъуамæ æдзухдæр мæ фæлгæнæны æбуалгъ нывтæ аразон æмæ сæ стъæлфон. Мæхи сабыртæ кæнын, фæлæ мæ бон нæу.

Милæ сывæллоны рахаста æмæ «Жигули»-йы сбадти. Куыдзæг мотор скусын кодта, æмæ машинæ йæ бынатæй фенкъуысыди. Афтæ мæм кæсы, цыма мæ хъæбулыл исты бæллæх æрцæудзæн, æмæ кæуындзæг мæ хъуырмæ схæццæ и. Фæнды мæ йæ фæдыл азгъорын, йæ мадыхойы хъæбысæй йæ раскъæфын æмæ йæ мæ риумæ нылхъивын. Мæ ныййарджытæ ахæм æнкъараг куынæ уыдысты, куыдзы къæбылайы уагъд мæ куы ныккодтой, уæд æз кæмæй фæдæн? Светæ мæ фарсмæ лæууы æмæ мæ былысчъилæй æлхыскъ кæны:

– Сæхæдæг дыууæйæ куы вæййынц, уæд сыл æппындæр куынæ фæтыхсыс… Цы сыл æрцæудзæн, уый дæ куынæ фендавы… Ныр дæхи чызгæн тæрсыс, нæ?..

Цы мæрддаг у, Хуыцауы хатырæй? Дæ катайгæнæг лæджы фæлмæн ныхасæй ма ’рсабыр кæн, «ма тыхс, ницы йын уыдзæн», зæгъгæ, фæлæ йын йæ зæрдæ карды фындзæй барæхой, йæ улæфт куыд ахгæна, афтæ. Кæм цы дзурын хъæуы, уый кæй нæ зоны, стæй йæ хъæлæсы дæлдзиныггæнæн мыртæ кæй сæвæры, уый тыххæй йæм смæсты вæййын, фæлæ йын ницы фæзæгъын. Мæ иу уайдзæфæн цыппар æфхæрæн хъуыдыйады райсдзынæн æмæ, мæхи æнæхсæст сылгоймагимæ кæй сбастон, ууыл фæсмонгæнгæйæ, ноджы тынгдæр смæсты уыдзынæн. Ныр дæр æм ницы дзурын. Иуæй йын тæригъæд кæнын, иннæмæй, мæ хъуыдытæ мæ чызгимæ сты. Хи сывæллон кæмæйфæнды куы уа, уæддæр адджын у...

Æнæдзургæйæ мидæмæ бацыдыстæм æмæ джихтæ кæнæм, цыма дарддæр цы кусæм, нæхи куыд дарæм, уый нæ зонæм, уыйау. Фаризæйы хъæлдзæг уынæр нæм нал хъуысы, æмæ хасты хуызæн стæм. Хуымæтæг аслам ходуночы бадгæйæ-иу стырдæр уаты стырындз и æмæ-иу дуары цур сæрыстырхуызæй цъилау æрзылди. Йæ сау рæсугъд цæстытæ-иу цинæрттывд фæкодтой, кæсут-ма, æнæ ахаугæйæ, цæхгæр куыд æрзылдтæн, зæгъгæ. Иухатт æгæр фæкъул и, йæ фарсыл æрфæлдæхти, æмæ йæ был

фæцъæррæмыхст и. Йæ туг ын куы ауыдтон, уæд мæ удæй мæ хуылфы ницыуал аззади. Фелвæстон æй, æмæ мæ 'ндыснæг ацахста, фыр рыстæй ныггуыбыр дæн æмæ мæ астæу сраст кæнын дæр нал фæрæзтон, фæлæ йæ уæддæр ваннæмæ бахастон æмæ йæ уазал донæй ныхсадтон. Светæ мæм, диваныл хуысгæйæ, иуцасдæр фæкасти æмæ мын тæрхонгæнæгау афтæ:

– Куы ныффæлурс дæ. Ахæм лæмæгъ дæ, уый куы зыдтаин, уæд дæм æввахс дæр нæ бацыдаин. Нæлгоймагæн домбайдæр уæвын æмбæлы. Уый нырма бирæ хæттыты ахаудзæн, æмæ йыл алы хатт дæр дæ зæрдæ риссын кæндзынæ?

Зæгъынмæ йын хъавыдтæн, уый адæймагæн йæхицæй кæнгæ нæу, йæ митæ иууылдæр йе 'рдзыскондæй, йæ зæрдæйæ цæуынц, фæлæ йæм ницы сдзырдтон, цæлгæнæнмæ бацыдтæн æмæ хæринаг кæныныл балæууыдтæн. Сидзæрæй кæй схъомыл дæн, уый мын феххуыс и хæринæгтæ кæнынæн, мæ цæрæн бынат æфснайынæн, мæ чъизи дзаумæттæ 'хсынæн, мæ дзыхыл хæцынæн, адæмы æнæуаг митæ быхсынæн æмæ бирæ 'ндæр хъуыддæгтæн. Ныр дæр мæ ахуыр нæ халын. Алцыдæр мæхæдæг кæнын. Уый æдде ма Светæйы дохтыртæм дæр ласын. Куыд нын дзурынц, афтæмæй йæ гуыбыны цалдæр сывæллоны ис. Цæмæй сæ бахъахъхъæной, уый тыххæй йæ рынчындоны сæвæрдтой. Йæ зæрдæ цы хæринæгтæ агуры, уыдон ын кæнын æмæ йын сæ хæссын, куы куысты размæ, куы куысты фæстæ. Цæуылфæнды дæр разы дæн, цыфæнды зындзинæдтæн дæр бабыхсдзынæн, æцæг мæ сывæллæттæ æнæнизæй райгуырæнт. Дохтыртæ йæм иу мæй сæ цæст фæдардтой, стæй йæ рафыстой. Йæ мад æмæ йæм йе 'фсымæр сæ «Жигули»-йæ ссыдысты æмæ йæ сæхимæ аластой. Йæ арыны 'мгъуыдмæ ма мæйы бæрц куы хъуыди, уæд мæ кабинеты 'нцад бадтæн æмæ куыстон. Æваст мæ телефоны дзæнгæрæг ныййазæлыди. Хætæл фелвæстон æмæ дзы Светæйы тыхстхуыз хъæлæс айхъуыстон:

– Тагъддæр рацу, цыдæр кæнын!

– Иучысыл бабыхс. Ныртæккæ уым уыдзынæн, – сдзырдтон талфтулфæй, «Волгæ» баххуырстон æмæ йæм атындзыдтон. Куыддæр сæ кæртмæ бахызтæн, афтæ йæ фыд мæ размæ рацыди, æмæ йын салам радтон:

– Дæ бон хорз, Ахтемыр.

– Кæй бон у, уый хорзæх дæ уæд.

– Светæ кæм и?

– Йæ уавæр февзæрдæр и, æмæ дæм нал банхъæлмæ касти.

– Æмæ цы фæци?

– Йæ мад æй горæты фыццаг арæндонмæ аласта.

Æз цæхгæр фæзылдтæн æмæ та Дзæуджыхъæуы балæууыдтæн. Арæндонмæ удаистæй базгъордтон æмæ къæсæргæрон Светæйы мады ауыдтон. Бандоныл мæрдджынау гуыбырæй бады æмæ пъолмæ 'рхæндæгæй кæсы.

– Цы кæныс, Уарзетæ?! Исты 'взæр хабар?! – хъæрзæгау сирвæзт мæ риуæй.

– Арфæ дын кæнын де 'ртæ чызджы тыххæй, – йæ сæр хæрдмæ дæр нæ исы, афтæмæй мын дзуры тæфæрфæсгæнæгау.

– Дыууæ чызджы? – фæрсын æй, кæд Фаризæйы дæр нымайы, зæгъгæ.

– Æртæ.

– Хъазгæ мæ кæныс?

– О, гъер мæ тæккæ хъазгæйæ дæн! – загъта рæхуыстæй æмæ сыстади. – Кæд машинæйæ дæ, уæд мæ нæхимæ алас. Мæнæн ам ницыуал хъуыддаг и.

Ахæм хъæлæсы уагæй дзуры, цыма йын дохтыртæ йæ чызгæн стыр фыдракæнд сарæзтой, æмæ сæ 'лгъитгæ кæны. Сæхимæ йæ аластон æмæ чындзмæ хъæрæй бадзырдтон:

– Ладимæ, арахъхъ рахæсс, æмæ мах дæ хицауимæ ноггуырдты цæрæнбоны тыххæй фæйнæ бануазæм!

Чындз цыма мæ ныхæстæм æнхъæлмæ касти, уыйау уайтагъд фынг авæрдта. Ахтемыр «нæ нуазын», зæгъгæ, йæ сæр батылдта æмæ мæ дисы бафтыдта. Амырби мæ Светæимæ базонгæ кæнынмæ куы хъавыди, уæд йæ фыццаг ныхас уыди: «Йæ фыд къупри у, æмæ 'ппæт хъуыддæгтæ дæр йæ мад кæны».

Лæг лыстæджытæ æмæ рæстæмбисрæзт у, йæ фырт та – мады хуызæн ныллæджытæ æмæ хæрзхуызтæ. Цæуы йыл фараст æмæ ссæдз азы. Ладимæ скъола каст куы фæци, уæд æй аскъæфта, æмæ сын лæппу æмæ чызг райгуырди.

– Валерæ, ды дæр нæ нуазыс? – фæрсын æй зæрдаивæй. Уый дæр йæ сæр «нæ», зæгъгæ, батылдта.

– Уæдæ гал хосæй амæлæд. Мæнæн рауадз, – загътон ын хъæлдзæгæй, æртæ ноггуырдæй алкæй тыххæй дæр чысыл агуывзæйы дзаг бануæзтон æмæ нæхимæ зæрдæрайгæйæ рацыдтæн.

*Уыдзæн ма*

*АЛАНТЫ Рæстдзинæ*

# ХУЫЦАУЫ КОМЫТÆФ

## УАДХОСТ ДИДИНÆГ

Æз ныр фыццагау циндзырд нал дæн:
Мæ риуы бафснайдтон сæ арф,
Куы базыдтон йæ ад нæ цардæн,
Куы фæдæн удрынчын дзы, тарф.

О, дидинæг! Кæддæры уарди!..
Куыд диссаг уыд сæумæйы зард!..
Дæ дзадждзын тæф уæлæрвтæм калди,
Нæ уæндыд бавналын дæм кард.

Нæ уæндыд… Æмæ уæд кæцæйдæр
Уаддымгæ ‘хситгæнгæ фæзынд!
Цы цъаммар хъæр кодта: «Уæрæйдæ,
Цæуылнæ ‘рцыдтæ, дидин, тынд?

Зæгъ-ма, рæсугъд, мæ рæвдыд тыхми у?
Нæ бæттыс мемæ, дидин, цард?
Кæд афтæ – змæнты маст мæ риуы,
Æз фенын кæндзынæн дын кард!»

Æмæ ныббогъ кодта: «Илæлæй!»
Фæцъорт кодта йæ хъама арв,
Знæт лæбурджытæй фыддæрæй
Фæсагъта зæххы риуы арф!

Ныккалдта портитау их-дуртæ,
Хынджылæг систа! Ферра раст!..
Цы уыд йæ разы, кодта муртæ!
Æмæ дын… Фæхъус ис æваст.

Æрбайсæфт ‘нæнхъæлæджы тар дæр,
Уæлæрвтæ байгом кодтой дуар.
Æмæ та цард æхсиды дарддæр:
Хуыцауы комытæф – бындар!

… Нæй басæттæн Уый ехсы цъыккæй,
Нæ хъамайы рæхуыстытæй, нæ!
Æнæуынондзинады фынкæй
Сырх Уарди худы та мæнмæ!

## ХИВÆНД УАРЗТ

*(поэтикон диалог чызг æмæ лæппуйы ‘хсæн)*

Уæлладжыры комы, дам, зæд æрбадт –
Минæвæрттæ барвитынæн бар мын ратт!
Дæ цæстыты рухсæй фефсæрмы мæй:
Мæнмæ, дам, ахæм цæхæр æрттивынмæ нæй.

Чи дын радта, о чызгай, ахæм зонд?
Æмæ ма хæлæгæн йемæ – дæ уынд, дæ конд!
Бирæ февзæрстон чызджытæ а царды,
Цалынмæ нæ бахаудтæн, рæсугъд, дæ уацары!
Дæу цы бон федтон, ард хæрын: сызгъæрин!
Дæуимæ мин-мин азты æнæфсис фæцæрин!

О, сау лæппу! Цы зæгъон дын?..
Дæ тæригъæд мæнæн у зын.
Фæлæ æз уарзын æндæр кæйдæр –
Æхсæв йæ уындмæ бæллы мæй дæр!

Йæ иу рацыд, йæ мидбылхудт
Куы байстой, куы, мæнæн мæ уд!
Куы судзын æз цырен арты,
Йæ æндзарæг – Сослан Нарты.

Ды та нæ Батрадз дæ, нæдæр,
Нæдæр Ацæмæз, – бынтон æндæр.
Мæ зæрдæ у æхгæд дæумæ,
Æнæпайда – дæ сидт мæнмæ.

Чызджытæ бирæ: ‘ндæры ссар,
Мæнæн та, курын, дæ рис ныббар.
Дыууæйы ‘хсæн куынæ уа уарзт,
Нæ уыдзæн, лæппу, Хуыцауæй барст.

О, уастæн, цавæр дæ, зæрдæйы ‘вæрд?
Дидинджыты ‘хсæн дын иу – лæвæрд!..
Вæййы кæд уарди, о Стыр Хуыцау,
Æртоны буцы арæх хъæддзау!

Кæд малусæг, ризгæ, фæбæллы тæвдмæ, –
Хъыгагæн ‘рхауы «салд лæг» дæумæ.
…Нæй бамбарæн, нæй, уарзты æвзæрст:
Тæхуды кæндзыстæм уымæ æрмæст!..

## ДЖИГОЦЪИУ

Джигоцъиу! Дæ хъæлæс – адджын,
Мин-мин азты зар фæрнæй!
Бонвæрноны цæсты – кадджын:
Райгонд у сæумæ дæуæй.

Растынц хосдзаутæ дæ зардмæ:
Æртæхы – цæвæг цыргъдæр.
Карсты зарæг хъуысы дардмæ,
Хъусыс арвæй йæ ды дæр!

Джигоцъиу! Ды зарыс цардыл,
Стъалытæм хъуысы дæ зард!
Уарзын дæ, мæ хæлар, уарзын,
Удрæбыны дын – бынат!

Арвгæрæтты ног сæуæхсид
Куыстмæ рог кæнæд нæ къух.
Ма нæ рох кæнæд зæрæхсид,
Зарæд джигоцъиу æдзух!

Бонвæрнон! Сæумæйы стъалы!
Арвы арфæй та нæм худ.
Хъусыс? Джигоцъиу дæм зары,
Йемæ зары Зæххы уд!

## ХЪÆУЫ МÆ МÆН!..

Нæ мæ хъæуы сæдæ азы цæрынæн.
Зæгъдзынæн уын æргомæй æз, цæмæн:
Цыппæртыл цард мæ цæст зæгъы фыдгулæн,
Æндæр нывтыл карст у мæ зонд мæнæн!

Хъæуы мæ мæн сæдæ фæндзай азы тæхынæн!
Ныв кæнынæн, стæй зарынæн сæумæ!
Æмдзæвгæтæ ‘мæ уацаутæ фыссынæн.
Стыр Хуыцау, мæ фæнд хæссын Дæумæ!

Æз баззайдзынæн абонау рæсугъдæй:
Мæ цæстытæ – ыстъалыты тæмæн!
Къæвда бон фестдзæн Хуры тын мæ худтæй.
Кæмæн фæхай кæнон дзы æз, кæмæн?..

Мæ зынæргътæ! Мæ удмæ хæстæг адæм!
Хуыцау уын раттæд йе ‘нæкæрон хæрзтæ!
Куыд хъуыса, куыд, йæ дзырды хъомыс ардæм!
Æмæ йæ райса фидæны хъæстæ!

## САУЦЪИУ

Сауцъиу, сауцъиу, бур бырынкъджын, азар ма мын, цæй!
Атайа æрхæндæг зæрдæ хурмæ ‘ввахс мыртæй.
Сабуха цæхæртæ калгæ уалдзæг, уалдзæг тагъд,
Æмæ та мæм мигъты ‘хсæнæй бахуда мæ цард!

А Дунейы бирæ хæрзтæ, бирæ зынтæ ис…
Зæрдæ дзы кæм цин фæкæны, кæм æргом – йæ рис.
О, фæлæ, фæлæ уæддæр та Арвыл скæсы Хур!
Æмæ нын йæ фæлмæн тынтæй самайы бындур!

Уæдæ уæд зæгъæм, цæй, бузныг Стыр Хуыцауæн мах!
Царды рухс – Уæлæрвты хъомыс, тар та дзы – æртах.
Уарзондзинад – зæрдæйы ныфс: райы уымæй уд!
Царды цæджындз, уды мæсыг, макуы нын фæцуд!

## ÆЗ УАРЗЫН УАРЗТ!..

Æз уарзын уарзт, куы ссудзы 'васт мæ зæрдæ,
Куы сисы уд дæр, заргæйæ, фæдис.
Æмæ куы свæййынц, куы, дыууæйæ уæртæ,
Кæрæдзи 'мбаргæ, космосон цæдис.

Æмæ куы свæййын уыцы монцы руаджы
Æз Феникс! Гамаюн! Уæларвон зæд…
Кæддæр уыдтæн… Кæддæр-кæддæр æз раджы
Æрфæны Фæды стъалыты 'хсæн кæд...

Кæд уым базыдтон, бамбæрстон æппæтдæр?..
Кæд уым райстон мæ курдиат дæр, кæд?..
Кæд уым 'взæрстон зындон æмæ дзæнæт дæр
Хæсы мæсыгау, райсдзынæн сæ уæд!

Хæсы мæсыгау… Уымæн æмæ æз федтон,
Куыд æгъатыр вæййы рæстæггай цард!..
Æмæ дзы хъуамæ æз мæ дзырдæй фестон
Уæларвы Рухсмæ удгомгæнæн зард!

## БÆЛЛИЦЫ СИДТ…

Цæмæн та фембæлдыстæм мах,
Мæ кæддæры ныфсы мæсыг?..
Æрттивы уардийыл æртах,
Сæумæйы зæрдæйы цæссыг.

Æнусты сæрты тахтæн æз,
Мæ бæллиц агургæ, дæумæ!
Мæ уды – дидинджыты фæз,
Цæуылнæ бахудтæ мæнмæ?..

Нæ бамбæрстай: дæ амонд дæн,
Хуыцау мæ сфæлдыста дæуæн!
Хъысмæт нæй аивæн лæгæн.
Мæ зæрдæ басыгъта мæнæн.

Мæхи æз бамбæхстон дæуæй –
Мæ риуы баззадтæ уæддæр!..
Уæларвон дзæнæты нæууæй
Стахтæн стъалытæй уæлдæр.

Ærфæны Фæды мидæг æз
Уыдтон мæ фынты дæу æрмæст…
О, уыцы дидинджыты фæз…
Йæ уындæй не 'фсæды мæ цæст.

Нæ уыдтæ амондджын ды дæр:
Хуыцауы Фæндон у, Табу!
Нæ тавта хурау дæу æндæр,
Кæд загъта хиуарзон «Мæн у!»

…Цæмæн та фембæлдыстæм уæд,
Кæй фæндæй, о, мæ уарзт, зæгъ-ма?
Мæ зæрдæйы – кæддæры фæд.
Кæддæрау арауы нырма.

## ТÆРСЫН

*(С.Б.)*

Цæмæн ныххызтæ мæ зæрдæмæ,
Куы нæма дæ федтон, уæд?
Цæмæн ауагътай мыл æрдын,
Уарзты цæхæр фат-фæд?..

Мæ дард фынты дæу уыдтон-иу:
Мæ бæллицты мæсыг!..
Куы нал сур кæны, куы, æппын
Цæстыхаутыл цæссыг.

Нæ тарстæн никуы мæлæтæй æз,
Куынæ тæрсын, уæд ныр,
Ærхсæв уа, боны рухс, цæмæн,
Цæмæн, тæрсгæ, цæрын?..

Тæрсын, мæ зæд, дæ тæрхонæй:
Куы зæгъай: «Цæй, кæрон,
Æгъгъæд ыскæн дæ монцытæн,
Куыд нæ фестой зындон».

Тæрсын, нæ фыццаг фембæлды
Куынæ ссудза дæ уд,
Куы нырриза, куы, сусæгæй:
«Мæн ахæм никуы хъуыд».

Дзæнæты дыргъдон – уды цин,
Мæ æнусты бынат!
Æнæкæрон Уæларвон Арф,
Дæ Фарны тых мын ратт!

Дæ Фарны тых – Хуыцауы Рухс!
Мæ зæрдæ хъал цæмæй!
Куыд баззайа мæ иунæг дзы
Уарзты рæсугъд цыртæй!

## МУЗÆ

Куы мæ ныууадзой, чи мæ уарзта раздæр,
Кæмæ куывтон, кæмæй рухс дардтон æз…
Æвдадзы ‘фсон куы бадæдтой мæм марг дæр,
Хъысмæтæн мыл куы æртæфса йæ уæз…

Куы ныккæлой бæллæхтæ мыл æмгуыппæй,
Гадзрахатæй куы рацæуа мыл цард,
Куынæ уа суари сисынмæ мæ дзыппæй,
Куы фæлидзой бæллицтæ тæргай, дард…

Куы баззаин æлгъыстагау раст ихыл
Бæгъæввадæй, стонгæй æз, уæддæр
Æндæр хъысмæт нæ ракурин æз никуы,
Æндæр рæстæг кæнæ бæстæ æндæр.

Куы ныккалид мын ӕлдӕртты хъӕздыгдӕр
Мӕ къӕхты бынмӕ ‘рттивгӕ дурты зӕй, –
Нӕ баивин сыл иу бӕрзонд цӕссыг дӕр,
Нӕ баивин сыл Музӕ: аргъ ын нӕй!

## РӔСТУДЫ ФИДАР

Згъорын бӕллицмондаг, цингӕнгӕ, базырджын!
Гъей, дымгӕ, баййаф мӕ цӕй!
Уӕрджытыл… Ламийы… М’ алыварс марджытӕ,
Домынц гадзрахат мӕнӕй.

Туджы пырхӕнтӕ… Лӕбурынц бал-бирӕгътау…
Скъуыхтӕ мын кодтой мӕ буар…
– Марӕм дӕ, ‘мбарыс? Тагъддӕр зӕгъ бирӕтау,
А зӕххыл мулк кӕй у дзуар!

Тагъддӕр, гуымиры: дӕ цард кӕнӕ уыцы дзырд!
Сразы у, мулк у – хӕзна!
Сразы у, хъусыс?! Тыхджын у, дӕлимон гуырд,
Алкӕй дӕр хъуамӕ уырна!

– Нӕ! Нӕ! Амарут! Айсут мӕ иунӕг цард…
Хуыцау ‘мӕ Рӕстдзинад сты Тых!
Дӕлдзӕхы ‘хцатӕй нӕй балхӕнӕн уды кад –
Хӕйрӕг уыдзӕн тагъд ӕдых.

‘Рлӕудзӕн сызгъӕрин рӕстӕг, ӕмӕ стъалытӕм,
Рухс арвмӕ атырндзӕн уд,
Айсут уӕ кӕрдтӕ, ныууадзут мӕ, марджытӕ, –
Рӕстуд нӕ вӕййы тӕппуд!

*ЦГЪОЙТЫ Хазби*

# РАГБОНТЫ ФЫСТÆДЖЫТÆ

*Новеллæ*

Дыууæизæрастæу. Тамарæ йæ изæры зылдтытæ раджы фæци. Йе скъоладзау чызг æмæ лæппуйы фæсхæрд ноджыдæр ма сæ уроктыл бафтыдта, рæвдауæндоны кары лæппу та йæ ног хъазæнæй хъазынил фæци. Гъе, æрмæст ма йæ сæрыхицау Сосланмæ у йæ каст. Йе ‘мкусджытæй дзы кæмæндæр йæ райгуырæн бон у, æмæ фæстиат кæны. Цалынмæ цæуа, уæдмæ дæр æнцад нæ бады Тамарæ – хæдзары зылдтытыл йæхи ирхæфсы, сæ цотмæ йæ цæст дары. Сосланæн æхсæвæр раджы æрцæттæ кодта, уазал дæр ма кæны. Куы ‘рбацæуа, уæд ын æй ахъарм кæндзæн. Цыфæнды цæлы фынгыл дæр фæбадæд, уæддæр æрмæст къофи кæнæ цай ма æркура, уымæн гæнæн нæй. Тамарæйæн уый дæр æхсызгон вæййы: æгайтма йæ хæрд, йæ нозт æгъдауыл вæййы, стæй ма йын йæ къухæйдзагæй хæринаг дæр бацагуры. Адджынæн, хæрзадæн дзы саходы.

Тамарæйæн уыцы хъуыдытæ дуар фегом кодтой сæ уарзондзинады райдайæнмæ, æмæ йæ мидбылты бахудт. Диваныл йæхи æруагъта, æмæ йыл æхсызгондзинады уылæнтæ æрбакалдысты, базыртæ йыл басагътой, æмæ ма, цымæ, уымæй амондджындæр зæххыл исчи уыд! Уыцы уавæры цас фæци, уый йæхæдæг дæр нæ бамбæрста, æмæ ма цас ахастаид, уый чи зоны, сæ телефоны дзæнгæрæг æй йæ абоны уагмæ куынæ раздæхтаид, уæд.

– Алло, алло! Тамарæ дæ? – райхъуыст телефонæй сылгоймаджы хъæлæс.

– О, о! Тамарæ дæн. Ды та чи дæ? Бахатыр кæн, нæ дæ базыдтон.

– Чи дæн, чи, куы зæгъай, уæд дæ лæджы æмкусæг. Уый, кæй зæгъын æй хъæуы, уæхимæ нæма ис. Райгуырæн боны фæдыл фынджы фæстæ йæхи æндæр сылгоймагимæ ирхæфсы. Тагъд нæ уыдзæн. Дæумæ йæ нæма ‘вдæлы.

– Тугтæ йыл ма мыс! Хъахбай цыдæр! – фæрæвдз Тамарæ.

– О, о! Кæд дæ нæ уырны, уæд ма йын-иу йæ костюмы дзыппæй былтæ ахорæнæй амæстæй йæ фындзы кæлмæрзæн сис! – ууыл аскъуыд йæ ныхас, æмæ телефоны бипп-бипп райхъуыст.

Тамарæ сагъдауæй аззад, стæй дзы хъæрæй сирвæзт:

– Нæ! Уымæн уæвæн нæй!

Сывæллæттæ йæм се ‘ргом раздæхтой, йæ цæстæнгас сæ зæрдæмæ нæ

фæцыд, æмæ йыл чызг йæхи æрбауагъта, Æна, цы кæныс, зæгъгæ. Мад æй æрбахъæбыс кодта:

– Ницы, ницы, мæ дзыккакъах чызг. Дæ уроктæ конд фæдæ? Тагъд уæ фыд дæр фæзындзæн æмæ уын сæм уый æркæсдзæн.

Йæ цоты райсомы уæлæдарæсмæ зилгæйæ, Тамарæйы сæрæй нæ хицæн кодтой уыцы сылгоймаджы ныхæстæ. Нæ, нæ, æз цы Сосланы зонын, уый ахæм нæу, зæгъгæ, йæхицæн ныфсытæ æвæрдта, уыцы сылгоймаг нын не 'нгом цард халын сфæнд кодта.

– Ницы йын дзы рауайдзæн! – сдзырдта та хъæрæй. – Мæн ахæм ныхæстæй нæ асайдзысты, нæ мæ сæрра кæндзысты! Мæ бинонты цард фехалыны онг.

Чысыл фæстæдæр сæ дуары гуыпп фæцыд – Сослан мидæмæ æрбахызт. Тамарæйыл цыма хъызт бон хур ракаст, уыйау фæци; йæ размæ рауад сæ кæстæр лæппуимæ, бацин ыл кодта. Ай-гъай, чысыл раздæр ма йын телефонæй, æндæр сылгоймагимæ ис, зæгъгæ, куы дзырдтой.

– Æгæр та афæстиат дæн, не 'фсин, æмæ хатырæй фæуæд, – загъта Сослан. – Æгъдау та мæ æрцахста. Нæ куысты фылдæр сылгоймæгтæ сты. Нæлгоймæгтæн дæр сæ фылдæр фынджы æгъдауæй сæхи иуварс кæнынц. Æз та – хъæууон лæппу, æгъдауы бахауын, æмæ дзы ануазын дæр фæхъæуы…

Сæ кæрæдзи та æрæмбæрстой, æрхъармуд сты, æмæ сæ алчидæр йæ хуыссæн бацагуырдта. Тамарæ сæ æрбæстонтæ кодта, фæлæ йын уæддæр уыцы хъахбайы ныхас æнцой нæ лæвæрдта. Фатер куы ныссабыр, уæд рагъæнæй Сосланы костюм райста æмæ йын йæ дзыппытæ асгæрста. Ахæм митæ йæ сæрмæ бæргæ нæ хаста, стæй Сосланыл ма æууæнд, истæмæй йыл дызæрдыг кæна, уый йæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыд. Ныр дæр йæ зæрдæ йæхиуыл худт, фæлæ йæ рæстдзинад базонын фæндыд!

Костюмы мидæггаг дзыппы разынд фындзы кæлмæрзæн. Хæрдмæ йæ дыууæ æнгуылдзæй сласта, хъавгæ йæ райхæлдта. Тугæй хъулонау разынд йæ иу хай былтæ ахорæнæй амæстæй. Æвиппайды Тамарæйы къухæй зæхмæ æрхауд. Æлгъ ыл кодта æмæ та йæ, йæхи былтæ ахорæнæй хъахъхъæнгæйæ, дыууæ æнгуылдзæй – хистæр æмæ амонæн æнгуылдзтæй – систа. Сонтæй афæнд кодта Сосланмæ йæ бадавын… Фæлæ нозтвæллад лæг уайтагъд афынæй. Сослан ыл гадзрахатæй рацæуа, уый йæ ницы хуызы уырныдта. Фæлæ йын йæ рæстдзинад куыдæй райхала, куыдæй базона, ууыл уыд йæ сагъæс. Бирæ фæрахъуыды-бахъуыды кодта æмæ

ницы фæрæз ардта. Сослан афтæ нæ бакæндзæн, зæгъгæ та йыл ногæй æрбакалдысты сæ уарзты райдайæны тæлмæнтæ.

Сослан историон факультеты ахуыр кодта, Тамарæ та – филологон факультеты. Алы хъæутæй сæ сæ ахуыры фæндаг университетмæ æркодта. Кæрæдзи никуы федтой суанг университеты дæр, цалынмæ сæм иумæйаг лекци нæ уыд, уæдмæ. Уæд дæр, зæгъгæ, къæсæрыл хæрхæмбæлд нæ фесты, уæд, чи зоны, абон иумæ нæ уаиккой, сæ цард нæ баиу кодтаиккой. «Нæ! Нæ! Хуыцау бахизæд æнæ Сосланæй цæрын», – йæ хъуыдытæй фæтарст Тамарæ.

Аудиторийы къæсæрæй мидæмæ бахизон, зæгъгæ, куыд загъта Тамарæ, афтæ йæ размæ фæци Сослан, тыргъмæ ма цæмæдæр фездæхт. Тамарæ йын фæндаг дæтты, Сослан та уымæн дæтты. Афтæмæй кæрæдзимæ фемдзаст сты, æмæ дыууæ дæр сагъдау аззадысты, сдзурынхъом нал систы, ды ахиз, зæгъгæ. Уæдмæ Тамарæйы фæстæ мидæмæ цæуджытæ фæзынд, æмæ уый бахызт, Сослан та рахызт. Сæ дыууæ дæр кæрæдзи фæстæ ракастысты æмæ та фемдзаст сты. Уыйадыл цыдæр æбæрæг хъуыдытæ æмæ æнхъæрæнтæ базмæлын кодтой Тамарæйы зæрдæ. Фæлæ сæ лекцийы рæстæг феуæгъд, æмæ та йæ раздæры гаччы абадт.

Сослан, уый фæстæ йын куыд дзырдта, уымæ гæсгæ лекцийæ æмбаргæ дæр ницыуал бакодта, йæ хъуыдытæ иууылдæр уыдысты Тамарæйыл: чи у, йæ фенын ма мын бантысдзæн, зæгъгæ, æмæ лекци куыддæр фæци, афтæ, адæмы сæрты сæрбихъуырæйттæ кæнгæ, йæ разы февзæрд.

Базонгæ сты… Уæгъд æй нал суагъта. Стæй Тамарæйæн дæр уый йæхи фæндыд. Ахæм лæппуйы чи нæ бауарздзæн!.. Байгом ис чызджы зæрдæ дæр. Æмæ æрмæст йæ ныхæстæм, йæ æрхъуыдыджын митæм нæ, фæлæ йæ фыстæджытæм дæр. Æцæг æм йæхæдæг йе ‘нкъарæнты тыххæй никуы ницы ныффыста. Уый та, æрмæст уыдоны тыххæй нæ, фæлæ ма – йæ дызæрдыг сагъæстæ дæр. Сагъæс та цæуыл кодта? Тамарæйы-иу ахуырæй, йæ мад æмæ фыдæй уымæ куы нæ равдæлд, уæд йæ дызæрдыг хъуыдытыл.

Тамарæ Сосланы фыстæджытæй иу дæр нæ фесæфта, фембырд сæ кодта, æмæ, ныр йæ зæрдыл куы æрбалæууыдысты, уæд сæ се ‘вæрæн бынатæй райста æмæ сæ стыр хæзнайау йæ разы æрæвæрдта. Æрбадт бандоныл æмæ сæ фæлдахы. Сæ фылдæр – æмдзæвгæтимæ. Иуахæмы йын афтæ дæр ма загъта: «Афтæ æнхъæлыс, æз филолог нæ дæн æмæ æмдзæвгæтæ фыссын нæ зонын? Уарзондзинад цы нæ кæны!..» Фæлдахы фыстæджытæ, кæсы

æмæ сæ кæсы. Сæ ныхæстæ йын рæвдауынц йе ‘нкъарæнтæ, йæ зонд. Цæмæн сæ райста, цы мæт ын сæ райсын кодта, уый дæр æй æрбайрох. Мæнæ иу цыбыр фыстæджы кæрон цыппар рæнхъы:

*Уарзтон дæ, уарзтон дæ, бирæ дæ уарзтон:*
*Хурыл дæ, стъалытыл, зæдтыл дæ барстон.*
*Амæндты амонд дæ! – загътон мæхицæн.*
*Уый æнхъæл чи уыди – махæн фæхицæн?!*

Сæрды каникулты дыууæ мæйы кæрæдзи куы нал федтой, уый уæды фæстиуæг у. Тамарæйæн йæ мад фæрынчын, æмæ йæ йæ фæдыл дохтыртыл рахау-бахауæй ма Сосланмæ кæм æвдæлд. Мæнæ ма ноджы ахæм цыппаррæнхъон:

*Зæгъ-ма æргом, цы хур, цы къæвда дæ ‘рхаста мæ размæ?*
*Мæ амондæн?! Æви зынтæн, æдзух кæнон æз сагъæс?*
*Нæ баиумæ тырнын, фæлæ мын ницы ‘нтысы размæ.*
*Мæ уавæрмæ æгъатырæй, куыдфæндыйæ ды ма кæс!*

Сахат æхсæвы дыууадæс амоны, фæлæ уæддæр Сосланы фыстæджытæй Тамарæйы йæхи атонын нæ фæнды.

*Хъуамæ æз дæ цæстыты ныххауон,*
*Нал дæ уадзон иннæтæм кæсын.*
*Уадз æмæ дæ зæрдæйы æрцæрон,*
*Исон ын йæ рис æмæ йæ зын.*

Тамарæ хорз хъуыды кæны алы фыстæджы райст дæр. Æрвыста йæм сæ хъæумæ сæхимæ каникулты рæстæг, æмдзæрæнмæ йæ хорз хæлæрттæн. Сæрдыгон студентты арæзтадон къордтæй. Йæ къухы-иу ын сæ фæсагъта йæхæдæг дæр, æрхъæцмæ-иу куы нал лæууыд, йе ‘нкъарæнтæ-иу куы сабухтой, уæд.

*Циу цард? Хур зæхх куынæ тава,*
*Æхсæвы тар куынæ сура мæйрухс.*
*Дæ уарзт кæйдæр зæрдæ куынæ тава,*
*Хæрæгау уæд сындзы сæрыл фæкус!*

Тамарæ мæнæ ацы æмдзæвгæ та æнæкæсгæйæ дæр зоны.

*Ныйирд. Цъæх арвыл – стъалыты пырхæн.*
*Мæй – хуртуангæс, хъусцæгау æрзæбул.*
*Æрфæны фæд – йæ тæмæнты ныгъуылæн.*
*Зæлдаг тынтæй мæ уарзонæн æхсæвдзу*
*Чындздзон дарæс лыстæг сынкæй хуыйы,*
*Æз та йæ бæсты стъалыгæс лæууын.*

Фыстæджыты ‘хсæн бæрæг дары, кæрæдзи куы бамбæрстой, уæд æм 8-æм Мартъийы фæдыл кæй æрбарвыста, уый. Цæмæдæр гæсгæ йын уæлдай стырдæр аргъ кæны, рæстæгæй-рæстæгмæ йыл ахæссы йæ цæстæнгас, бакæсы йæ, æмæ та сног вæййынц йæ рæсугъд æнкъарæнтæ.

«Дидинæг. Цал æмæ цал хуызы сты дидинджытæ! Чи дзы кæм зайы, цы уæлдæфæй улæфы, цы æрдзы хъæбысы рæзы, уымæ гæсгæ тæф кæны.

Мæнæ та ныр дæр уалдзæг æрцыд. Æрхаста йемæ хуры хъарм æмæ дидинджыты комулæфт, уарзæтты хъынцъым æмæ æхцондзинад. Зæрдæ дзаг кæны рæсугъд æнкъарæнтæй, уæлмонц бæллицтæй. Æмæ дын уалдзæджы фыццаг бæрæгбоны – Сылгоймæгты æмæ дидинджыты бон – зæрдæбынæй арфæ кæнын. Хæрздæф дидинæгау уарзон æмæ адджын у адæмæн. Дæ фенд æхсызгондзинад кæмæн хæссы, дæ хорз ракæнд та – амонд, ахæмтимæ цæр. Æцæг уарди-дидинæгау у сындзджын. Тызмæг, гуырымыхъхъ, дæрзæг; дæ зæрдæйы ахаст, йæ уаг æмæ дын де ‘нкъарæнтæн аргъ кæнын кæй нæ бафæнда, дæ сæрыстырдзинад басæттын чи сфæнд кæна, уыдоны ныхты бынтæ судзин фæныхсæгау риссаг рæхуыст кæнын дæ бон куыд уа, афтæ. Дæ номы аккаг зæрдæрайæ цæр зæххон дзæнæты уарзондзинадимæ. Уарзондзинад цардмæ, дæ алыварс хорз адæммæ. Сæйрагдæр та – æдзух дæ зæрдæ кæй зæгъы, дæумæ чи тырны, уымæ!

*Цæй хорз, цæй диссаг у цæрын,*
*Куы зонай: кæмдæр дæ чидæр мысы.*
*Дæ фенд ын у æхцон, æдзух – йæ бæллиц.*
*Рæвдауы дæ йæ цæстæнгас, йæ тавиц.*
*Йæ катай дæ зæрдæмæ дæр хъуысы,*
*Æрвон кæлæнтæ дзы ‘взæры.*
*Куыд хорз, куыд æхцон у цæрын,*
*Куы зонай: кæмдæр дæ чидæр уарзы,*
*Дæ номимæ бæтты йæ хур, йæ амонд.*

*Дæ уарзт! Æппæт дæр раттид уый сæраппонд!*
*Æнкъарыс æй, базыртæ дыл садзы, –*
*Йæ уарзт дæ зæрдæйы цæры.*

*Цæй хорз, цæй диссаг у цæрын,*
*Куы зонай, уарзыс æмæ дæ уарзон.*

Тамарæ та хъуыдыты анығъуылд: «Нæ, нæ! Ацы ‘нкъарæнтæ кæмæ уыд, уый сæ куыд хъуамæ ферох кæна?! Чидæр нын нæ цардмæ ныхилы, æмæ йын дзы ницы рауайдзæн!» Æмæ та йæхимид адзæгъæл, стæй скарста: «Цæй, æмæ йын æй йæ зæрдыл æрлæууын кæнон, уадз æмæ йæ бакæса». Фыстæг иуварс æрæвæрдта. Иннæты фæлдахы: «Мæнæ ацы æмдзæвгæ дæр, йæхи мын кæм нывонд кæны, уый».

*Дæу фенынмæ бæллын æдзух.*
*Дæ ныхæстæ нæ кæнынц цух*
*Мæ зæрдæйæ. Фæфæнды мæ:*
*Æрмæст ныккæс дæ зæрдæмæ!*
*Дæ цæрайæ цæрын. Кæнын*
*Табу дæ номæн. Ард хæрын*
*Дæу дæн! Дæу у мæ цард, мæ зонд,*
*Мæ уд дæ удæн у нывонд.*
*Мæ уд – дæ нывæрзæн æвæрд.*
*Мæ уд дæ удæн у лæвæрд.*
*Мæ уаг, мæ ми – дæуæн цагъар,*
*Мæ зæрдæ бахæрай, Тамар!*

Тамарæ ма бирæ фæхъуырдухæн кодта йæхиимæ уыцы æхсæв, Сосланæн йæ рагбоны фыстæджытæй кæцы бакæсын кæна, уый тыххæй. Алкæмæн дæр дзы йæ хъуыдытæ, йе ‘нкъарæнтæ йæ зæрдæйыл, йæ зондахастыл афтæ ахадгæ æмбæлыдысты, æмæ дзы кæцы равзæрстаид, рахицæн кодтаид, уымæн ницы амал ардта. «Кæнæ мæнæ ай цы кæны?» – йæ къухмæ райста, сæ чызг Азауы фæстæ сын лæппу куы райгуырд, уæд, цалынмæ арæндоны уыд, уæдмæ йæм йе ‘нкъарæнтæ цы æрмæджы равдыста, уый: «Мæ уды тавс».

«Æз суадон дæн – рæсуг æмæ сатæг. Кæддæр рахъардтон цъæхнæуу

фахсы гуыбынæй. Лыстæг цыхцырджытæй ныллæууыдтæн æддæмæ. Æмæ мыл бацин кодта кæрдæг. Æхцонæн мæ нызъуырдтой йæ уидæгтæ, æмæ цъæхæй-цъæхдæр кодта. Фæлæ йын йæ уидæгтæм мæ хъæлæсы фæхастон змис æмæ лыстæг хуыр. Зымæгон хъызты-иу йæ цъæнут сыфтыл мæ комытæф ихын хъусцæджытæй фæрдгуытæ бафтыдта, æмæ ихæнриз кодтой, сабыргай сыд сæ хъæд, сæ уидаг, æмæ байгом мæ фыцæн бынат, бæзджын кæрдæджы æхсæнæй арвмæ сæрттывтон сæгъы цæстау сыгъдæгæй. Цæссыгау лæдæрсы мæ дон, тындзы дæлæмæ мæскъмæ, æмæ мæ фæд чындздзон чызджы риуыл ставдбыд хъуымбыл дзыккуйау фахсыл дæлиау æрзæбул, раст ыл цыма дымгæ йæ къух рæвдаугæ æруадзы, уыйау зына-нæзына къæдзмæдзытæгæнгæ æруад цæугæдонмæ.

Æз суадон дæн – рæсуг æмæ сатæг. Бæлццонæн сафын йæ дойны, зайæгойæн – йæ мондаг. Сæрдæй-зымæгæй хуры цæст уыдтон, мæйрухс æхсæвты стъалытимæ хъазыдтæн, мæ уæлцъар айдæны сæхи уыдтой цæргæстæ. Хъарм уарынты, их къæвдаты надтон мæхи, здухгæ митгæлæбутæ уæлдæфы ахстон æмæ сæ зыдæй ныхъуырдтон, æхсæрдзæнтимæ зарыдтæн, семæ ерыс кодтон. Нæ фæлладтæн лæггад кæнынæй, абухынæй, уарзынæй, цæрынæй. Афтæ дæлдзинæгмæ тындзыдта азы фæстæ аз.

Æз тарстæн, иуахæмы мæ митхъæпæн йæ быны куы фæкæна, лæсæн мыл куы ракæла, куы ныххуыдуг уон, куы бамыр уа мæ зарæг. Æз тарстæн… Фæлæ мæм æнæнхъæлæджы Хуыцауы лæварау фæзындтæ ды! Æмæ мæ раздæхтай фæндагмæ. Царды фæндагмæ, фидæныл æууæнчы, фидæнмæ тырнындзинады фæндагмæ. Цардмæ!

Ды – мæ хъуылхъуылгæнаг суадон, мæ уды тавс. Æрæджиау чысыл уæлдæр суанг зæххы бынæй ратыдтай æмæ нæрæмонæй афæд кодтай иуырдæм, стæй та – иннæрдæм. Æнæрцæфæй, æнæбасæттгæ, раст цыма мæн агуырдтай, уыйау тыхстæ, фæйнæрдæм рæдывтай нæуцъар фахсы къуылдымтæ… Æмæ мæ ссардтай!.. Æрфæд мæм кодтай… Мæ æрвхуыз цæстытæм мын ныккастæ, федтай дзы дæхи, ныххуыпп кодтай мæ донæй æмæ мыл рауагътай дæхи. Дæ донæй, дæ цинæй, дæ мæтæй, дæ рисæй байдзаг ис мæ гуырæн, мæ уд, мæ зæрдæ. Мæ фыцæны найыс дæхи. Хурмæ та сæрттывта мæ цæст, сабухта мæ цæрæн. Йæ былтæй акалд, æмæ нæ удты монц иу фæдыл уырдыджы стыр цæугæдонмæ сцырын.

Мæ уды тавс, мæ хъуылхъуылгæнаг рæсуг æмæ сатæг суадон, дæ фарсмæ та бафтыдис мæ тыхыл, мæ ныфсыл, æмæ фæтынгдæр ис мæ зарæг. Дæуимæ мæм хъызт зымæджы хъæпæнтæ, тæрккъæвдайы лæсæнтæ

нымады дæр куынæ сты. Куы уай мæ фарсмæ – ныббыхсдзынæн æппæтæн дæр, ныссæтдзынæн цыфæнды ныхдуртæн дæр сæ фыдгæнд. Æмæ цæй ныззарæм нæ иумæйаг зарæг, къæрццæмдзæгъд хъазты æрзилæм иумæ симды. Иумæ аныгъуылæм хуры тынты, мæйрухс æхсæвы фæлмы, стъалыты дзыгуырты.

Мæ уды тавс, ды æмæ æз фестадыстæм дыууæ суадонæй æнхъæвзæг иу зараг къададон, æмвæды чындздзон чызджы уарзæгой риуыл ставд æмæ æнгомбыд хъуымбыл дзыккуйау систæм, æмæ нын райхалæн ма уæд!

Ды чи дæ, уый зоныс? Ды дæ уалдзыгон хъоппæгцæст дидинæг. Райсомы ирдгæ æмæ изæры рæудымгæ кæуыл узæлынц, хуры хъарм тынтæ кæй рæвдауынц, уый! Рæвдауы дæ мæ уарзондзинад дæр, æмæ хæлбурцъ кæнынц де 'нкъарæнтæ. Хатт дыл зæйау рацæуынц, хатт ныццæм вæййынц дæ уды æмæ дæ рæстмæ сулæфын нал фæуадзынц. Ды фæлмæцыс сæ уæзæй, сæ тыхæй. Уый æхцон фæлмæцыд у! Баивæн ын ницæмæй ис. Хуыцауы лæвар у зæдты мыдамæст фынгæй. Фæлæ дæ зæрдæ сонтæй куы айдзаг вæййы æмæ дæ риуæй йæхи куы рацæйтоны, уæд дын фæриссæгау кæны. Æмæ дæ сæр куы æркъул кæныс, уæд мæм уалдзæджы фидиуæг малусæджы хуызæн фæкæсыс. Ды дæ, сатæджы фæуазал æмæ хуры тынты æнарæхст æвнæлд дæр зын кæмæн кæны, ахæм æрвон малусæг.

Ды чи дæ, уый зоныс?! Ды дæ хæххон сæрвæты сырх-хъулон дидинæг – дзæгъдзæгъæг. Уадымс хъазы дæ дæллагхъуыр, æмæ дыл фыр цинæй бахæцыд ризæг. Зырзыраг дæр дæ уымæн хонынц. Акæс-ма сæрвæты хъæбысмæ: сырх тæппытæ дари хъуымац фестад. Гъæйтт, тæхуды, дæуæн уымæй æнгом къаба бахуый! Дæ гуырвидауц дзы куыд разына, дæ зæрдæ хурварс кæмæй абада, ахæм. Мæйрухс æмбисæхсæв арвы стъалытæ халыл бакæн æмæ дын сæ дæ хъуырыл æрæфтау, Бонвæрнон дын дæ ныхыл бакæн, райсомы æртахæй дыл дзабыртæ скæн, дæ къухыл дын ахæц æмæ дын зæгъ: «Цом мемæ дæ уарзты фæдыл!»

Ды чи дæ, уый зоныс?! Æхсырхъуыр уарди-дидинæг! Мыдыбындз мыдагурæг кæмæ тæхы, хуры тынтæ кæуыл хъазынц, ахæм зæрдæскъæфæн дидинæг! Алчидæр дæм тырны: баузæлы дыл, рахъавы дæ æртонын æмæ дæ йæ уаты йæхи бакæна. Фæлæ дæуыл ис сындзытæ æмæ сæ къухты ныхсынц – дæхи æртонын нæ уадзыс! Æз дæм уарзты уæлмонцимæ хъавгæ æввахс бацыдтæн. Ды дæ сындзытæ амбæхстай, дæхимæ мæ хæстæг бауагътай, æмæ дын дæ урс дидинсыфтæн иугай батæ кæнын, рæвдауын дæ, рæвдауыс мæ ды дæр цæстæнгасæй. Ды дæ мæ царды ди-

динæг. Дæ уындæй, дæ кондæй, дæ цæстæнгасæй зилы мæ сæр, уынын дзы мæ бæллиц, мæ катай, тæрсын дын æртонынæй – æмæ дæ цæсты гагуыйау хъахъхъæнын. Хъахъхъæнын дæ – мæхицæн нæ! Дæхицæн! Фæнды мæ, куыд дæ, афтæмæй куы баззаис! Де 'нкъарæнтæн, бæллынæн æмæ уарзтæн кæрон куынæ уаид!!!

Циу цард, куынæ уарзай, куынæ æнкъарай уарзты ад, уæд! Ницы! Цард у уарзондзинад! Иу – æлгъыст, дыууæ – фæлдыст, æртæ – æнтыст. Иу – мæгуыр æмæ æрхæндæг, дыууæйæн æртыккаг куынæ уа, уæд сæ цард у æрхуым æмæ мæтъæйлаг. Æртыккаг та у уарзондзинад, цард.

***Мит фæлдзæгъдæн кæны,***
***Уары, уары 'мæ уары,***
***Раст сыхырнайæ чидæр***
***Мигътæ арвæй луары.***
*Мах дыууæйæ лæууæм*
*Гомдуар арвы бын – иунæг.*
*Мах нæ уарзтæй цæрæм*
*Дуне, стъалыты мидæг.*
*Митгæлæбуты 'хсæн,*
*Здухгæ, февзæры уадымс,*
*Сонтæй асхойыс мæн,*
*Худыс, сабийау хъазыс.*
***Мит фæлдзæгъдæн кæны,***
***Уары, уары 'мæ уары,***
***Раст сыхырнайæ чидæр***
***Мигътæ арвæй луары.***
*Митæй дзыккутыл рæвдз*
*Иу уаргъ сæвæрдта уарын.*
*О, цæй диссаг дæ, æрдз!*
*Зæрдæ агуры зарын.*
*Кæн дæ фæлмæн ныхас,*
*Мæн фæцагайы уаз зын.*
*Уадз дæ цæстыты 'нгас*
*Тынгдæр сабуха уарзын.*
***Мит фæлдзæгъдæн кæны,***
***Уары, уары 'мæ уары,***

***Раст сыхырнайæ чидæр***
***Мигътæ арвæй луары.***
*Мах дыууæйæ лæууæм*
*Гомдуар арвы бын – иунæг.*
*Мах нæ уарзтæй цæрæм*
*Дуне, стъалыты мидæг».*

Азау дунемæ амондджын къах равæрдта – йæ фæстæ сын дыууæ лæппуйы райгуырд. Сослан æм фыр буцæн йæ номæй дзургæ дæр нæ кæны. Дзыккакъах æй хоны, Тамуйы кæхцы йын йæ къах дзыккайы куы атъыстой, уæдæй нырмæ. Искæдæм балцы кæнæ командировкæйы куы фæцæуы, уæд Азауы кæртмæ арвиты, фæзæгъы йын: «Дæуæн дæ къах хорз у, ахизæны дыл куыд фембæлон, афтæ бакæн». Азау дæр та йæхицæй ныббуц вæййы.

Сослан бæрнон бынаты кусы, разамонæг у, студентæй дæр æхсæнады хъуыддæгты зæрдиаг архайæг уыд. Горæты разамынд ыл сæ цæст æрæвæрдтой, æмæ, куыддæр университет каст фæци, афтæ йæ сæхимæ кусынмæ æрбахуыдтой. Скъолайы ахуыргæнæгæй иу бон дæр нæ бакуыста. Тамарæ дзы, цалынмæ Азау нæ райгуырд, уæдмæ иудадзыг фæкуыста, стæй йæ æртæ хатты декреты цæуын бахъуыд. Ныр дæр та уал ахуыргæнæгæй бæргæ кусы, кæд ын дзы, æртæ сывæллоны хъомыл кæнгæйæ, бирæ не ‘нтысы, уæддæр. Фæлæ цыма йæхимæ йæ зæрдæ фехсайдта. Сослан уыцы хабарæн ницыма зоны, æмæ йын æй зæгъын хъæуы. Цин ыл цы бакæна, æндæр ын хъыг нæ уыдзæн. О, фæлæ уал ацы фарста райхалын хъæуы… Царды цы не ‘рцæуы, ахæм хъуыддаг нæй. Æмæ цæмæй, кæцы фыстæгæй райдайа, ууыл бирæ фæсагъæс кæнгæйæ, сфæнд кодта, сæ базонгæйы фæстæ йæм иумæйаг лекцитæй иуы фыццаг хатт къухæй-къухмæ цы чысыл æрфыст æрбалæвæрдта, уый равзарын.

«Цæй зын у, цæй зын æнæ дæу цæрын, мæ уд бафæллад дæумæ æнхъæлмæ кæсынæй. Ды та мæ хъуыды дæр нæ кæныс. Мæ фæрсты æрцæуыс, салам мын нæ дæттыс, цыма зонгæ дæр не стæм, афтæ дæхи дарыс. Мæ рисыл нæ риссыс, мæ цин дæ не ‘ндавы. Æз та дæм æнхъæлмæ фæкæсын, дæ уындмæ фæбæллын. Де сныхас мын амонд куы хæссы, дæ фендæй мæ зæрдæ райгæ куы кæны!..»

Тамарæ йæ иуварс æрæвæрдта, иннæты амбырд кодта æмæ та сæ сæ бынаты бафснæйдта. Стæй Сосланы дзыппы ногитуæвæрд фындзы кæл-

мæрзæн сæвæрдта, былтæ ахорæнæй амæсты та бæрæг ран бафснæйдта. Сосланы рагбонты фыццаг фыстæг сæ фыссæн стъолыл йæ папкæйыл бæстон æрæвæрдта, райсомæй æй æнæмæнг куыд бафиппайа, афтæ. Йæхæдæг йæ цотыл æрзылд, алкæй дæр дзы абæрæг кодта, сæ хъæццултæ сын арæстытæ кодта æмæ æнæ хъыпп, æнæ сыппæй сæ уатмæ бахызт, Сослан куыд нæ райхъал уа, афтæ фæлмæн сæ хуыссæны йæхи æруагъта. Райсомæй дæр ын Сосланимæ аныхас кæныны фадат нæ фæци. Уымæй раздæр фехъал, йæ цотæн, йæ сæрыхицауæн ходæн ацæттæ кодта. Скъоладзауты ахуырмæ арвыста, йæхæдæг кæстæримæ рæвдауæндонмæ фæраст. Стæй та – скъоламæ, йæ куыстмæ.

Сослан дæр райсомæй тагъд-тагъд йæхи арæвдзытæ кодта, æгæр-мæгуыр цай дæр нæ бацымдта, афтæмæй фатеры дуар рахгæдта æмæ куыстмæ атындзыдта. Бынæй йæм æнхъæлмæ каст йæ шофыр. Сæ фыссæн стъолæй йемæ цы гæххæттытæ айста, уыдонмæ дзæбæх дæр не ‘ркаст, иууылдæр æй хъуыдысты, ууыл дæр нæ ахъуыды кодта, афтæмæй сæ йæ папкæйы бавгæдта æмæ йæ йæ дæларм атъыста. Зноны ноztæй йæ сæр нырмадæр уыд цæнгæты хуызæн. Ноzтвæлладæй куыд кусдзæн, адæмимæ куыд ныхас кæндзæн, цавæр уынаффæтæ хæсдзæн, уымæн ницы зоны.

Йæ кусæн уаты стъолыл йæ гæххæттыты папкæ æрæвæрдта Сослан æмæ уæззаугай йæхи бандоныл æруагъта. Папкæ байгом кодта, æмæ дзы æппæты уæле, Тамарæ йын кæсынмæ цы фыстæг æрæвæрдта, ууыл уайтагъд йæ цæст æрхæцыд. Йæ кæддæры къухфыст нал базыдта æмæ йæм фæлæбурдта, ай цы у, зæгъгæ. Зыдæй йæ акаст æмæ йын йæ хъуыды рæстмæ нæ бамбæрста. Дыккаг хатт. Æртыккаг хатт æй сабыргай куы бакаст, уæд йæхимæ фарст радта: «Чи йæ кæмæ фыссы? Мæ папкæйы цы кусы?» Æрæджиау йæ зæрдыл æрбалæууыд, сæ фатеры фыссæн стъолæй йæ кæй систа æмæ йæ папкæйы йæхæдæг кæй авæрдта, уый.

Сослан сагъдауау аззад, цыдæр хъуыдытæ йæ сæ быны афсæрстой, æмæ йæ ноzтвæллад цыдæр фæци. «Ацы фыстæг нæ фатеры фыссæн стъолыл цы куыста? Чи йæ кæмæ фыссы?! – фæрсы йæхи. – Тамарæмæ? Æмæ чи?!» Йæ сæр ныттылдта, йæ цæстытыл йе ‘рмттæ авæрдта. Æмæ дызæрдыг хъуыдыты аныгъуылд: «Чи нын халынвæнд кæны нæ рæсугъд цард?!» – сирвæзти йæ дзыхæй æмæ ныууынæргъыдта.

Сослан уыцы бон нæ куыстæй уыд, нæ хæдзарæй. Тамарæ йын цы фыстæг бакæсын кодта, уый йæ уæгъд нал уагъта, йæ уæлныхты йын хаста йæ хъуыдытæ, йæ митæ. Нæ хицау цыдæр кæны, зæгъгæ, ахæм

хъуыдыимæ-иу йæ уатæй рахызтысты, йе 'мкусджытæй йæм-иу чи бау-ад, уыдон. Йæхæдæг, куысты рæстæг нæма фæци, афтæ сæхимæ атагъд кодта, Тамарæйæн фыстæг равдисынмæ.

– Ай кæй фыст у?! Чи дæм æй фыссы? – фæрсы Тамарæйы, куыддæр фатеры баиу сты, афтæ.

– Кæй фыст у, зæгъыс?! – ныддис кодта Тамарæ… Стæй фембæрста, йæ къухфыст кæй нал базыдта æмæ дызæрдыг кæй кæны. – Мæнæ дис-сæгтæ! Нал æй базыдта! Ныртæккæ дын æй æз фенын кæндзынæн. – Йе 'вæрд фыстæджытæм бауад, рахаста сæ æмæ йын сæ йæ разы æрæвæрдта:

– Мæнæ адон кæй фыст сты, уый!

Сослан йæхи фыст фыстæг кæй нал базыдта, уымæй хорзау нал уыд æмæ йæм хатыр курæгау æрбакаст. Стъолæй фестад, йæ хъæбысы йæ æрбакæнын уыд йæ зæрды, фæлæ йæ Тамарæ фæурæдта:

– Ды ма мын зæгъ…

Сæ уатмæ бауад, уырдыгæй йын кæйдæр былтæ ахорæнæй амæзт фындзы кæлмæрзæн, йæ дыуулæ æнгуылдзæй йыл хæцгæйæ, радавта, йæ ахуырст æм куыд зындаид, афтæ æмæ йæ фæрсы:

– Ай цы у? Дысон æй дæ дзыппæй систон. Де 'мкусæг сылгоймæгтæй мæм дысон дæ размæ иу æрбадзырдта æмæ мын æй уый загъта. Æндæр, хорз куы зоныс, æз дыл дызæрдыг никуы кодтон, дæ дзыппытæ дæр дын никуы къахтон.

Сослан фæуыргъуыйау, йæ цæсгом сырх-сырхид афæлдæхт. Йæ дзып-мæ февнæлдта фындзы кæлмæрзæн агурæг.

– Уым æндæр ис. Дысон дын æй аивтон, – сабыр хъæлæсæй сдзырдта Тамарæ.

– Мæнæ диссæгтæ! Æууæнк куыд никæуыл уал ис. Кæс-ма, кæс, уыцы налатмæ! – сирвæзт Сосланæй. – Къухтæхсæнæй куы рахызт, уæд мæ фындзы кæлмæрзæн бацагуырдта йæ къухтæ асæрфынæн. Цæмæй, дам сæ асæрфтаин, уый дзы нæ уыд. Зæрдæхæлар у, фæлæ афтæ цæмæн бакодта, уымæн мæ бон дзуапп раттын нæу.

– Зæрдæхæлар!? Бынтыдзæуæг, æндæр цы? Дæхи дзы хъахъхъæн! – сдзырдта Тамарæ æмæ йын æхсæвæр æвæрыныл фæци.

Сослан уæддæр йæхицæн бынат нал æмæ нал ардта. Йæхи Тамарæйы раз æнæ аххосæй куыд сраст кодтаид, уый нæ зыдта. Иучысыл йе скъо-ладзау сывæллæттимæ сæ ахуыры фæдыл аныхас кодта, афæрстытæ сæ кодта скъолайы хабæрттæй, æркаст сын сæ боныгтæм, тетрæдтæм. Стæй

та Тамарæйы уæлхъус алæууыд. Фæндон æм бахаста, ацы хатт Батрадзы рæвдауæндонæй уый кæй æрбакæндзæн.

– Ды йæ куыд хъуамæ æрбакæнай? Зонгæ дæ дзы куы ничи кæны, уæд дын æй куыд хъуамæ раттой? – зæгъта йын Тамарæ. Диваныл æрбадт, æрбад-ма ды дæр, зæгъгæ йын загъта. – Дæуæн мæм сусæг зæгъинаг ис, æмæ мæм биноныг байхъус. Мæхимæ та мæ зæрдæ фехсайдта, æмæ мын æй дохтыртæ дæр загътой.

Сослан диванæй фестад, йæ хъæбысы йæ фелвæста æмæ йæ ныззылдта. Азау æмæ Таму сæ цины хъæрмæ залмæ æрбауадысты, æмæ, кæд сæ мад æмæ фыдæн сæ цин цæуыл у, уый нæ базыдтой, уæддæр сыл ныттыхстысты.

Сæ хъæлдзæгдзинад иудзæвгар ахаста. Кæрæдзиуыл цин кодтой æнæрæнцайгæйæ. Уæдмæ Батрадзмæ цæуын афон дæр æрхæццæ.

– Æз Батикмæ цæуын, – загъта Тамарæ Сосланæн. – Дæуæн дæр та фæстæдæр фадат фæуыдзæн уыцы куыст кæнынæн. Ныр уал уæртæ дæ фыстæджытæм æркæс, æмæ дын не ‘рыгон бонтæ сног кæной.

Сослан йæхи фыссæн стъолмæ байста. Тамарæ та фатеры дуар рахгæдта. Азау æмæ Таму сæ уроктæ ахуыр кæнынмæ баздæхтысты. Искуы-иу хатт-иу сæ фыды истæмæй афæрсынмæ рауадысты. Æмæ æрмæст фæрсынмæ нæ, фæлæ йемæ аныхас кæнынмæ. Арæх æй уымæ нæ февдæлы, абон куыстæй цыдæр раджы æрбацыд, æмæ сын уый æхсызгондзинад хаста. Сосланæн дæр. Уымæй йæхи фыст фыстæджытæй дæр. Уæлæрвтæм стахт æмæ æртахт.

Тамарæ Батрадзимæ фатеры къæсæрæй куы ‘рбахызтысты, уæд æртæйæ дæр сæ размæ атагъд кодтой, цыма сын дард балцæй æрбацыдысты, кæрæдзи рагæй нал федтой, уыйау кæрæдзиуыл бацин кодтой.

Бæрæгбоны хуызæн уыд уыцы изæр Сослан æмæ Тамарæйы фатеры, фыр цинæй кæрæдзийæ нал æфсæстысты. Иуахæмы Сослан Тамарæйæн афтæ:

– Ехх, æмæ мæ ныхас æппæт адæммæ куы фехъуысид, уæд сын зæгъин: «Уæ рагбонты фыстæджытæ арæхдæр кæсут! Уыдон уын-иу æрмæст уæ уарзт не сног кæниккой, уæхи дæр уын æрыгон кæнынц!»

1100 Аланыстоныл саргъуыды

*Борис СИНАНОВ*

# «АРГЪУАНТЫ РЕВОЛЮЦИ» ÆМÆ НЫРЫККОН ДУГ

2011 азы 22 мартъийы ралæууыд Цæгат Кавказы чырыстон дины историйы ног дуг. Уыцы бон Уырыссаг Чырыстон Аргъуаны Сыгъдæг Синоды уынаффæмæ гæсгæ саразтæуыд Дзæуджыхъæуы æмæ Махачкалайы епархи. Йе скондмæ бацыдысты Цæгат Ирыстон-Аланийы, Дагестаны, Мæхъхъæлы æмæ Цæцæны республикæты аргъуантæ се ʻхсæнадтимæ. Кафедрæйы тæккæ ногдæр историйы фыццаг архиерей сси архиепископ Зосима (Остапенко). Дыууæ азы дæр нæма рацыд, афтæ Махачкалайы епархи рахицæн. Уыйадыл архиерей райста цин «Дзæуджыхъæуккаг æмæ Алайнаг», епархи йæхæдæг та кусын райдыдта Цæгат Ирыстон-Аланийы административон арæнты фæлгæты. Афтæмæй ног кафедрæ сси, советон хицауад кæй сæхгæдта, уыцы Дзæуджыхъæуы æмæ Мæздæджы епархийы традицитæ дарддæр хæссæг æхсæнад.

Цы XIX æнусы кæрон, цы XXI æнусы райдайæны, Дзæуджыхъæуы епархи арæзт цыд, Цæгат Кавказы æмæ Цæгат Ирыстоны чырыстон динæн цалдæр æнусыл æххæссæг истори кæй ис, уый хынцгæйæ. Чырыстон динимæ баст Цæгат Кавказы алантæ фыццаг хатт раууады-

сты, сæ паддзахадмæ сын сыгъдæг апостол Андрей Первозванный куы ‘рцыд, уæд. V æнусы сæвзæрдысты, се ‘мзæххонты къухæй чырыстон дин райсынын тыххæй хъизæмайраг мард чи акодта, уыцы аланты (Воскейантæ æмæ Сукиасиантæ) тыххæй радзырд-æвдисæнтæ. Археологон ракъæхтыты фæстæ ма рабæрæг сты ацы динимæ баст VII – IX æнусты арæзтæдтæ дæр. Фæлæ уæддæр Аланийы чырыстон дин æмбæлгæ уагыл рапарахат æрмæст X æнусæй фæстæмæ. Уыцы æнусы алантыл æрмæст къордгæйттæй нæ саргъуыдæуыд, фæлæ ма сын сарæзтой бирæ аргъуантæ дæр. 965 азы сæвзæрд Сентинаг аргъуан – нырыккон Уæрæсейы зæххыл тæккæ рагондæр дины арæзтæдтæй иу.

Манголты ныббырст аланты истори цæхгæр фæивта, сæ паддзахад, куыд политикон иугонд, афтæ фесæфт. Уыимæ, адæмæй, Цæгат Кавказы Византиимæ баст чырыстон паддзахад кæй уыд, уый æнусты дæргъы дæр нæ ферох.

Цæгат Кавказы чырыстон дин сног, Уæрæсеимæ кæй баиу, уый руаджы. XVIII æнусы кæрон – XIX æнусы райдайæны Терчы былгæрæттыл уырыссаг æхсæнæдтæ хаудтой Астраханы епархийы скондмæ. Цыбыр рæстæг, 1793 – 1799 азты, хибар уыд Мæздæджы епархи. Уæвгæ, Астраханы епархийы дæлбар нымад уыд, фæлæ йæ уымæй сæрибар схонæн ис, уымæн æмæ Мæздæггаг æмæ Маджайраг епископ Гайы (Такъæты / Бараташвили) кафедрæйы цур Мæздæджы уыд йæхи консистори æмæ епархийæн æмбæлгæ æндæр миниуджытæ. Уый фæстæ ногæй иугонд æрцыд Астраханы епархиимæ. 1874 азæй фæстæмæ та чырыстон ирæтты æхсæнад хауд Гуырдзиаг экзархаты скондмæ. Уый фæстæ аз ирон æхсæнæдтæ рахицæн сты сæрмагонд Дзæуджыхъæуккаг епархийы хуызы, фæстæдæр та сыл бафтыдысты Кавказаг епархийы уырыссаг æхсæнæдтæ. Афтæмæй, Дзæуджыхъæуы хибар кафедрæйы рæзты фыццаг къæпхæн бабæттæн ис 1875 азимæ – уæд епархи нымад уыд Гуырдзиаг экзархаты иу хайыл. Дыккаг та – 1904 азимæ – уæд экзархатæй рахицæн æмæ ма йыл бафтыд дыккаг кафедралон горæт Мæздæг. Уæдæй фæстæмæ сси Дзæуджыхъæуы æмæ Мæздæджы епархи.

XX æнусы райдайæнмæ епархийы дины кусджыты ахуыры æмвæзад ныллæг уыд, уæдæ-иу семинарийы рауагъдонтæй дæр алчи йæхи аргъуаны куыстæн не снывонд кодта. Фæлæ уæддæр Цæгат Кавказы ахуырады æмæ культурæйы рæзтмæ стыр æвæрæн аргъуаны кусджытæ бахастой, Ирыстоны та национ интеллигенцийы фыццаг фæлтæр уыдон систы. Кавказы чырыстон дины историйы æнустæм фыст сты тæлмацгæнæг, «Ирыстоны апостол» Иосиф (Чепиговский), Ирыстоны сылгоймæгты ахуырады бындурæвæрæг, протоиерей Колыты Аксо (Алыкси), историк æмæ рухстауæг, протоиерей Гатуты Алыкси, рухстауæг æмæ Æрыдоны дины семинарийы

фыццаг ректор, архимандрит Иоанн (Алексеев), ирон прозæйы традициты бындурæвæрæг, сауджын Гæдиаты Секъа æмæ иннæты нæмттæ.

Нымæцтæ куыд æвдисынц, афтæмæй чырыстон дин парахатгæнджытæ азæй-азмæ фылдæр кодтой, фæлæ аргъуан уæддæр хорз уавæры нæ уыд. Паддзахы рæстæджы Уæрæсейы разамонджытæ, аргъуаны бындуртæ æнæфæцудгæ, адæм та йæ астæуккаг цæджындз сты, зæгъгæ, хъуыды кодтой, фæлæ фыдæнхъæл фесты.

Революцийы размæ азты аргъуаны кад дæлдæрæй-дæлдæр хауд. Интеллигенцийы иу хай, стæй адæмон скъолатæ, дины ныхмæ дзырдтой, æмæ сын дзæвгар æнтыст. Æппынкъаддæр 1906 азæй фæстæмæ Синодмæ епархитæй цыд, кусæг адæм бирæгæйттæй сæхи аргъуаныл кæй тигъ кæнынц, уый тыххæй сагъæссаг хъусынгæнинæгтæ.

Цæгат Ирыстоны аргъуаны ныхмæ уыцы азты дзырдтой сæйрагдæр зæххæй кадавары æмæ административон къуылымпыты фыдæй. Адæм разы нæ уыдысты хицæуттимæ æмдзæхдон аргъуаны иуæй-иу кусджыты домæнтимæ, æмæ сæ маст нал æмбæхстой. Ноджы ма хъæуты æмбырдты дины ныхмæ листовкæты парахатгонд цыдысты аргъуаны зæххытæ байсын æмæ йæ кусджытæ цæмæй сæ лæггæдтæн лæвæрттæ ма агурой, уыдæттимæ баст домæнтæ. Сæйраг аххосаг та, фылдæр специалистты хъуыдымæ гæсгæ, систы Синоды рæстæджы паддзахады æмæ аргъуаны ахастытæ.

Дины раззагдæр кусджытæ æмбæрстой, бюрократийы ахæсты бахауæг аргъуан ног дуджы нысантæн дзуапп кæй нал дæтты, уый, æмæ Февралы революцийыл, монархийы сæфтыл сæмбæлдысты аргъуаны æмæ æхсæнады цардарæзт фæхуыздæр кæныны ныфсимæ. Дингæнджытæ фæдихтæ сты – чи зæронд уагыл æнувыд уæвынмæ сидт, чи та – бындурон ивддзинæдтæм. Сæ фылдæр аргъуаны цард æххæстæй рацаразыны æмæ паддзахадимæ ахастытæм цæхгæр ивддзинæдтæ хæссыны зондыл ныллæууыдысты.

Никъала II паддзахы къæлæтджын куы ныуагъта, уæд Сыгъдæг Синод ныммыхуыр кодта «Уæрæсейаг чырыстон аргъуаныл æнувыд æппæт адæммæ сидт». Райдыдта ахæм ныхæстæй: «Хуыцауы фæнд сæххæст. Уæрæсе рахызт паддзахадон царды ног фæндагмæ». Ома, аргъуаны уæлдæр разамынд, 1917 азы 2 мартъийы цы цаутæ æрцыд, уыдонмæ йæ цæстæнгас равдыста. Адæмы революцион зондахаст фæуæлахиз монархийы идейæтыл, æмæ хицауады раивд нымад æрцыд паддзахад фервæзын кæнынæн хъæугæ фæрæзыл.

Дины разамынды кусджытæн ма æндæр гæнæн нæ уыд уый тыххæй дæр, æмæ сæ хынцын хъуыд революцийы цаутæм бынæттон хицауиуæггæнæг архиерейты цæстæнгас. Адæм сæ фарс рахæцдзысты, зæгъгæ, кæм

нæ тарстысты, уым амынд уæлдæр разамынд ног хицауады бынæттон оргæнты æххуысæй архиерейты сæ кафедрætæй исын райдыдта.

Æдæппæт 1917 азы уалдзæджы сæ фæллад уадзынмæ æрвыст æрцыдысты сæдæ хицауиуæггæнæг архиерейæ фылдæр, уыимæ сæ Синод сæ куыстытæй иста бынæттон епархиалон съездты курдиаттæм гæсгæ. Уыцы хъуыддаг историктæн дæтты Уæрæсейы стæмхатт æмбæлæг фæзынд – «аргъуаны революцийыл» дзурыны бар. Йæ мидис уый мидæг уыд, æмæ дины хуымæтæг кусджытæ, сæ архиерейты ныхмæ ацæугæйæ, цæхгæр ныллæууыдысты аргъуаны цардыуаг рацаразыны æмæ дзы социалон рæстдзинад ныффидар кæныны зондыл (епископы æвзæрстыты бындурыл нысан кæнын, бынæттон дингæнджытæн епархитæн разамынд дæттыны хъуыддагыл ахадыны бар раттын, аргъуаны æфтиæгтæ йе ‘хсæнадыл раст уарын æмæ а.д.).

Дзæуджыхъæуы дины кусджыты æмæ хуымæтæг уырнонты епархиалон съезд уыд 1917 азы 25 апрелы – 3 майы. Бацæттæ йæм кæныны фæдыл рæстæгмæйы комитет куыста адæмы ‘хсæн кадджын сауджын Александр Богоявленскийы разамындæй. Уыцы комитет, съезд ахсджиаг кæй уыд, уымæ гæсгæ дзырдта, цас гæнæн ис, уыйбæрц фылдæр дины кусджыты æмæ хуымæтæг уырнонты йæм фæхоныны фарс.

Æмæ горæтмæ, æцæгдæр, æрæмбырд бирæ адæм, уыимæ, делегаттæн се ‘мбисы бæрц уыдысты алы социалон къордты минæвæрттæ – дворяйнæгтæ, хъазахъхъæгтæ, аргъуанты старостæтæ, дины ахуыргæнæндæтты ахуыргæнджытæ æмæ а.д. Уый та уымæн афтæ рауад, æмæ Февралы революци сахадыдта æппæт уыцы къордтыл дæр, æмæ æхсæнады уæнгтæ æмзондæй тырныдтой аргъуаны разамынды бюрократи сыскъуыныммæ. Разамонæг епископ съезды куысты нæ архайдта.

Хатдзæгтæм æмæ уынаффæтæм æркæсгæйæ, зæгъæн ис, æмæ бынæтты архайæг дины кусджытæ уæзгæ æвæрæн кæй бахастой Уæрæсейы паддзахадон идеологийы «Дин, Паддзах æмæ Фыдыбæстæйы сæраппонд», зæгъгæ, уыцы лозунг аивынмæ. Съезд сразы, паддзахадæн разамынд дзыллæ хъуамæ кæй дæтта, ахæм хъуыдыимæ.

Иннæ резолюцитæ та баст уыдысты разамынды фарстатимæ. Зæгъæм, дины æмæ уæлдайдæр дины-административон куысты бынæттæм, фыццаджыдæр, епископы кафедрæмæ, æвзæрстыты бындурыл аккагдæры нысан кæнын. Ома, дæс азæй фылдæры дæргъы дины раззагдæр кусджытæ паддзахы хицауадæй цы рацарæзт домдтой, уый ныр царды йæ бынат ссардта.

Уыимæ, епископ Макарийы резолюцимæ гæсгæ, Дзæуджыхъæуы епархиалон съезды уынаффæтæ аргъуаны цардмæ хаст цыдысты æрмæстдæр

рæстæгмæ, Уырыссаг Аргъуаны Æмбырды фидæны æппæтуæрæсеон съезд сыл цалынмæ æрныхас кодтаид, уæдмæ.

Фæлæ дины змæлды революцион тырнæнтæ бамынæг сты, дзыллæ Рæстæгмæйы хицауады политикæйæ разы куы нал уыд, уæд. 1917 азы июлæй фæстæмæ аргъуаны кусджыты социалон архайд дзæвгар фæлæмæгъдæр. Уæдмæ сбæрæг, Рæстæгмæйы хицауады бон кæй нæу хъæугæ ивддзинæдтæ скæнын æмæ афтæмæй паддзахад змæстытæй бахизын. Ноджы ма фæкарздæр экономикон кризис, æфсад ныддихтæ, алыхуызон партиты 'хсæн тох фæтынгдæр. Æртæ азæй фылдæр цы хæст цыд, уымæй адæм дæр бафæлладысты, паддзахады сæфтмæ дæр кодта.

Уыйадыл Дзæуджыхъæуы епархийы дины кусджытæ бахаудтой сæхи революцион уынаффæты ахæсты, уымæн æмæ хæлхъой дуг æмæ социалон-экономикон къуылымпытæ аргъуаны цардыуаджы æгъдæуттæ фæкайдтой. Æрмæст аргъуаны разамындыл ахадынæн дины кусджытæн æмæ хуымæтæг уырнонтæн бартæ раттынимæ баст хъæппæрис дæр æркодта уымæ, æмæ уыцы уырнонтæ сауджынты сæ бынæттæй тæрын райдыдтой.

Уæдмæ Октябры революцийы руаджы Уæрæсейы æрфидар большевикты хицауад. Уый фидарæй æрлæууыд дины ныхмæ тохы фæндагыл. Сæйраг цæф æрцыд Уырыссаг Чырыстон Аргъуаныл. Цыфæндыйæ дæр дзыллæйы зондахастыл ахадæг чи уыд, уыцы дины кусджытæ æвиппайды адæмыл нымад дæр нал уыдысты, бынтон æнæ ницæмæй аззадысты.

Æххормаг 1921 азæй советон хицауад спайда кодта аргъуанæн йæ мулк байсыны хуызы. 1922 азы 16 майæ фæстæмæ Хæххон республикæйы сæйраг горæт Дзæуджыхъæуы Уырыссаг Чырыстон аргъуаны кувæндæттæй айстæуыд бирæ сызгъæрин, æвзист, зынаргъ дзаумæттæ. Уыцы хъуыддаджы ныхмæ стох кодтой æрмæст, уæды Хæххон политикон хайады сусæггонд хъусынгæнинæгты куыд амыдтой, афтæмæй «раздæры буржуазон æхсæнады æмæ интеллигенцийы иугай минæвæрттæ, дворяйнæгтæ, афицерты чысыл къордтæ æмæ хъаугъагæнæг зæронд устытæ».

Æгъатыр экономикон цæф фыдæвзарæнтæн сæ райдайæн уыд. 1928 азæй фæстæмæ Дзæуджыхъæуы æхгæнын райдыдтой аргъуантæ. Фыццаджыдæр, хицауад «хæдзарон» аргъуантыл кæй банымадтой, уыдон – Сыгъдæг Нинæйы гуырдзиаг аргъуан æмæ Сыгъдæг Мады Майрæмы мысæн грекъаг аргъуан. Гуырдзиаг æмæ грекъаг æхсæнæдтæ аргъуантæ ма æхгæныны домæнтимæ бирæ иумæйаг хъæстытæ фæфыстой ССР Цæдисы Сæйраг æххæстгæнæг комитетмæ, баххуыс сын кæныны курдиаттæ та – дины алы æмвæзады уæлдæр разамонджытæм. 1933 – 1934 азты Ирыстоны хæлд æрцыдысты стырдæр аргъуантæ, сæхгæдтой моладзандонтæ, æмæ дины

къабазы цард бамынæг. 1940-æм азты ма Дзæуджыхъæуы уыд æрмæст дыууæ чысыл аргъуаны – Ильяйы æмæ Покровы аргъуантæ. Йæ кæнон бакодта репресситы цалх дæр – бассæста Дзæуджыхъæуы епархийæ 60-йæ фылдæр дины кусджыты хъысмæттæ…

«Дины революци»-йыл фæуæлахиз æнæхъæн паддзахады истори дæр ногæй рафыссæг большевикты революци… Кæй ма бауырныдтаид уыцы рæстæг, æндидзыны дуг кæй ралæудзæн, сыгъдæг чырыстон дин та йæ алыварс бирæ адæмы кæй æрбангом кæндзæн. Фæлæ æрцыд уыцы рæстæг дæр – Уæрæсейыл саргъуыды мин азы кадæн бæрæгбон 1988 азы паддзахады политикон арæзтады ивддзинæдтимæ иумæ сси аргъуаны æмæ паддзахады æмахастдзинæдты ног дуджы райдайæн. 1989 азы Цæгат Ирыстоны чырыстæттæн фæстæмæ радтой Ирон аргъуан Дзæуджыхъæуы æмæ Алагиры аргъуан. 1992 азы аразын райдыдтой Дзæуджыхъуы епархийы абоны сæйраг Сыгъдæг Георгийы кафедралон аргъуан, 2000 азы та Сыгъдæг Синоды уынаффæмæ гæсгæ Беслæны байгом Нæлгоймæгты алайнаг моладзандон (фæстæдæр æрбынатон Куырттаты комы æмæ сси Уæрæсейы зæххыл моладзанты æппæты хуссайрагдæр цæрæнбынат). 2004 азы Алагирмæ хæстæг фæзынд Сылгоймæгты моладзандон.

Абон Дзæуджыхъæуы епархи рæзы, арæзт цæуынц ног аргъуантæ, æвæрд дзы æрцыд дин тауæг ахуырадæн бындур дæр. 2013 азы епархийæн фæстæмæ радтой раздæры архиерейты резиденцийы агъуыст Церетелийы уынджы (бирæ азты дзы уыд æфсæддон госпиталы хайæдтæй иу).

Нырыккон Чырыстон Аргъуаны рæзтæн ма Ирыстоны æвдисæн вæййынц дины стыр зонадон форумтæ. Уымæй фидар кæны ахуыргæндтимæ æмгуыстад аргъуаны истори æмæ филологи иртасынимæ баст фарстаты.

2017 азы 14 октябры та Уæрæсейы Президент Владимир Путин бафыста «Аланыстоныл саргъуыды 1100 азы сæххæсты бæрæгбоны тыххæй» Указ. Уæдæй нырмæ Ирыстоны арæзт æрцыд бирæ алыхуызон мадзæлттæ, сæйраг бæрæгбон та цæудзæн Дзæуджыхъæуы 2022 азы сентябры.

Ацы æмæ бирæ æндæр хабæрттæй ис бæлвырд хатдзæг скæнæн: «Чырыстон дин уыд аланты паддзахад саразынæн ахъазгæнæг тых, нырыккон Ирыстонæн та у культурæйыл хорзæрдæм ахадæг дзыллæйы æнгомгæнæг ахуырадон-рухстауæн фæрæз». Афтæ уæд кæддæриддæр, æмæ ныл уæд дин амонд æмæ сабырдзинад таудзæн!

*Уырыссаг æвзагæй ТЪЕХТЫ Тамерланы тæлмац*

*БЕЗАТЫ Фаризæ*

# ЛÆГАУ ЛÆГТÆ

*Дыууæ ныхасы Дауыраты Дамиры тыххæй*

Дауыраты Дамир у, йæ фыды цæсгом æрмæстдæр хуызистмæ гæсгæ чи зоны, уыцы фæлтæрæй: йæ фыд Дауыраты Ханджери фæмард Фыдыбæстæйы Стыр хæсты…

Сидзæр лæппу раджы лæг кæны. Æмæ Дамир дæр йæ куыстуарзаг мад Бедуккайы фарсмæ æххуысæмбалæй хæрз æвзонгæй балæууыд. Йæ мад æмæ йæ хъæуккæгты зæрдæхудты никуы бацыд, уыйхыгъд сæм цыдæриддæр хорзæй уыдис, уыдонæй Дамир фæсте ницы ныууагъта: у куыстхъом, уæздан, цæстуарзон. Хайджын у адæймаджы бæрзонддæр æууæлæй – хорздзинад нæ рох кæны, уыны, йæ алыварс цы адæм ис, уыдоны уды фарн, сæ рæсугъддзинад. Фыссæджы сфæлдыстад уæлдай фидауцджын кæнынц йæ райгуырæн уæзæгмæ сыгъдæг æмæ бæрзонд уарзты æнкъарæнтæ.

Дамиры сфæлдыстады ис ивгъуыд æмæ фидæны бастдзинад. Йæ уацмысты хъайтартæ сты не ‘мбæстагонтæ, нæ адæмы хуыздæртæ, фыссæгæн йæ фæрнджын хъæубæстæ, йе ‘мгæрттæ. Уыдоны фæлгонцтæ чиныгкæсæджы размæ слæууынц куы хуымæтæджы зæххкусæджы сабыр цард нывты, куы та знæт дугты тызмæг фæйлауæнты æмæ йæ ахуыр кæнынц адæймаджы рæсугъд хъуыддæгтæ фæзмыныл, фыдуынд хъуыддæгтыл æлгъ кæныныл. Суанг йæ уацмысты сæргæндтæ дæр («Сæрдыгон фæткъуытæ», «Мæ сабидуджы фæлмæн къæвдатæ», «Хъæддаг кæрдотæ», «Хуымæллæгмæ пысыра хæрынмæ») дзурынц, æрдзимæ йæ зæрдæйы уидæгтæй баст кæй у, ууыл.

Уæрæсейы Фысджыты цæдисы уæнг, РЦИ-Аланийы æмæ Уæрæсейы Федерацийы культурæйы сгуыхт кусæгæн мыхуыры рацыд поэтикон æмæ къорд прозаикон уацмысты æмбырдгæндтæ. Фæлæ уæлдай бæркадджындæр æвæрæн фыссæг бахаста документалон жанрмæ. Йæ чингуытæй: «Харитоны нымæтхуд æмæ Хрущевы шляпæ», «Цæрынц Сирийы ирæттæ», «Уыцы гыццыл стыр лæг Хъулаты Хъуыбады», «Паддзæхты цуан хъамылты», «Ироны портрет мæйыл», «Чи фембæлд ирæттæй Сталинимæ», «Мухтары бæрзонд кувæндон», «Бибо Ватаев глазами друзей», «Мæ райгуырæн хъæу Хуымæллæг», «Лæгау лæгтæ»

æмæ æндæртæй – арфæйаг скодта канд йе ‘мзæххонты нæмттæ нæ, фæлæ йæхи ном дæр.

Дамир йæ размæ сæвæрдта, Ирыстоны стырдæр лæгтыл нымад чи уыд, Ирыстоны бирæ чи уарзта, фæлæ кæддæр рæстæджы æвирхъау тымыгъты аххосæй «зынджы къæрттау йæ фыдæлты уæзæгæй чи фæхауд æцæгæлон бæстæмæ», уыдоны рох нæмттæ сæ фыдæлты зæхмæ раздахыны хæс. Æмæ зæгъы: «Ис иу тынг раст зæрдæнцойаг рагон хъуыды: истори нæ быхсы дзæгъæл хъулон-мулон митæн, раджы уа, æрæджы уа – алцыдæр йæ бынаты сæвæры. Рох не сты, стæй никæддæр уыдзысты Ирыстонæй йæ цардæфхæрд, ном æмæ йын цæсгом скæнæг уарзон хъæбултæ. Чи кæм ис, чи дзы цы уавæры бахауд, уый сæйраг нæу. Ирон дзыллæ, уæлдайдæр та фæстагæттæ, хъуамæ зоной хабæрттæ, хъуамæ зоной рæстдзинад, цыфæнды зын, цыфæнды хъыгаг куы уа, уæддæр».

Уыцы хæс сæххæст кæныны тыххæй Дамир фылдæр фыдæбон бакодта уацау «Ироны портрет мæйыл» ныффыссыныл. Уый тыххæй фæцыд Англисмæ, фембæлд не ‘мзæххон, зæххы къорийы ахуыргонддæр лæгтæй иу, Токаты Ахмæты фырт Георгиимæ (Гогкиимæ). Гогки йæхи тыххæй зæгъы: «Цалдæр азæй цалдæр азмæ Англисы рацæуы чиныг «Кто есть кто?» Мæн тыххæй дзы афтæ райдайынц: «У ирон, райгуырд Цæгат Ирыстоны. У 9 хатты наукæты доктор, 6 хатты наукæты кандидат, 11 бæстæйы академиты уæнг» æмæ афтæ дæддæр. Мæнæн дзы зынаргъдæр у фыццаг рæнхъ: «У ирон». Ацы бæстæйы ис ахæм æгъдау: фылдæр хæрзты йын чи бацыд, йæ къæбицмæ йын хуыздæр бавæрæн чи бахаста, уыцы адæймæгтæн раттынц æппæты кадджындæр ном – сэр. Уыдоны номхыгъдмæ бахæссынвæнд кодтой мæн дæр. Уый тыххæй мæнæй цы хъуыдис? Сæрмагонд декларацийы æз, ирон, хъуамæ ард бахордтаин Англисы ус-къарол Елизаветæйæн, мæнæ цыма æцæг англисаг дæн, уыйау. Æз уыцы ардбахæрд мæ сæрмæ не ‘рхастон. Æз англисаг нæ дæн, æз ирон дæн. Æз мыггагмæ æгæрон бузныг дæн ацы бæстæйæ, фæлæ, нæ фыдæлтæ-иу куыд дзырдтой, дæлæ кæнай, уæлæ кæнай, уæддæр æз англисаг нæ дæн, æз Кавказæй дæн…»

Дамир, Англисмæ цæугæйæ, Гогкимæ раттынæн цы фæрстыты къорд снысан кодта, уыдоны мидис у ахæм: цы ‘рцыдис, Гогки 1947 азы фæсарæнтæм цæмæн алыгъд? йæ ацыды фæстиуджытыл нæ ахъуыды кодта? Ирыстонмæ йæ цæрынмæ рацæуын нæ фæнды? цы

баззадис йæ удыхъæды иронæй? йæ фыдыбæстæйы, йæ мад, йæ фыды йæ фыны никуы фены? гыццыл адæмы Стыр хъæбул кæй ссис, уымæй сæрыстыр у æви нæ? æмæ а.д. Ацы фæрстытæ цымыдисаг уыдзысты чиныгкæсæгæн дæр. Бирæтæ аивдзысты сæ хъуыды Гогкийы тыххæй.

Ахуыргонды царды хабæрттæй уæлдай уацауы ис бирæ цымыдисаг æрмæг Англисы, англисаг адæмы, фылдæр та Лондоны тыххæй. Чиныджы æрмæг арæзт у Гогкийæн йæхи монологтæй диктофоныл фыстæй. Уыдонæй райдыдта Дамиры ног чиныг «Лæгау лæгтæ» дæр.

Документалон жанр æрымысæггаг ныхæстæ нæ быхсы, æмæ ацы хъуыддаджы, Дамирæн йæхи загъдау, йæ иузæрдион цæдисон æмбал у йæ диктофон. Уым фыст сты йæ хъайтарты кæнæ та сын сæ рухс нæмттæ чи мысы, уыдоны хъæлæстæ.

Йæ хæрзтæн аргъ кæнын чи зоны, æрмæст уыцы адæмæн ис бæллиццаг фидæн. Уыцы хъуыддаджы ирон адæмæн, æвæццæгæн, фæзминаг сты, нæ алыварс цы адæмыхæттытæ цæрынц, уыдон. Ацы фарстыл дзургæйæ, хъуыдыйы уымæн февзæрынц Къадзаты Станиславы фыст рæнхъытæ: «Ирон нæ раппæлдзæн иронæй, фæлтау фæхæсдзæн Теркæй дуртæ». Хъыгагæн, раппæлынæй рафауынмæ хатгай æвзыгъддæр разынæм. Æмæ Иры хуыздæртæн аккаг аргъ кæнын куыд хъæуы, уымæн хорз цæвиттон у Дауыраты Дамиры сфæлдыстад. Йæ чингуытæ «Мæ хъæу Хуымæллæг» (дыккаг æххæстгонд рауагъд) æмæ «Лæгау лæгтæ»-йæ базонæн ис, сæ ном адæмы ʻхсæн цæргæйæ кæмæн баззад, уыдоны царды хабæрттæ, сæ хорз хъуыддæгтæ. Ис сæ æргом ныхас Ирыстоны сæргълæуджыты сгуыхтытæ æмæ къуыхцыты тыххæй дæр. Мысинæгтæй нывгондæй цардæгасæй систынц чиныгкæсæджы раз, сæ цард, сæ куыст, се сгуыхтытæ нæ адæмы хуыздæр фидæнæн чи нывонд кодта, уыдоны фæлгонцтæ. Чиныджы хицæнæй лæууы, ницæимæ хæццæ кæны, ирон адæмæн æнусон рыст цы æвирхъау цау æрхаста, уый: Беслæны стыр трагедийы æцæгдзинæдтæ, чи дзы уыд, уыдоны ныхасмæ гæсгæ арæзтæй.

Уацы фæлгæтты фыссæджы уацмыстыл æххæстæй æрдзурыны амал нæй. Хуыздæр уыдзæн, чиныгкæсæг сæ йæхæдæг куы бакæса, уæд. Чингуытæ сты ирон æмæ уырыссаг æвзæгтыл мыхуыргонд, æмæ уый дæр у раппæлинаг, уымæн æмæ сæ бакæсыны фадат ис Уæрæсейы иннæ адæмтыхæттытæн дæр.

Æмæ ма ноджы – иу хахх. Дзурынц, дзырд, дам, йæ зæгъæджы хуызæн у. Æмæ ам дæр Дамиры уацмысты æвзаг у Дамирæн йæхи хуызæн

уæздан æмæ бæззон: иу дæрзæг ныхас дæр не ссардзæн чиныгкæсæг йæ фыстыты, æмæ уымæй у фæзминаг бирæ кæмæндæрты.

Ирон адæммæ ныхасæн баззад, лæгæн аргъ кæнгæйæ, фæзæгъынц, йæ хистæртæн хорз кæстæр у, йæ кæстæртæн та – хорз хистæр. Ацы ныхæстæ, æнæ гуырысхойæ, хауынц Дамирмæ дæр.

Кæддæр Джыккайты Шамил Джусойты Нафийы тыххæй фыста, зæгъгæ, Нафи нæ классикты бынтæ бабæстон кодта æмæ сын уымæй бакодта кæстæры лæггад, йæ кæстæртæн у зондамонæг æмæ сын уымæй кæны хистæры лæггад. Дамир дæр йæ фæзминаг хистæрты нæмттæ сног кодта фæстагæттæн, рох кæнын сæ нæ бауагъта æмæ сын уымæй кæстæры лæггад бакодта. Йæ кæстæртæн бацамыдта, хистæртæн куыд кад кæнын хъæуы, уый, æмæ сын уымæй кæны хистæры лæггад.

Цыбыр дзырдæй та – Дамир йæхæдæг дæр у Ирыстоны Лæгау Лæгтæй.



ТЪЕХТЫ Тамерлан

# УДЫ ХЪАРМ

*Сфæлдыстадон фæлгонц аразыны фæлтæрддзинадæй*

Историйы цалх кæд æмæ кæцырдæм фæзилдзæн, уымæн ничи ницы зоны. Фæлæ бæлвырдæй уый ахаст адæммæ рахæссынц сæ райгуырæн бæстæйæн лæггадгæнæг патриоттæ.

Йæ дзыллæйæ рохуаты аззад бæстон æмæ бирæвæрсыг курдиаты хицау – Цæлыккаты Темболаты фырт Ахмæт (ацы аз ыл сæххæст уыдаид 140 азы). Политик, æхсæнадон архайæг, фыссæг, журналист, мыхуыры кусæг... Советон цардаразджыты æмхъуыдыгæнæг кæй нæ фæцис, уый йæ æнæбары эмигрант скодта, æмæ фæстæмæ нал раздæхт. Фæлæ йын йæ ном æмæ фæрныг хъуыддæгтæ ног фæлтæртæм рахæссынил бацархайдтой Салæгаты Зойæ, Джыккайты Шамил, Цыбырты Герлик, Къарджиаты Эльбрус, Чеджемты Сергей, Уарзиаты Вилен, Тахъазты Валери, Мзокты Аслæнбег, Хъантемыраты Римæ, Чеджемты Еленæ, Медойты Хъазыбег… Абон йе сфæлдыстады сгуыхтдæр æвдисæнтæ хаст сты скъолаты программæмæ литературæйæ, æмæ йын йæ царды хабæрттæ бæстондæр зоныны хæс сæхимæ, фыццаджыдæр, райстой ахуыргæнджытæ. Цæлыччы-фырты сфæлдыстадон фæлгонц снывæндынмæ йæ райгуырдыл 140 азы сæххæсты бонты иучысыл æвæрæн бахæссыны охыл цыбырæй æрдзурдзыстæм йæ царды æмæ сфæлдыстады ахсджиагдæр фæзилæнтыл.

Октябры революцийы размæ интернационалон зондыл хæст ахуыргонд лæг уыд кавказаг адæмыхæттыты сæрхъуызой æмæ йæ хъарутæ не 'вгъау кодта райгуырæн бæстæйæн лæггад кæнынæн. Рухс фидæнмæ фæндаг æй саразын фæндыд Кавказ æмæ йæ иу хай – Ирыстонæн. Ленинимæ æмзонд куы уыдаид (Цæлыккаты Ахмæт уыд, Ленин йæ куыстыты кæй кой скодта, иунæг ахæм ирон лæг), уæд ын, чи зоны, стыр политик суæвынæн хуыздæр уавæртæ уыдаид, фæлæ йыл советон бæстæйы знаджы ном аныхæстæуыд, æмæ дæсгай азтæ йæ ном хъодыгондæй баззад…

Диссаг уый у, æмæ паддзахады уæды æхсæнадон-политикон цардыуаг аивыны ныхмæ кæй нæ дзырдта, уымæн æмæ уыдта хуымæтæг адæмы ссæст уавæр. Æрмæст æм афтæ каст, æмæ революци скæ-


Цæлыккаты Ахмæт ахуыры азты рæстæг

нынæн æппæт уавæртæ нæма ис, стæй Кавказы республикæты цæдис дæр æндæрхуызон ныв кодта. Уыимæ, царды социалон арæзтады хъæндзинæдтæ æвзонгæй хатын райдыдта. Йæ фыццаг æнкъарæнтæ баст уыдысты райгуырæн Пысылмонхъæу æмæ, йæ мады фыд Церекаты Дзамболат кæм цард, уыцы Дæллагхъæуимæ. 7-аздзыдæй йæ йæ фыдыфсымæр Цæлыккаты Данелбег Стъараполы гимназмæ ахуыр кæнынмæ куы ласта, уæд скодта арфхъуыдыджын хатдзæг æмæ йæ хистæр хо Фатимæйы бафарста: «Ме 'мбæлттæй цыма исты давын, афтæ мæм кæсы. Афицер фыдыфсымæр кæмæн нæй, æмæ уый тыххæй æнахуыргондæй чи баззайдзæн, уый цы аххосджын у?»

1889 азы, Стъараполы гимназ иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ фæугæйæ, Ахмæт бацыд Мæскуыйы университеты юридикон факультетмæ. Ам базонгæ Карл Марксы ахуырадимæ, баст æрцыд, парахат æй чи кодта, уыдонимæ. Уый тыххæй афæдзы фæстæ бахауд ахæстонмæ, 1902 азы та йæ университетæй фæсырдтой. Ногæй йæ райстой æрмæст, Терчы облæсты хицау ын сæрмагонд æвдисæндар кæй радта, уый руаджы. Æмткæй райсгæйæ, не 'мзæххоны хъуыды уыд ахæм – пысылмæттæн Уæрæсейы сконды хъуамæ уа националон-культурон автономи, Уæрæсе йæхæдæг та хъуамæ суа демократон-парламентон республикæ.

1921 азы онг ма куыста Гуырдзыйы, фæлæ уæд уым дæр Советон хицауад фæуæлахиз, æмæ Ахмæт ацыд Константинопольмæ. Уы-

рдыгæй – Прагæмæ, стæй та – Варшавæмæ. Райгуырæн бæстæмæ ма сыздæхтысты æрмæст йæ сæрыстыр кад æмæ йæ фæрнæйдзаг хъуыддæгты кой. 1928 азы 2 сентябры 46-аздзыдæй амард æмæ ныгæд у Варшавæйы горæтгæрон пысылмæтты уæлмæрды.

Стыр политикæйы архайгæйæ, Цæлыккаты Ахмæт фадæттæ агуырдта сфæлдыстадон куыст кæнынæн дæр. Мыхуыры йын цы публицистон уацтæ æмæ аивадон уацмысты æмбырдгæндтæ рацыд, уыдоны ‘хсæн сты: «Чаша жизни» (Мæскуы,1912 аз), «Кавказ и Поволжье» (Мæскуы, 1913 аз), «В горах Кавказа» (Мæскуы, 1914 аз), «Мусульмане России и Федерация» (Петроград, 1917 аз), «Брат на брата» (Прагæ, 1926 аз), «Мусульманство Кавказа и война», «Красавица Зубейда», «Мусульманский вопрос о России», «Вилла Саид-Паши», «Окровавленные горы», «Семь звезд», «Кавказ в огне революции», «Сын Кавказа» (адон кæм æмæ кæд уагъд æрцыдысты джиппы, уый бæрæггæнинаг у) æмæ ма æндæртæ. 1924 азы фыст фæци йæ дыууæтомон монографи «Горская республика: физико-географические, статистико-лингвистические очерки», Лев Толстойы уацау «Хаджи-Мурат»-ы бындурыл та драмæ сфæлыста.

Политик æмæ фыссæджы арф зондахаст ирдæй зыны йæ рецензиты, алы азты фыст уацтæ «Мещане», «Обзор горской литературы», «Литература кавказской эмиграции» æмæ иннæты дæр.

Историйы ма баззад куыд æнтыстджын рауагъдадон кусæг æмæ журналист. Уагъта альманах «Утро гор», газеттæ «Суз», «Вольный горец», «Ног цард», «Ени Дуния», алы азты куыста газеттæ «Северный Кавказ», «Отклики Кавказа», «Руль», журнал «Живое слово»-йы. Мыхуыры арæх цыдысты йе ‘мдзæвгæтæ, радзырдтæ, очерктæ, публицистон уацтæ.

Ирыстоны иузæрдион хъæбул йæ цыбыр царды фылдæр хай кæд Мæскуыйы æмæ фæсарæйнаг горæтты арвыста, уæддæр йæ адæмы психологи тынг хорз зыдта, сæ зондахаст æмæ æгъдæуттæ йын искæй амынд нæ уыдысты. Уымæн æвдисæн, роман «Æфсымæр æфсымæрæн сызнаг»-ы («Брат на брата») цы хъуыдытæ зæгъы, уыдон дæр (уырыссаг æвзагæй Хæблиаты Сафары тæлмац): «Адæмы цæмæй бамбарай, уый тыххæй сын сæ удыхъæд базонын хъæуы. Æмæ, цымæ, цавæр у мæ ирон адæмы удыхъæд? Лæджы зæрдæмæ чи ныккæсдзæн æмæ йын йæ сусæг хъуыдытæ чи базондзæн? Ничи. Адæмтæ кæрæдзийæ хицæн

кæнынц сæ удыхъæды миниуджытæй. Æмæ уыцы миниуджытæй сæйрагдæр кæцы у? Мæнмæ гæсгæ, ирон адæм сты кадыл мард. Худинагæй тынгдæр ницæмæй тæрсы ирон лæг. Йе ‘взæр митæ куы рахъæр уой, уæд йæ худинаджы кой айхъуысдзæн... Æвзæр ми чи бакæна, уымæй фæзæгъынц: цæсгом ын нæй. Ома, йæ цæсгом ницæмæй фæсырх уыдзæн. Æмæ уый у тæккæ фылдæр уайдзæф. Адæм дзы цы зæгъдзысты, уымæй тынгдæр ницæуыл хъуыды кæны ирон лæг. Уымæ гæсгæ йæ хонын кадыл мард. <…>

Ирон лæг йæ фæстаг стуры аргæвды хистæн æмæ гæвзыккæй баззайы. Уæдæ адæм афтæ куы зæгъой: «Йæ мæрдтæ цы бахæрой, уый сын нæй». Худинаг. <…>

Худинаг адæмы царды мидæг домбай хотых у, æрмæст хотых кæцырдæм саразгæ у, уый зонын хъæуы. Æмæ уыцы хæс интеллигенцимæ хауы, æмæ сын уымæй ахсджиагдæр куыст нæй. Худинаг куыдфæстæмæ сæфын райдыдта ирон адæмы ‘хсæн. Уырыссаг революци худинаг æмæ ‘фсарм не ‘мбары, фыдызнæгтыл сæ нымайы, афтæмæй та уыдон хъуамæ йæ ахсджиагдæр цæджындзтæ уаиккой».

Ивгъуыд æнусы райдайæны загъд ныхæсты мидис ныр дæр актуалон у, æцæгæйдæр æвдисы, адæм хатт цæстмæ митæй хызт кæй нæ вæййынц, æгъдау, бар æви æнæбары, кæй ныггæлиртæ кæнынц, уыцы хъуыддаг.

Ирæтты æмæ Цæгат Кавказы иннæ адæмыхæттыты зондахаст дæр (иумæйагæй сæм бирæ уыд, уымæн æмæ сæ царды уавæртæ æнгæс уыдысты) уæлдай ирддæрæй разындысты йæ радзырдтæ «Фæндаггæттæ» («Дорожные товарищи»), «Абырджытæм» («В абреки») æмæ «Фыййауы зарæг»-ы («Песнь пастуха»). Къорд æндæр прозаикон уацмысимæ иумæ сæ ирон æвзагмæ алы азты ратæлмац кодтой Хъодзаты Æхсар, Дзасохты Музафер, Цомайты Ростислав, Мамыкъаты Хъазыбег æмæ ацы рæнхъыты автор.

Ныхас цы радзырдтыл цæуы, уыдоны автор æнцон æмбарæн æмæ зæрдæмæхъаргæ æвзагæй фыссы хохæгты царды æбæллиццаг фæзындтытыл. «Фæндаггæтты» хъæбатыр Гуыргъохъо æмæ рæсугъд Камиллæйы уарзты арт ахуыссы ирæды фыдæй. Лæппу уый фаг æхца дард балцы бæргæ самал кодта, фæлæ йæ йæ фæндаггон æрдхордимæ иумæ аныхъуырдтой хæххон доны уылæнтæ. Æрмæстдæр



*Бинонтимæ (Ахмæт лæууы галиуæрдыгæй дыккаг)*

иу ныв, уыимæ дзы ницы æргом ныхмæдзырд ис æгъатыр æгъдауы ныхмæ. Фæлæ трагеди ирд æвдисæн у, ирæд бирæ æрыгон удтæ кæй фенамонд кодта, уымæн.

Радзырд «Абырджытæм»-ы хохы мæгуыр æмæ тыхтона цард æрыгон лæппу Буцкъайы æркодта абырæг фæцæуыны фæндагмæ. Уайдзæфы тыххæй амардта йæхи хуызæн æнæрцæф Даукъайы, æмæ йæ цард «райгуырæн арвы хуызæн уазал-æгъатыр фестад».

«Фыййауы зарæг»-æй та Цæлыччы-фырт ссардта революционер æмæ фыссæг Цæголты Георгийы ном. Ам æбæрæг фыййау снывæзта «адæмы хъизæмары æмæ тухийы зарæг. Мæгуырдзинад æмæ фыргуысты зарæг». Уый фæстæ бирæ азты дæргъы иппæрд уыд йæ райгуырæн бæстæйæ. Фæлæ куы æрыздæхт, уæд æгомыг æмæ тызмæг къæдзæхты хъæбысы айхъуыста йæхи музыкалон уацмыс. Дзыллæйы цард кæй ницы фæхуыздæр, уый æвдисæнæн æй зарыд сывæллон-фыййау. Ам дæр та уынæм æрмæст иунæг зæрдæсæттæн, æддаг бакастæй райдзастдæр фидæнæй ныфс не ‘вæрæг ныв. Фæлæ æнкъарæм, цыдæр ивддзинæдтæ кæй цæудзæн æнæмæнг. Уыцы

ивддзинæдты сæраппонд радта йæ цард фыссæг йæхæдæг дæр. Цы фæлгонцтæ сарæзта, уыдон та систы фыдæлты æхсар æмæ лæгдзинадæн, сæ хъæздыг миддунейæн цæвиттонтæ.

Интернационализмы идейæтыл хæст, пысылмон диныл иузæрдион, фæлæ уый бындурыл сæвзæрæг фанатизмы ныхмæ тохгæнæг ахуыргонд хорз æмбæрста, хохæгты хуыздæр фидæнæн ахъаз кæй уаид ахуыры фæндагыл сæ æвæстиатæй сæвæрыны хъуыддаг. Цы йæ къуылымпы кæны, ууыл Цæлыккаты Ахмæт дзуры бæлвырд æмæ бæстонæй: «Скъола хъуамæ ассимиляци æмæ сывæллæтты суырыссаг кæныны зондыл хæст ма уа, – скъола хъæуы æрмæстдæр адæмы культурон рæзтæн, æмæ уый тыххæй та хъуамæ сæ этнографион æмæ цардыуагон хицæндзинæдтæ хынцæг уа. Æрмæстдæр уæд æххæст кæндзæн йе 'вæджиауы ахсджиаг нысантæ, дзыллæйы цардмæ змæстытæ æмæ хъаугъатæ нæ хæсгæйæ». Æмткæй райсгæйæ та уавæртæ аразын хъуыд, мадæлон æвзагыл газеттæ, журналтæ, чингуытæ цæмæй цæуой, уымæн. Йæхæдæг дæр, йæ зондахастмæ гæсгæ, иронау уый тыххæй нæ фыста, æмæ йын йе 'рмæджытæ мыхуыр кæнынæн фадат кæй нæ уыд. Ахæм царды дудгæ фарстатимæ баст зонддæжын æмæ дардмæуынаг хъуыдытæ очеркты æмбырдгонд «Кавказ и Поволжье»-йы фагæй фылдæр ис.

Фыссæджы педагогон принциптæ иртасæг ахуыргонд Чеджемты Еленæ загъта, Цæлыччы-фырт кæй домдта ахуырад мадæлон æвзагыл скæнын, ахуырадон æрмæг сывæллæтты психологи æмæ converted кармæ гæсгæ дæттын, æрмæг хуыздæр бамбарын кæнынæн ахуырады алыхуызон формæтæ æмæ методтæ агурын, ахуырадон процессы рæстæг сывæллæтты эстетикон хъомыладæн уавæртæ æмæ фадæттæ аразын. Ноджы ма – скъолайы программæмæ эстетикон циклы предметтæ бахæссын (зарыны, ныв кæныны уроктæ), сывæллæттæм нæмынæй, куыд хъомылады фæрæзæй, мауал æвзидын, æрдзы тыххæй сын дзурын, куы рахъомыл уой, уæд сын ахъаз чи уа, ахæм зонындзинæдтæ дæттын. Æмæ ма æнæмæнг – уырыссагау дзурын æмæ фыссын сæ ахуыр кæнын.

Ам дæр та уынæм, йæ хъуыдытæ кæй нæ базæронд сты, ныртæккæйы ахуыргæнджытæ сæ куы 'ххæст кæной, уæд арфæйаг кæй уыдзысты. Æрмæст абон уырыссаг, ныр та ма англисаг æвзагыл æнувыд уаг нæ хæзнаты-хæзна – мадæлон æвзагыл – уæлахиз кæнын



Цæлыккаты Уыгъалыхъ, Ахмæт æмæ Дæхцыхъо

райдыдта, æмæ уый ахуыргæнджыты æмæ ныййарджыты хъуамæ Цæлыккаты Ахмæты хуызæн куырыхон лæгты ныхасмæ уæлдай лæмбынæгдæр æмæ зæрдиагдæрæй æрыхъусын кæна. Нæ раззагдæр рухстауджытæн, сæ фæдонтæ се 'взагыл сæ къух сисынвæнд скæндзысты, уый сæ хъуыдыйы кæрон дæр нæ уыд…

Æмбырдгæнинаг æмæ бæстон иртасинаг сты нырма Цæлыккаты Ахмæты сфæлдыстадон бынтæ. Хæлардзинады æмæ адæмуарзондзинады идейæтæ парахатгæнæг фыссæджы тыххæй туркаг ахуыргонд Айдын Туран загъта: «Уый йе 'ппæт ныфс, йæ зæрдæрыст, йæ темперамент æмæ йæ архайдæй мæсыгау бæрæг дардта йæ дуджы цæрæг лæгты 'хсæн. Цæлыккаты Темболаты фырт Ахмæт царди змæст æмæ хæлхъой дуджы, стыр тохтæ кæм цыд, стыр ныхмæлæуддзинæдтæ кæм æнхъызт, ахæм дуджы. Æмæ цыфæнды уавæрты дæр уыди Лæг».

Ацы хъуыдытæ сæрæвæрæнæн бæззынц йе сфæлдыстад ын ахуыр кæныны фæлтæрддзинадæн. Æнæмæнг ма хъуамæ фæзына ног литературон-критикон уацтæ, иртасæн куыстытæ, фæсивæдимæ скъолаты æмæ уæлдæр ахуыргæнæндæтты кусæг специалисттæн ахъазгæнæг методикон амынддзинæдтæ.

**ЛИТЕРАТУРÆ:**

1. Исхаков С.М. Цаликов Ахмед // Политические деятели России. 1917 г. (Биографический словарь). – М., 1993. – 336 – 338 ф.

2. Ленин В.И. Сердитая растерянность // Полн. собр. соч. Т.15.

3. Медойты Хъазыбег. Йæ сагъæс – Ирыстоны кад, йæ намыс – Ирыстоны ном // Рæстдзинад. – 2000. – 5 сент.

4. Медойты Хъазыбег, Тъехты Тамерлан. Йæ ном нæм азты фæлмæй раздæхт // Рæстдзинад. – 2003. – 23 сент.

5. Мзокты Аслæнбег. Фæсарæйнаг ирæттæ æмæ се сфæлдыстад // Мах дуг, №2. – 1997. – 78–104 ф.

6. Осетия: Люди. События. Даты. – Владикавказ: ИПП им. В. Гассиева, 2006. – 106 – 109, ф.

7. Туран Айдын М. Цæлыккаты Ахмæт – хъазуат дуджы бæгъатыр хæстон // Мах дуг, №1. – 1997. – 118–141 ф.

8. Учредительное собрание. Россия, 1918 г. – М.: Изд. Российского открытого университета, 1991. – 112–115 ф.

9. Цаликов Ахмед. Избранное. – Владикавказ: Ир, 2002. – 544 ф. Салагаева З. Ахмед Цаликов. – Уый дæр уым. – 415–502 ф.

10. Чеджемова Е. Н. Педагогические воззрения Ахмета Цаликова // Бюллетень Владикавказского института управления. – Владикавказ: КОПИТАН, 2006. – 234–242 ф.

# АЛАНТЫ УДВАРНЫ ХÆЗНАТÆ

РЦИ-Аланийы Национ музейы арæзт æрцыд хуызистыты равдыст «Аланты кувæндæттæ». Аланийыл саргъуыды 1100 азы боны кадæн проекты автортæ систы музейы директор Цуциты Аслан, Гасситы Михаил, Гæбуты Маринæ æмæ Хæдзарæгаты Аркади.

Ирыстоны цæрджыты æмæ йæ уазджыты ног хъæппæрис расидджытæ хонынц цымыдисаг балцы, уымæн æмæ сын дæттынц удварны хæзнатæ феныны, историимæ «аныхас кæныны» фадат.

Аланийы кувæндæттæ адæймагыл æфтауынц уæлмонц æнкъарæнтæ, сыгъдæгдæр ын кæнынц йæ миддуне. Чысыл кæнæ егъау, бæрзонд хæхты æмбæхст кæнæ сахартыл «фæлгæсæг», рагон кæнæ нырыккон, адæмæй рох кæнæ йедзаг – иууылдæр æфтауынц сыгъдæгдзинады æмæ ныфсы рухс, Хуыцауы хорзæхæй хайджын уæвыны цины æнкъарæн.

Музейæн йæхи фондтæй рагон хуызистытæ (кæцыдæртæ дзы æв- дыстæуы фыццаг хатт) хорз сфидыдтой, абон уын уæ размæ кæй хæссæм, уыцы, дзадджын ахорæнтæй æнхъæвзæг куыстытимæ. Сæ автор – Гасситы Михаил. Уый дзæвгар рæстæг цард æмæ куыста Мæскуыйы, фæлæ æрыздæхт йæ райгуырæн Ирыстонмæ æмæ йын ныр зæрдиагæй парахат кæны йе ‘вæджиауы рæсугъд æрдзы хæзнатæ.

Уырыссаг географион æхсæнады æмæ хуызистыты æмæ видеойы къабæзты къорд дунеон премийы лауреаты куыстытæ мыхуыргонд цæуынц журнал «National Geographic Russia»-йы æмæ альманах «Россия – моя страна»-йы. Гассийы-фырт ма, фонд «Посети Кавказ»-имæ иумæ, хуызистыты равдыстытæ скодта Мæскуыйы æмæ Бетъырбухы.

*Еленæ МИХАЛЕНКО*

# КАРЧЫ ЦЪИУ

Цардис æмæ уыдис карчы цъиу. Бакæс æм, уæд гыццыл фæлмæн бур-бурид къуыбылойы хуызæн. Тынг цымыдис уыд, фæндыд æй, цыдæриддæр хъуыста, уыдæттæ йæхи цæстæй фенын: хъæд, цæугæдон, быдыртæ. Фæлæ йæ йæ мад кæртæй æддæмæ нæ уагъта, алы бон дæр ын дзырдта: «Кæртæй дарддæр макуыдæм цу. Уæртæ уыцы хъæды цæры хинæйдзаг рувас. Уый тынг уарзы дæу хуызæн гыццыл цъиуты хæрын. Уæлæ арвыл та мигъты сæрмæ цæры цъиусур, уый дæ ацахсдзæн йæ цыргъ ныхтæй æмæ дæ ахæсдзæн йæ лæппынтæн холыйæн».

Цъиу йæ мады коммæ каст, фæлæ уæддæр иухатт нал фæлæууыд æмæ кæртæй сусæгæй алыгъд. Бирæ фæрацу-бацу кодта, бирæ диссæгтæ федта æмæ фæстæмæ сæхимæ здæхти хъæлдзæгæй. Уалынмæ йæ размæ зæххыл ауыдта стыр ауон. Фембæрста гыццыл цъиу: уый, йæ мад ын цы цъиусуры кой кодта, уый ауон у, æмæ йæ тых-йæ бонæй лидзынмæ фæцис. Фæлæ йæм уæддæр ауон хæстæгæй-хæстæгдæр кодта – лæппын цъиуæн аирвæзæн нал ис. Æмæ дын диссаг: йæ тæккæ размæ фæцис бур-бурид къаппа-къуппатæй æмбæрзт стыр фæз.

«Ацы дидинджытæ раст мæхи хуызæн бур-бурид сты. Æз сæ астæу куы амбæхсон, уæд се 'хсæнæй зынгæ дæр нал фæкæндзынæн», – æвиппайды ахъуыды кодта удаист цъиу æмæ къаппа-къуппаты 'хсæн фæмидæг. Йæ чысыл зæрдæ куыд тæпп-тæпп кæны йæ риуы, уый йæм хорз хъуыст! Йæ тарст куы 'рцыди, уæд ахъуыды кодта: «Цы диссаджы дидинджытæ сты! Раст гыццыл хурты хуызæн, бур æмæ фæлмæн».

Уыцы рæстæг цъиусур та дидинджыты сæрмæ зылди æмæ, дисгæнгæ, йæхи фарста: «Цы фæци, цымæ, уыцы цъиу? Дард алидзын ын нæ бантыстаид. Бынæй ацы æдылы къаппа-къуппатæ йеддæмæ куы ницы ис, уæд цы 'рбаци?» Æмæ ма йæ ныхæстæм бафтыдта: «Тагъд та урс пакъуытæ фестдзысты, æмæ сæ дымгæ алырдæмты фæхæсдзæн».

Сызгъæринхуыз къаппа-къуппатæ йæ фехъуыстой æмæ, сæ гыццыл бур сæртæ цадæггай змæлын кæнгæйæ, хъуыды кодтой: «Мах тагъд урс пакъуытæ фестдзыстæм, æмæ нæ дымгæ ахæсдзæн, фæлæ уæддæр дзæгъæлы нæ фæцардыстæм – ацы æнахъом рæсугъд цъиуы фервæзын кодтам мæлæтæй».

# УЫЗЫН

Цардис ӕмӕ уыдис уызын. Хуымӕтӕджы уызын, уызын цы вӕййы, уый: гыццыл, фӕныкхуыз, сындзытӕ цармы тыхтӕй. Цардис иунӕгӕй, ӕдзухдӕр уыд ӕнкъард. Нӕ йын уыдис нӕдӕр ӕмбӕлттӕ, нӕдӕр хӕстӕджытӕ йӕ иунӕг зӕронд дада йеддӕмӕ. Йӕ дада йӕ схъомыл кодта ӕмӕ йын ныууагъта ӕртӕ фӕдзӕхсты. Фыццаг: дӕ зӕрдӕ ӕрмӕстдӕр дӕхиуыл дар, искӕй ӕххуысмӕ ма ‘нхъӕлмӕ кӕс. Дыккаг: рӕстӕг дзӕгъӕл сӕфт ма кӕн. Ӕртыккаг: ды дӕ фӕныкхуыз, сындзджын ӕмӕ никӕй хъӕуыс.

Ӕмӕ Уызын цардис уыцы фӕдзӕхстытӕм гӕсгӕ. Нӕдӕр хъазгӕ кодта хъӕды иннӕ цӕрӕгойтимӕ, нӕдӕр уазӕгуаты искӕмӕ цыдис. Йӕ сыхӕгтимӕ дӕр ныхас кодта ӕрмӕстдӕр исты хъуыддаджы фӕдыл. Стӕй хъӕдмӕ дӕр ӕнӕхъуаджы нӕ цыди.

Уызын хорз зыдта: хъарм, дыргъджын сӕрд ӕмӕ фӕззӕджы фӕстӕ та ӕрцӕудзӕн уазал зымӕг. Зымӕджы ӕнӕ халцӕй баззайын тӕссаг хъуыддаг уыд. Ӕмӕ ӕвӕрӕнтӕ кодта. Ӕппӕтӕй хуыздӕр зыдта дыргътӕ ӕмӕ зокъотӕ агурын, се ‘мбӕхсӕн бынӕттӕ-иу сын уайтагъд ссардта.

Хӕдзары зокъотӕ ӕмӕ дыргътӕ халыл кодта ӕмӕ сӕ ауыгъта хус кӕнынмӕ, уый фӕстӕ та сӕ тӕрхӕгыл ӕфснайдта. Хатгай-иу хъӕддаг фӕткъуытӕ дӕр ӕрбахаста зӕронд цӕхӕрадӕттӕй, быдыртӕй та – мӕнӕуы гагатӕ. Бонӕй-бонмӕ йе ‘вӕрӕнтӕ фылдӕрӕй-фылдӕр кодтой. Иубон ӕркӕстытӕ кодта ӕмӕ бамбӕрста: алцыдӕр ӕм фаг ис, ницыуал хъуаг у ныр, стӕй йӕм бынат дӕр нал ис.

«Зымӕджы мын сыдӕй амӕлынӕй тас нал у, фӕлӕ ныр та ма цы кусон?» – хъуыдытӕ кӕны уызын.

Райдыдта ногӕй йе ‘вӕрӕнтӕ нымайын, фӕлӕ гыццыл фӕстӕдӕр ӕрӕнкъард ӕмӕ уӕд рацыдис тезгъо кӕнынмӕ. Тынг диссаг ӕм каст хъӕдмӕ ӕнӕ бӕрӕг хъуыддагӕй цӕуын, цымыдисӕй касти дидинджытӕм, алыхуызон гӕлӕбутӕм, хъӕндилтӕм, хъуыста цъиуты зарынмӕ, цъырцъырӕгты къӕр-къӕрмӕ. «Ӕмӕ цы! Ӕнӕмӕтӕй рауай-бауай кӕнын дӕр ӕхсызгон у», – ахъуыды кодта уызын.

Уалынмӕ ауыдта зӕронд тыртынайы стыр нӕзыйы къалиуыл бадгӕ.

– Дӕ бон хорз, – уӕзданӕй йын салам радта уызын.

– Цӕй хорз бон ма ис мӕнӕн та? – ӕнкъардӕй йӕм дзуры тыртына.

– Исты ‘рцыди?

– Ницы ‘рцыд. Базæронд дæн, æндæр ницы.

– Уый æвзæр у? – бафарста та уызын.

– Хорзæй дæр дзы ницы ис. Къалиуæй-къалиумæ гæпп кæнын æмæ æхсæртæ уидзын нал фæразын. Стæй сæ ‘хсынын дæр мæ бон нал у. Цæстæй хорз нал уынын, æмæ мын зокъотæ агурын дæр зын у. Æмæ мæт кæнын, зымæджы æххормагæй цы фæуыдзынæн, ууыл.

Уызын бадис кодта. Йæ хъуыдыйы кæрон дæр никуы уыд, йæхицæн æнцон бакæнæн цы у, уыдæттæ æндæр искæмæн зын кæй сты, уый.

– Æнкъард ма кæн, æз дын баххуыс кæндзынæн, – загъта уызын æмæ азгъордта йæ хæдзармæ. Райста йæ гыццыл чыргъæд æмæ араст нæзыты къохмæ. Уызын зыдта: уым дзæбæх зокъотæ ис ссарæн. Изæрмæ йæ чыргъæд байдзаг. Фæстæмæ цæугæйæ ма цæттæ саунæмыджы гагатæ дæр ратыдта.

Зæронд тыртынайы куыд ныууагъта, афтæ йæ бæласы къалиуыл æнкъардæй бадгæйæ баййæфта.

– Мæнæ ацы зокъотæ дæуæн æрбахастон, – загъта уызын æмæ йæм чыргъæд слæвæрдта.

– Мæнæн?! – ныддис кодта тыртына. – Æмæ адон сæхæдæг æнæхъæн исбон куы сты!

– Цытæ дзурыс, зокъоты гыццыл чыргъæд йеддæмæ ма исты у? – мидбылты фæлмæн бахудт уызын.

– Нæ, мæ гыццыл хæлар. Мæнæн уый хуымæтæджы зокъоты чыргъæд нæу. Ды мæн фервæзын кодтай æххормаг бонтæй, фервæзын мæ кодтай, зæрæдтæ никæй хъæуынц, зæгъгæ, уыцы æрхæндæг хъуыдытæй.

Уызын ауыдта, тыртынайы цæссыгтæ куыд æркалдысты, уый.

– Кæугæ ма кæн, – загъта уый. – Æз та дæм райсом дæр æрбауайдзынæн.

– Æрбауай та-иу. Æнхъæлмæ дæм кæсдзынæн.

Уызын къахвæндагыл цыди сæхимæ тынг хъуыдыдзастæй. Фыццаг хатт бамбæрста, кæйдæр кæй хъæуы, чидæр æм кæй æнхъæлмæ кæсы, æмæ йæм уый стыр диссаг фæкаст, цин ыл кодта!

Хæдзармæ фæцæйхæццæ кодта, афтæ амбæлд йæ сыхаг мад-тæрхъусыл. Уый уыдис тынг тыхстхуыз.

– Дæ изæр хорз, – салам ын радта уызын.

– Цæй хорз изæр æмæ цæй цыдæр.

– Исты дыл æрцыди?

– О, знон ам хæстæг бирæгъы ауыдтон, æмæ ныр мæ лæппынты иунæгæй ныууадзын нал уæндын. Фæлæ æххормаг сты, æмæ сын хæринаг цы раттон, уый нæ зонын.

– Цы сын бахæрын кæнай, уый дæм нæй? – ныддис та кодта уызын. – Хæдзары уæм æвæрæнтæ нæй?

– Цæй æвæрæнтæ! Афтæ бирæ сабитæ куы уа, уæд хъæдмæ ауайынæн рæстæг нал вæййы, тыхтæ æмæ амæлттæй ссарын цыдæртæ, цæмæй мæ лæппынты бафсадон!

Уызын азгъордта йæ хæдзармæ æмæ тæрхъусæн дæр æрбахаста чыргъæды дзаг гагадыргътæ, ноджы ма цалдæр цæттæ фæткъуыйы та йе рагъы судзинтыл.

– Айс æмæ сæ дæ лæппынтæн бахæрын кæн. Тагъд æрталынг уыдзæн, æмæ ацафон хъæдмæ цæуын тæссаг у. Райсом уын фылдæр истытæ æрбахæсдзынæн.

– Лæвар нын сæ дæттыс? – бадис кодта мад-тæрхъус. Уый уызыны алы хатт дæр уыдта æнкъард æмæ хъуыддагхуызæй, æмæ йын йæхæдæг дæр, стæй иннæ сырдтæ дæр чъынды æнхъæл уыдысты.

– Афтæ дын сæ дæттын, уæдæ æндæр куыд? Мæнæн зын нæу хъæды зокъотæ æмбырд кæнын, гагадыргътæ æмæ ма ноджы бирæ адджын истытæ.

– Мидæмæ нæм рацу, – бахуыдта йæ тæрхъус.

Уызын бахызти гыццыл хæдзармæ. Уым уыди æхсæз чысыл, рæсугъд, фæлмæн, алцæуыл æууæндаг тæрхъусы лæппыны. Фыццаг Уызыны цыргъ судзинтæй фæтарстысты, фæлæ йыл тагъд ацахуыр сты. Афтæ схъæлдзæг сты ииуылдæр, æмæ, рæстæг куыд атахт, уый æмбаргæ дæр нæ бакодтой. Уæлдай цин кодта Уызын, уымæн æмæ уазæгуаты фыццаг хатт уыдис!

Райсомæй та Уызын æд гыццыл чыргъæд ацыдис хъæдмæ. Ацы хатт архайдта ноджы зæрдиагдæрæй. Бамбæрста, искæмæн æххуыс кæнын куыд æхсызгон у, уый. Зæронд тыртынайæн ноджыдæр зокъотæ æрбахаста, уый та йын йе ‘рбацыдмæ кæрдæджытæй адджын цай сфыхта.

Тыртына бирæ фæцард, бирæ цыдæртæ федта, зыдта бирæ диссаджы хабæрттæ æмæ сæ уызынæн дзырдта. Уый дæр æм цымыдисæй хъуыста.

Тыртынайæ куы рацыд уызын, уæд та ауад цæхæрадонмæ тæрхъусы лæппынтæн фæткъуытæм, æмæ та уыдонимæ æнæхъæн изæр иумæ фæхъазыдысты.

Ныр уызынæн йæ цард бынтон фендæрхуызон. Æмбæлттæ йын фæзынди, æмæ сын зæрдæхæларæй æххуыс кодта. Уыдон дæр архайдтой сæ ног хæларæн исты хорз ракæныныл. Тыртына тынг бауарзта уызыны æмæ йын кодта аргъæуттæ, дзырдта йын хъæды æгъдæутты тыххæй, тæрхъус ын-иу йе 'рбацыдмæ скодта хæрзад хæринæгтæ, læппынтæ та-иу æрхъуыды кодтой ног хъæзтытæ.

Тагъд рæстæджы уызын базонгæ, йæ базыр саст кæмæн уыдис, ахæм дзæгъындзæгимæ дæр, æмæ йын райдыдта хоры гагатæ хæссын.

Хъæды, æххуыс кæмæн хъуыд, ахæм цæрæгойтæ дзæвгар уыд, æмæ уызынæн фæзынд бирæ кæнинаг хъуыддæгтæ. Хатгай-иу ын рæстæг дæр не сфаг. Фæлæ æнкъард нал уыд. Ныр уызын зыдта: хорздзинад кæнын æхсызгон у. Бамбæрста уызын, æнæ кæрæдзи уарзгæйæ цæрæн кæй нæй, уый.

## ХЪЫБЫЛ

Иу хъæууон хæдзары кæрты цардис иу хъыбыл. Хъыбыл цы вæййы, уый: къаннæг, худæг здыхст къæдзил æмæ гыццыл тымбыл бырынкъимæ. Фæлæ, кæд хъыбыл уыди, уæддæр тынг сыгъдæгуарзаг рахаста. Йæ царм – уардихуыз, сыгъдæг, уымæн æмæ алы бон дæр йæхи надта. Хæрынмæ та афтæ дзæбæх арæхсти, æмæ иу æртах дæр не 'ркалдаид йæ бæлæгъæй. Тезгъо-иу куы кодта, уæддæр цъымаратæм хæстæг нæ цыди, цæмæй йæхи ма счъизи кæна.

Фæлæ уыдæттæ ничи уыдта, уымæн æмæ иууылдæр сахуыр сты хъыбылты чъиллонтæ хонын. Хъыбылмæ æдзух хъуыст, куыдз йæ къæбыламæ куыд загъд кодта: «Хъыбылы хæрд ма кæн! Гъеныр та дæ къус куыд сфæлдæхтай!»

Карк дæр-иу йæ цъиутыл хъæртæ кодта: «Цъымарайы ма бырут, кæннод та уæхи хъыбылты хуызæн скæндзыстут!»

Æмæ æрмæст куыдз æмæ карк нæ, фæлæ, кæрты чи цард, уыдон иууылдæр афтæ кæй хъуыды кæнынц, уый гыццыл хъыбылæн тынг хъыг уыд…

Уæд дын иухатт хæдзары хицау кæртмæ ног хъуг куы 'рбакæнид. Хъуг уыд тынг стыр, сæрыстыр æмæ хъуыддагхуыз: сындæггай æрзылди кæртыл, лæмбынæг æркæстытæ кодта кæрты цæрджытæм. Уыдонæй алкæй дæр бафæндыдис хъуджы зæрдæмæ фæцæуын…

Хъуг хъыбылы размæ куы бахæццæ, уæд æрлæууыд, йе стыр

цæстытæй диссагмæ кæсæгау ныккаст хъыбылмæ, стæй сдзырдта: «Му-у-у, цы сыгъдæг æмæ дзæбæх хъыбыл у. Ахæм никуыма федтон. Дæ мадимæ-ма мæ базонгæ кæн, кæд балымæн уаиккам...»

Хъыбыл фыр адæргæй сагъдауæй аззад. Иууылдæр уымæ кæй кæсынц, уый ауыдта æмæ ныфсæрмы. Стæй хуыдонмæ лидзынмæ фæци.

Бады хъыбыл уым æмæ, цы ‘рцыдис, ууыл хъуыдытæ кæны. Уалынмæ айхъуыста, куыдз та йæ къæбыламæ загъд кæны: «Ахæм чъиллон дæ, ахæм, æмæ мæм демæ æддæмæ ацæуын худинаг кæсы. Мæнæ лæппу, хъыбылы хуызæн, куыд æмбæлы, афтæ хæрын куы базонай, уæд дæ акæндзынæн тезгъо кæнынмæ».

Куыдзы ныхæстæ айхъуыста хъыбыл, æмæ йæм уыцы бон йæ царды хуыздæр бон фæкаст.

## БАБЫЗЫ ЛÆППЫН

Иу цады был цардис бабыз йæ лæппынтимæ. Сæ тæккæ фарсмæ та хæрис бæласыл сæхицæн ахстон скодтой сырддонцъиуты бинонтæ. Мад-бабыз æмæ мад-сырддонцъиу бон-изæрмæ фыдæбон кодтой сæ сабитæн хæринаг агурыныл, ахуыр сæ кодтой, царды сæ цы бахъæудзæн, уыдæттыл.

Гыццыл цъиутæ тагъд рæзыдысты: сырддонцъиуы лæппынтæ сындæггай райдыдтой тæхын ахуыр кæнын, бабызы лæппынтæ та – ленк кæнын. Æмæ сын хорз æнтысти. Æрмæст бабызæн йæ лæппынтæй иу донмæ хизын нæ куымдта. Раст зæгъгæйæ та, уазал донæй тарсти. Фыццаг бонты йын мад лæгъстæ кодта, фæлæ йæм фæстагмæ мæсты кæнын райдыдта. Ды худинаг кæныс нæ бинонты, зæгъгæ йын-иу уайдзæфтæ кодта. Йæ ‘фсымæртæ æмæ йæ йæ хотæ та тæппуд хуыдтой æмæ йыл худтысты.

Фæлæ уæддæр бабызы лæппын донмæ нæ уæндыди. Иубон та цады был иу чысыл губаккондыл куыд бадт æмæ йæхи хурмæ куыд тавта, афтæ сырддонцъиуы лæппынтæй иу йæ ахстонæй æргæпп кодта æмæ иу дурæй иннæмæ пæррæстытæ кæнын райдыдта. Фæлæ йæ базыртæ нырма йæ коммæ хорз нæ кастысты, æмæ доны ныххауд. Ныгъуылын райдыдта. Бабызы цъиу уый куы ауыдта, уæд фестад, йæхи донмæ баппæрста æмæ тагъд-тагъд баленк кодта сырддонцъиуы лæппынмæ. Йæ бырынкъæй йын йæ базыр ацахста æмæ йæ афтæмæй йæ гыццыл

губакмæ сласта. Йæхæдæг дæр, фыр фæлладæй тыхулæфтгæнгæ, æрхауд йæ фарсмæ. Сырддонцъиуы лæппынæн йæ тарст гыццыл куы æрцыд, уæд бабызы цъиуæн дзуры:

– Цы сæрæн дæ. Æз нæ зыдтон, афтæ хорз ленк кæныс, уый!

– Æз æй мæхæдæг дæр нæ зыдтон, – дзуапп радта бабызы лæппын æмæ йæ мидбылты бахудти.

## ХÆФСЫ ЛÆППЫН

Иу цъымарайы цардысты хæфсытæ. Иууылдæр уыдысты хъоппæгдзæст, цъæх-цъæхид æмæ хъæргæнаг. Иу хæфсæн дзы уыд æртæ лæппыны, æртæ лæппуйы. Дыууæ хистæр æфсымæры уыдысты тынг зивæггæнаг æмæ æнæмæт. Бон-изæрмæ, хурмæ сæхи тавгæйæ, фынæй кодтой, сæхицæн хæринаг ссарынил дæр нæ тыхстысты, хордтой, сæ мад сын-иу цы ‘рбахаста, уый. Хистæр хæфсытæ сæм хæцыдысты:

– Худинаг уæм нæ кæсы, зивæгойтæ, ахæм стыр лæппынты сæ мад хъуамæ дара?! Ахæм зивæггæнæгтæй кæсагласæй алидзын дæр уæ бон нæ бауыдзæн!

Уыцы ныхæстæм-иу хæфсы лæппынтæ æнæмæтæй худтысты æмæ хъæр кодтой: «Хъуа-а-а, хъуа-а, уыдæттæ ницы сты!»

Фæлæ æртыккаг, æппæты къаддæр, уыд сæрæн, зондджын æмæ тынг цæрдæг. Гыццыл уæвгæйæ, уый басгæрста цъымарайы алы къуым дæр, йæхицæн хæринаджы амал кодта. Зыдта бирæ хъæугæ хъуыддæгтæ æмæ хабæрттæ.

Иухатт, сæхимæ куы ‘рбацæйцыд, уæд сæ хæдзармæ хæстæг ауыдта стыр даргъкъахджын кæсагласы. Хæфсы лæппын тынг фæтарсти йе ‘фсымæртæн. Цалдæр гæппæн бахæццæ сæ дуары цурмæ æмæ сæм ныхъхъæр кодта: «Рæвдздæр, рæвдздæр! Æмбæхсгæут!»

Зивæггæнаг хæфсы лæппынтæ æмбаргæ дæр нæма бакодтой, цы хабар у, уый, фæлæ тагъд амбæхстысты стыр сыфты бын. Æрмæстдæр ныр æрцахста сæ сæр гыццыл зивæгатæн, фыдбылызæй кæй фервæзтысты.

Ууыл рацыд цалдæр сахаты. Лæппынтæн сæ тарст æрцыд, уæдмæ æххормаг дæр систы. Фæлæ уæддæр хæдзармæ здæхын нырма нæ уæндыдысты. Æмæ сын уæд кæстæр лæппын афтæ зæгъы:

– Нæ мад нæ ам тагъд не ссардзæн. Хъуамæ уæхæдæг уæхицæн æрцахсат къогъотæ.

– Æмæ мах къогъотæ ахсын куынæ зонæм, – æфсæрмы кæнгæйæ дзырдтой зивæггæнаг æфсымæртæ.

– Зынæй дзы æппындæр ницы ис! Кæсут-ма, – загъта сын сæ кæстæр æмæ сæ ахуыр кæнын райдыдта.

Фыццаг сын дзы ницы уадис. Лæппынтæ гæпп кодтой иу гыццыл къуыппæй иннæмæ, фæлæ та-иу доны сæ тъæпп фæцыдис. Фæстагмæ гыццылгай фæцахуыр сты. Сæ зæрдæмæ дæр ма фæцыд къогъотæ ахсын.

Цасдæры фæстæ, куы бафсæстысты, уæд сæ кæстæр æфсымæрмæ дзурынц:

– Бузныг! Ды нæ мæлæтæй фервæзын кодтай! Ды дæ æнæхъæн дунейы æппæтæй зондджындæр, æппæтæй ныфсджындæр хæфсы лæппын.

Кæстæр афтæ ныфсæрмы, æмæ йæ цъæх рустæ ныссырх сты. Стæй йæ мидбылты бахудт æмæ хъæлдзæгæй сдзырдта:

– Хъуа-а-а, хъуа-а, уыдæттæ ницы сты!

*Уырыссаг æвзагæй Безаты Фаризæйы тæлмац*



*ХЪАУЫРАТЫ Дауыр*

# БУСКА ÆМÆ ИННÆТÆ

Адзæдзе – арсы йас лæг – æнафоны балцæй здæхти.

Æмæ йæ Хуыцау нарæг къаххидыл Хæйрæгимæ баиу кодта...

– Иуварс! Фæндаг мын ратт! – йæхи йæм фæдзагъул ласта Хæйрæг.

– Æмæ... уагæры чи дæ?..

– Æз – сылгоймаг Хæйрæг...

– Атъæпп уа мын дæ сæр! Дæ фæстæмæ зæвæттимæ...

– А-а, уæдæ афтæ зæгъыс? – йæхимæ йæ цæст æрныкъуылдта Хæйрæг. Стæй феппæрста йæ хæлын кæрц. Мадард бæгънæгæй æргуыбыр кодта æмæ йæ дыууæ армæй хуыппытæ кæны цæугæдонæй. Йæхæдæг Адзæдземæ кæсы йæ сагæхты æхсæнæй æмæ уыны: къуымæлдзæф лæджы зæрдæ йæм бахъазыди... Айтæ-уыйтæ, фыддæр – сæ митæ, æмæ... Æмæ Хæйрæг банхъæлцау и.

– Сылбындар дæ хъæуы æви нæлбындар? – фæрсы йæ Хæйрæг.

– Мæхион – мæхи, – йæ къух ауыгъта Адзæдзе æмæ йæ фæндагыл араст.

– Фæлæуу афтæ! – йæ фæдыл акъахдзæф кодта Хæйрæг. Стæй йæ хъуынтæй ратыдта сатæгсау къæбæлдзыг хил æмæ йæ радта Адзæдземæ.

– Кæд дын бакома сраст кæнын, уæд сылгоймагыл уыдзынæ уæлахиз... На уый нæ, уæд та дыл бонæй уый баддзæни, æхсæв та – ды...

Адзæдзе райста Хæйрæджы хил æмæ дзы хъисын фæндырæй цæгъдгæ хъæумæ æрфардæг. Ахæм æнахуыр зæлтæ дзы хъуысти уыцы хъисæй, æмæ-иу Адзæдземæ куы кæуын æрцыди, куы та – худын.

Рацыд фараст мæйы æнæ фараст боны. Æмæ райгуырд Буска.

– Фараст боны ма куыд нал бахъæцыдтæ? Фæриссын мæ кодтай ахъаззаг... – уайдзæфгæнæгау ын зæгъы Хæйрæг. – Гъеныр афтæ: дæ дзыхы акæн мæ дзидзи! Дзыхæй дыл уæлахиз куыд ничи уа! Æмæ згъоргæ дæ хъуынджынриу фыдмæ!

Фæлæ йæ иунæг хъуыртт йеддæмæ нæ бауагъта: уæд, дам, бын-

тондæр мæ халæмдих рахæсдзынæ. Адæмимæ та гаччы-гуччы...

Буска иу дзидзийы хъуыртт куы акодта, уæд иу адыли сыræзыди. Арв ныннæрыд, æмæ хæйрæджытæ ацы зæххæй æрбадæлдзæх сты. Фæлæ фæзындис сæ бæсты хæйрæг лæгтæ. Уыдонæй уыдис Буска дæр...

Æмæ æрфардæг Буска йæ фыдмæ – Адзæдземæ. Фæсæмбисæхсæв æм рудзынджы фæрссаг бакъуырцц-къуырцц кодта. Арсы хуызæн лæг Адзæдзе йæ хуыссæнуаты рæстытæ кодта хæйрæджы къæбæлдзыг хил. Æмæ фæсус хъæлæсæй дзурæгмæ дзуры:

– Гъей, кæцы дæ? Ацафон лæджы хуызæн лæг йæ усы хъæбысы хъуамæ хуысса...

– Ацафон хæйрæджы хъæбысы чи хуыссыди, æз уыцы лæджы фырт дæн. Дуар мын бакæн!

Адзæдзе хорзау нал уыд:

– Бауадз мæ æххæст! Ацы хил сраст кæнон...

– Ууыл бирæ лæгдæртæ фæцархайдтой. Фæлæ сыл абон дæр бæхбадтæй сæ устытæ бадынц. Дуар мын бакæн!

«Дæ хъуаг ма уыди мæ къона...» – бахъуыр-хъуыр кодта Адзæдзе æмæ йæ хæйрæг фыртæн байтыгъта дуар. Йæхæдæг сагъæсты анығъуылди: «Кæнæ мын амонд æрхæсдзæнис ацы мæлинаг, кæнæ – фыдбылыз...»

Фæлæ фæрæдыд Адзæдзе: Буска йын амонды хос дæр уыди, фыдбылызæй дæр æй цух нæ уагъта.

## ЗЫДГÆНАГ МАРД

Йæ фыд Адзæдзе амард, æмæ Буска йæхимæ æрыхъуыста. Хъауыр йæ размæ æрбацыди. Æмæ йын ныфсытæ æвæры:

– Рухсаг уæд дæ фыд! Фæлæ йыл дæхи æгæр ма хæр!

– Дæлдæр ныххауæд, уастæн! Уый дын – рухсаг... Мардæй дæр ма йын бафсис ницæмæй ис.

– Уæууа, Буска! Уый куыд загътай? Тобæ æрхæсс!

– Æнæхъæн дыууадæс метры цикъæ хъуымац йæ уæлæ афардæг ласта... «Ахæрæты хæдонæн», дам... Цыма дзы мæрдты исты разындаид... Мæнып та мæнæ мидæггаг хæлаф дæр нæй. Æрбакæс-ма! – æмæ йæ хæлаф цæппæртæ суагъта: – Уый дын «тобæ».

Цы йæм дзы разындаид Хъауырмæ, Хуыцау – йæ зонæг, фæлæ йæ худæг нал æмæ нал урæдта.

## КЪУЫЛЫХЫ ÆФСОН

Буска йæ къуылых æфсымæр Аслæмырзæйы абæрæг кодта. Уый йын йæ хъæстытæ кæнынил схæцыд:

– Нал басурынæн дæн, нал – расурынæн. Æмæ мæ цот дæр ме рагъыл сбадтысты...

– Гъей, мæ хъаймæты æфсымæр! Къæхты æфсон æй ма кæн! Уæртæ мæ хæрæгыл цыппар къахы ис, фæлæ бон-изæрмæ сывæллæттæ йе рагъæй нæ хизынц.

## ÆФСЫМÆРЫ ТÆФ

Аслæмырзæ æруатон. Æмæ хаты йæ иунæг æфсымæрмæ:

– Буска, мæ хур! Куы амæлон, уæд мын-иу дæ морæ цухъхъа æрытау мæ ингæны! Æфсымæры тæф æнкъарон Мæрдты бæсты...

Буска бакатай кодта: «Уыцы цухъхъайы хæррæгъ мын зоны... Æмæ мын уый та йемæ мæрдтæм хæссы. Мæхæдæг гомгæрццæй куыд аззайон».

Æмæ зæгъы йе 'фсымæрæн:

– Цæй цухъхъа дæ хъæуы? Кæд мын минæвар нæ цæуыс Мæрдты бæстæм. Мæ къогъодзитæ дын сæвæрдзынæн дæ нывæрзæн. Æмæ дын уый та – æфсымæры тæф.

## СЫЗГЪÆРИН ДÆНДÆГТÆ

Аслæмырзæ йе 'цæг дунемæ цæуынвæнд скодта, æмæ налдæр комдзаг иста йæ дзыхмæ, нал – доны хуыпп... Буска йын æнгузы къалиуæй йæ быңдзытæ суры æмæ зæгъы:

– Дæ сызгъæрин дæндæгтæ мын ныууадз! Цы ма сæ аразыс? Смудгæ дæр æм куы нæуал бакæныс хæринагмæ...

– Мæрдты бæсты мæ куы бахъæуой, мыййаг. Чи йын цы зоны...

– Ма тыхс, ме 'фсымæр! Æз дын айдагъ цымгæтæ хæлар кæндзынæн.

## ФЫДÆЛТЫ ЗАГЪДАУ

Буска уæлбæхæй иу хæдзары дуар бахоста Елхоты.

Уайсадæг чындз æм ракаст.

– Хæдзары хицау ам ис? – фæрсы йæ Буска.

Нæй, зæгъгæ, йæ сæры тылдæй амоны чындз. Уыцы рæстæг Бускайы бæх дæр йæ сæр афтæ батылдта, бындзытæ йæ хордтой æмæ.

– Цæй, уырны мæ, – зæгъы Буска. – Мæнæ йæ мæ хайуан дæр афтæ амоны йæ сæры тылдæй, – æмæ разылд.

Уыцы рæстæг кæртæй райхъуыст хæдзары хицауы хуыфын.

– Дзæгъæлы нæ загъта фыдæл: «Сылгоймаг æмæ бæхыл æууæнк нæй...» – бахъуыр-хъуыр кодта Буска æмæ ехсæй бæхы æрцавта. Чындз мидæмæ дуар йæ сæрыл бахаста...

## ХУРНЫГУЫЛДЫ ФÆСТÆ

Изæрыгон Буска Елхоты уынгты æрцæуы бæхыл. Иу къуыдипп лæппу дуармæ бады, хистæрæн нæ сыстади – йæхи газеты кæсæг скодта.

– Æгъдауы тыххæй дзы ницы фыст ис дæ газеты? – æлхыскъ ныхасæй йæм дзуры Буска.

– Хæрз диссæгтæ! Айчы хуылфæй, дам, уасæг ныууасыд...

– Ау, уый та куыд?

– Хъи-хъыры-хъу, зæгъгæ, гъе афтæ.

– Замманай петушок дæ, фæлæ-иу хурныгуылды фæстæ ма уас! Аргæвддзысты дæ, – бафæдзæхста йын Буска.

## ТÆЛМАЦ

Бускайы мард сынтыл уæлмæрдтæм фæхæссынц. Молло Гауыдте дæр йæ фæстæ цæуы. Пысылмон æгъдаумæ гæсгæ сфæзмы Хъуыраны ныхæстæ æмæ та дыууæ мæллæг къухæй йæ боцъо æрдауы.

Хъæр Мæрдтæм дæр хъуысы, фæлæ йын Буска йæ ныхæстæн ницы ’мбæрста. Æмæ смæсты: «Цæй, мæхимæ йæ адавон ацы боцъойы». Йæхæдæг бахъаст кодта Барастырмæ:

– Æууæнк ыл нæй ацы моллойыл: кæд мæ æлгъитгæ кæны, уæддæр...

– Гъемæ дæ куыд фæнды?

– Мæ фыд Адзæдзе дæр араббаг уыд? Цы мыл дыгъал-дыгъул кæны

араббагау?! Арвит æм уалæ Удхæссæджы æмæ йæ ам æрбалæууын кæна! Ратæлмац мын кæнæд йæ ныхæстæ!..

Барастыр сразы. Æмæ Гауыдте æрбалæууыд Мæрдты бæсты. Абон дæр ма Бускайæн Хъуыран тæлмац кæны...

## ДЫУУÆЙÆ

Æххормаг азты Мæзамæ бакъултæ кодта Буска:

– Дæ мады хатырæй, æфстау мын – иу мæнæуы голлаг! Фæззæджы дын æй дыууæйæ сласдзыстæм... Мæ фыды ингæныстæн!

– Дыууæйæ зæгъыс?

– О-о, дыууæйæ!

– Уый æвзæр нæу, – баради Мæзайы зæрдæ, æмæ йын бур голлаг мæнæуæй байдзаг кодта.

Стæй, хæсæн йæ фидын афон куы ’рцыд, уæд Буска лæгуæрдоны сæвæрдта иу ахæм мæнæуы голлаг æмæ йе ’фсинмæ дзуры:

– Æрчъегон! Уæрдоныл-ма мын фæсте ранцай! – афтæмæй æрбалæууыдысты Мæзайы дуармæ. Мæза сæм мидбылты худгæ рацыд. Фæлæ уæрдоны гуыффæмæ куы ныккаст, уæд йæ зæрдæ бамæгуыр:

– Уæууæй, Буска! Ард куы бахордтай дæ фыды ингæнæй: дыууæйæ дын æй æрбаласдзыстæм, зæгъгæ?

– Æмæ йæ дыууæйæ куы сластам! – худы Буска.

Мæзайæн дæр ма цы гæнæн уыд. Æнæбары бахудт.

## ДЫКЪАХЫГ ФОС

Иуæхсæв Хæчъа æваст йæ хуылфæй схъæрзыдта. Йæ ус Бускамæ фæдисы æрбалæууыди:

– Нæ хæдзардарæг сæфы! Дохтырты йæм æрхæццæ кæн!

Буска ацыд æмæ сæм уайтагъд фосы дохтыры æрбалæууын кодта:

– Ацы хайуаны фервæзын кæн! Хæдмæл кæнын æй ма бауадз!

– Æмæ ай, æнхъæлдæн, хайуан куы нæу... – сгуырысхо фосы дохтыр.

– Ды йæ йæхицæй хуыздæр зоныс? Йæхæдæг фæзæгъы, адæм, дам, иууылдæр фос сты, фос...

## ÆНÆФЕНД ЦÆМÆН СТУТ?

Буска Дзабатæн пец самадта. Уыдон æй хорз федтой карчы фыдæй, стæй дзагармæй æрбаздæхт йæ хæдзармæ.

Райсомы йæм фæфæдис сты:

– Нæ пец фæздæг кæны! Рувасдоны хуызæн сси нæ хæдзар...

– Мыййаг дзы арт скодтат? – фæрсы Буска.

– Скодтам, ай-гъай...

– Æмæ, дам, фæздæг кæны! Уæдæ кæд федтат арт æнæ фæздæгæй?

## НОГ ЧЫНДЗÆН ЛÆВАР

– Гъа-ма, ног чындзæн цы лæвар æрбахастай? – бáййардтой иу чындзæхсæвы Бускайы.

– Мæнæ йын, гъа! – загъта Буска æмæ хъæбæр цым лæдзæг къулæнцой чындзы фарсмæ банцой кодта.

– Æмæ дын уымæй цы кæны?

– Уæдæ йе 'фсины цæмæй нæмдзæн?..

## ТÆФ ЧИ НЕ 'МБАРЫ

Буска йæ галиу цæстæй дæр хорз нал уыдта. Тъепа дзы хъазы:

– Скæс-ма, уæлæ хæдтæхæг куыд фæтæхы...

Буска скаст арвмæ. Уынгæ ницы фæкодта, фæлæ зæгъы:

– Йæ фæтæгены тæф куыд кæлы...

– Æмæ йын æз куы не 'мбарын уыцы тæф.

– Тæф чи не 'мбары, уый суанг куырмæй мæгуырдæр у, – загъта Буска.

*Чиныг «Сырдоны фæдонтæ»-йæ*

# МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► ***3 августы*** Культурон бынтыл нымад арæзтæдтæ хъахъхъæныны æмæ сæ пайда кæныны республикон комитеты сæрдар Гæлуаты Ацæмæз загъта, Нары кæй ахицæн сты Хетæгкаты Къостайы хæдзар-музейы цалцæггæнæн куыстытæ. Уыдон цыдысты Аланийыл саргъуыды 1100 азы кадæн мадзæлтты пъланы фæлгæты.

► ***4 августы*** Дзæуджыхъæуы уазæгуат «Амран»-ы уыд Дзасохты Музаферы чиныг «Кары бæрзæндæй»-ы презентаци. Ног æмбырдгондмæ хаст æрцыдысты куыд Дзасохы-фыртæн йæхи литературон-критикон уацтæ, афтæ йæ цард æмæ сфæлдыстады тыххæй фыст æрмæджытæ дæр. Презентацийы архайдтой нæ республикæйы хицауады æмæ интеллигенцийы минæвæрттæ, фыссæджы хæлæрттæ, ирон аив дзырдæн иннæ аргъгæнджытæ. Автор арфæйы ныхас загъта, чиныг рауадзынæн чи баххуыс кодта, уыцы амал- хъом-меценат Мæрзойты Тамерланæн.

► ***15 августы*** Кинойы хæдзары уыд зындгонд кинооператор Михаил Немысскийы номарæн изæр. Уый систа 60 кинонывæй фылдæр, се ‘хсæн – «Пишите письма», «По следам Карабаира», «Кольцо старого шейха»... Йæ сфæлдыстадон фæндаджы тыххæй радзырдта Уæрæсейы кинематографистты цæдисы Цæгат Ирыстоны хайады сæрдар Цориты Солтан. Изæры архайджытæ бакастысты режиссер Тезиаты Мæдинæйы документалон кинонbackground «Лескен. Азбука в картинках»-мæ. Михаил Немысский йæ систа Цæгат Кавказы кинохроникæйы студийы.

► ***26 августы*** РЦИ-Аланийы Нывгæнджыты цæдисы байгом равдыст «Махарбек Туганов и Борис Галаев: содружество гениев». Арæзт у Галайыфырты оперæ «Нарты Батрадз» ныффыссыны 80 азы сæххæсты боны кадæн æмæ фæахъаз уыдзæн нывгæнæг æмæ композиторы сфæлдыстад парахат кæныны хъуыддагæн.

► ***26 – 27 августы*** Цæгат Ирыстоны цыдысты «Литературон газет»-ы бонтæ. Уæрæсейы рагондæр культурологон рауагъды редакцийы коллективы бафæндыд ахæм хуызы нæ республикæимæ бастдзинæдтæ фæфидардæр кæнын, ног автортæ ссарын. Газеты сæрмагонд проектты дзуапдæттæг кусæг, поэт Александр Чистяков æмæ йæ иудадзыгон автор Гаглойты Эльберд бацархайдтой цæлхæмбырдтæ «Гипертекст и многоязычная лира Кавказа» æмæ «Люди книги – уникальный опыт межконфессионального общения народов Северного Кавказа»-йы, сарæзтой æрыгон поэтты æппæтуæрæсеон гом фестиваль «Мцыри»-йы регионалон æвзарæн хайы ерыстæ (хуыздæртыл нымад æрцыдысты æмæ æппæтуæрæсеон кæронбæттæны бацархайдзысты Ходы Аминæт æмæ Гаджиты Хасан). Мæскуыйаг уазджытæ ма фехъусын кодтой, редакци Уырыссаг литературон æхсæнадимæ иумæ кæй расидт «Литературон газет»-ы зындгонддæр сæйраг редактор Александр Чаковскийы номыл преми «Гипертекст». Хорзæхджынгонд дзы цæудзысты мадæлон æвзагыл фыссæг поэттæ æмæ, сæ уацмыстæ сын уырыссаг æвзагмæ арæхстджындæрæй чи раива, уыцы тæлмацгæнджытæ.

*Переводчик* А. В. ЗОЛОЕВ
*Корректор* А. К. КАРГАЕВА
*Дизайн, верстка* А. А. ГАБИСОВ

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи
нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания
362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

Адрес редакции и издательства: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11, 2-й этаж.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; адрес сайта: http://www.mahdug.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.

Подписано в печать 5.09.2022. Формат 60x90 1/16. Бум. офсет. №80 г./м².
Вклейка 1 печ. л. мелованная. Гарнитура шрифта Times New Iron.
Печать офсетная. Усл. печ. л. 9. Учетно-изд. л. 14,88. Тираж 1000 экз.
Заказ №566. Цена свободная. Выход из печати 14 сентября 2022 г.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.






Индекс 73247
12+

9
2022